WO`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI MA`MLEKETLIK BAYLANIS, INFORMATIZATSIYALASTIRIW HA`M TELEKOMMUNIKATSIYALIQ TEXNOLOGIYALARI KOMITETI

TASHKENT INFORMATSIYALIQ TEXNOLOGIYALARI UNIVERSITETI NO'KIS FILIALI

KOMPYUTER INJINIRINGI FAKULTETI

# EKONOMIKALIQ TEORIYA

***Pa`ninen***

***(Tekst lektsiyaları)***



***Du`ziwshi:A.Zakimov***

# Kirisiw

O`zbekstan Respublikası Prezidenti I.A.Karimov ta`repinen islep shıg`ılg`an o`zinin` g`a`rezsiz rawajlanıw jolına tiykarlang`an halda bazar ekonomikasına tolıq isenim menen o`tip barmaqta. Prezidentimiz atap ko`rsetkenindey, "Bizin` tiykarg`ı uzaq mu`ddetli ha`m strategiyalıq wazıypamız burıng`ısınsha qaladı – bul demokratiyalıq ma`mleket, puxaralıq ja`miyetti qurıw protsessleri ha`m bazar reformaların ja`ne de teren`lestiriw, adamlardın` sanasında demokratiyalıq qa`diriyatlardı bekkemlew jolı-nan tuwrı, izbe-iz ha`m printsipial barıwdan ibarat"[1]. G`a`rezsizliktin` o`tken 19 jıllıq da`wiri dawamında milliy xojalıg`ımız ekonomikalıq jaqtan bekkemlenip, krizis jag`dayınan shıg`arıldı ha`m onın` ko`plegen tarawlarında turaqlı o`siwge erisildi. Biz bunı ma`mleketimizdin` 2009-jıldag`ı sotsial-ekonomikalıq rawajlanıw na`tiyjeleri-nen ko`riwimiz mu`mkin. Atap aytqanda, reformalar da`wirinde birinshi ret ulıwma ishki o`nimi 7,7 payızg`a (1991-jılg`a salıstırg`anda 19,8 payızg`a) o`sti, inflyatsiya da`rejesi 3,7 payızdı quradı. En` a`hmiyetlisi usı da`wir ishinde milliy g`a`rezsizlik ideyası ha`m ideologiyası qa`liplesip, xalqımız sanasına sin`ip barmaqta.

Bunday jan`alanıw protsessinde turmısımızg`a biz ushın burın onshelli tanıs bolmag`an nızam-qag`ıydalar, tu`sinikler, xojalıq ju`rgiziw mexanizmleri, usılları, printsipleri kirip kelmekte. Menshik iyeleri, isbilermenler, aktsionerler, bankir-ler, birja iyeleri, menedjerler, brokerler ha`m basqa bazar ekonomikasının` jan`a sub`ektleri,sotsiallıq topar ha`m qatlamları qa`liplespekte. Usılardı esapqa alg`an halda ja`miyetimizde ekonomikalıq pa`nlerdi u`yreniwge umtılıw ku`sheymekte. Sebebi erkin bazar ekonomikasına o`tiwge baylanıslı isbilermenlik qatnasıqları rawajlana basladı. Isbilermen bolıp pul tabıw ushın istin` ko`zin biliw, ekonomikalıq xızmetti durıs sho`lkemlestiriw ha`m onın` nızam-qag`ıydaların biliwdi talap etedi. Bunın` ushın ha`r bir adam jeterli da`rejede ekonomikalıq bilimge iye bolıwı za`ru`r. Ekonomikalıq tu`siniklerdi, onın` nızam-qag`ıydaların, xojalıqtı na`tiyjeli ju`rgiziw sırların, o`nimli miynet etiwdin` jolların ha`m usılların ekonomikalıq teoriya pa`ni u`yretedi. Pa`nnin` tiykarg`ı ha`m baslı maqseti student jaslardı ekonomikalıq pikirlewge u`yre-tiw,nızam-qag`ıydalar menen xojalıqtı n`atiyjeli ju`rgiziwge ha`m miynetti qa`dirlewge shaqırıw, sonday-aq insang`a ekonomikalıq ta`rbiya beriwden ibarat.

Bul lektsiyalar teksti universitettin` ekonomikalıq emes qa`nigeliklerinin` studentlerine arnalg`an bolıp,ol o`z ishine 17 temanı birlestiredi. Ha`r bir tema a`piwayı tilde, mısallar, tablitsalar, tiykarg`ı tayanısh so`zler tiykarında tu`sindiriw ha`reket qılındı.

## I - BO`LIM. Ekonomikanın` ulıwmalıq tiykarları

Bul bo`limde adamzat ja`miyetinin` rawajlanıwının` tiykarı bolg`an ekonomika tu`sinigi, onın` aldında turg`an wazıypaları, ekonomikalıq bilimlerdin` qa`liplesiwi ha`m rawajlanıw basqıshları, ekonomikalıq teoriya pa`ninin` predmeti, ekonomikalıq protsesslerdi ilimiy biliwdin` tiykarg`ı metodları, ekonomikalıq teoriyanın` ilim sıpatında atqaratug`ın wazıypaları, ekonomikalıq kategoriyalar ha`m nızamlar, sotsial-ekonomikalıq mu`ta`jlikler, olardın` du`zilisi, mu`ta`jliklerdin` o`sip barıw nızamı, ekonomikalıq xızmet,onın` differentsiatsiyası ha`m integratsiyası, o`ndiris protsessinin` ekonomikalıq mazmunı ha`m onın` tiykarg`ı faktorları, ja`miyetlik xojalıqtı ju`rgiziw formaları: natural ha`m tovar o`ndirisi,olardın` xarakterli belgileri, tovar ha`m onın` qa`siyetleri, puldın` payda bolıwı, ma`nisi ha`m wazıypaları, ekonomikalıq o`siw tu`sinigi, onın` faktorları ha`m tu`rleri, ekonomikadag`ı tsikllı o`zgerisler ha`m olardın` sebepleri, milliy baylıq ha`m ekonomikalıq potentsial tu`sinikleri, menshik qatnasıqlarının` mazmunı, menshik formaları ha`m tu`rleri, menshik formaların o`zgeritiw jolları ha`m usılları, sonday-aq bul protsesstin` O`zbekstandag`ı o`zgesheliklerine ayrıqsha itibar qaratıladı

### 1– tema. Ekonomikalıq teoriyanın' predmeti ha'm metodı

1. Ekonomikalıq bilimlerdin' payda bolıwı ha'm rawajlanıw basqıshları
2. Ekonomikalıq teoriya pa'ninin' predmeti ha'm wazıypaları
3. Ekonomikalıq protsesslerdi u'yreniw metodları

Ekonomikalıq teoriya pa`nin,onın` nızamqag`ıydaların biliw ushın, da`slep, ekonomikanın` o`zi ne,onın` wazıypaları nelerden ibarat, ol ilim sıpatında qashan payda bolg`an ha`m qanday rawajlanıw basqıshlarına iye degen sorawlarg`a juwap beriwimiz tiyis.

Ataqlı ilimpazAbdulla Avloniydin` jazıwınsha: "Ekonomika dep, pul ha`m tovar sıyaqlı o`nimlerdin` qa`dirin biliwge aytıladı. Tovar qa`dirin biliwshi adamlar orınsız jerge bir tiyin jumsamaydı, ornı kelgende puldı ayamaydı" ...

Ekonomika so`zi ilimge a`iyemgi grek filosofı Aristotel ta`repinen kirgizilip ("oikos" – u`y,xojalıq; "homos" – u`yreniw,nızam), sol da`wirde u`y xojalıg`ın ju`rgiziw sheberligidegen ma`nistim an`latqan.

Bu`gingi ku`ni ekonomika degende, sheklengen ekonomikalıq resurslardan u`nemli paydalanıp, adamlardın` tirishilik etiwi, rawajlanıwı ushın za`ru`r bolg`an turmıslıq o`nimlerdi (qurallardı) islep shıg`arıw ha`m olardı tutınıwshılarg`a jetkerip beriwge qaratılg`an, bir-biri menen baylanıslı ha`reket etetug`ın tu`rlishe xızmetlerdi bir pu`t in etip birlestiriwshi sistema tu`siniledi.

Ekonomikalıq turmıstın` sırların biliw sol joldag`ı xızmettin` tiykarg`ı bag`dar-ların anıqlawg`a umtılıw erte zamanlarda qaliplesip, bul umtılıw ekonomikalıq xızmetti ta`rtipke salıw, onı adamlarg`a kerekli bolg`an ta`repke bag`darlawg`a unamlı ta`sir etiw za`ru`rliginen kelip shıqqan.

Ekonomikag`a ta`n bolg`an da`slepki bilimler,ko`z-qaraslar a`iyemgi du`n yanın` belgili alımları Ksenofont, Platon, Aristotel miynetlerinde,sonday-aq, a`iyemgi Egipet, Rim, Qıtay, Hindistan ha`m Orta Aziya alımlarının` miynetlerinde ko`rip shıg`ılg`an.

Ekonomikalıq teoriya o`z aldına pa`n sıpatında ko`plegen ma`mleketlerde milliy bazardın` qa`liplesken ha`m jer ju`zlik bazardın` ju`zege kelip atırg`an da`wirlerinde "siyasiy ekonomiya" atı menen qa`liplese basladı.

1575-1621-jıllarda jasag`an frantsuz ekonomisti Antuan Monkret en birinshi ret 1615-jılda "Siyasiy ekonomiya traktatı" atlı kishi ilimiy miynet jazıp, bul pa`ndi ma`mleket ko`leminde ekonomikanı basqarıwpa`ni sıpatında tiykarlap berdi.

Ekonomikalıq teoriya pa`ninin` qa`liplesiw protsessinde bir qansha ideyalıq ag`ımlar, mektepler ju`zege kelgen.Olar ja`miyet baylıg`ının` deregi ne,ol qay jerde ha`m qalayınsha ko`beyedi, degen sorawlarg`a juwap tabıwg`a urıng`an. Bul ag`ımlar,mektepler haqqındag`ı mag`lıwmattı to`mendegi tablitsada ko`riwimizge boladı.

*Ekonomikalıq teoriyanın` pa`n sıpatında qa`liplesiwi*

| Ideyalıq ag`ımlar, mektepler atı | Tiykarın salıwshılar (ta`repdarları) | Ideyaları (ko`z-qarasları) |
|---|---|---|
| **"Merkantilizm"** (ital.merkante-sawdager) | T.Men (1571-1641), A.Monkret en (1575-1621), G.Skaruffi (1519-1584), D.Yum (1711-1776) | Ja`miyetlik baylıqtın` deregi sawda-da, tiykarınan sırtqı sawdada – aylanıs protsessinde payda boladı, ko`beyedi,sawdada ba`nt bolg`an miynet o`nimli miynet, basqa tarawdag`ı miynetlerdi o`nimsiz dep tu`sindiredi. |
| **"Fiziokratlar"** (grek. phisis – ta`biyat; kratos–ku`sh,u`stemlik ) | F. Kene (1694-1774), A. Tyurgo (1727-1781) | Baylıq awıl xojalıg`ında do`retiledi ha`m ko`beyedi, degen ideyanı alg`a su`rgen |
| **Klassik siyasiy ekonomiya** | A. Smit (1723-1790), D. Rikardo (1772-1823), U. Petti (1623-1686) | Baylıq tek awıl xojalıg`ında emes, sanaat, transport,qurılıs ha`m basqa xızmet ko`rsetiw tarawlarında da do`retiletug`ınlıg`ın da`liyillep ber-gen ha`m ha`r qanday baylıqtın` anası – jer,atası – miynet, degen qatan` ilimiy juwmaqqa kelgen. Olardın` u`l-ken jetiskenligi miynet qunı teoriyasının` tiykarın salıwı bolıp tabıladı. |
| **"Marjinalizm"** (fran. marginal–aqırg`ı,qosılg`an) | K. Menger (1840-1920), F. Vizer (1851-1926), Bem-Baverk (1851-1914) | Olar ta`repinen qosılg`an tovar payda-lıg`ının`, qosılg`an miynet yaki resurs o`nimdarlıg`ının` pa`seyip barıw nıza-mı degen ideyalar islep shıg`ılg`an. |
| Ha`zirgi zaman ekono-mikalıq teoriyası-nın` tiykarg`ı bag`dar-ları: **<u>a) neoklassik</u>** (grek. neos - jan`a) | A.Marshall (1842-1924), L. Val ras (1834-1910) | Ekonomikalıq protsesslerdin` funk-tsional baylanısı ha`m funktsional salıstırmaların islep shıg`ıwg`a ha`reket etken, bazar ten`salmaqlıg`ın ha`m bahasın anıqlawshı faktorlar talap ha`m usınıstan ibarat dep qarag`an. |
| **b) monetarizm** | M.Fridmen (1912- ) | Ekonomikanı turaqlastırıwda pul faktorı tiykarg`ı rol atqaradı, degen ideyanı alg`a su`rgen |
| **v) keynslik bag`dar** **h.t.b** | Dj. Keyns (1886-1946) | Makroekonomikalıq ko`rsetkishler: milliy da`ramat kapital qa`rejetler, tutınıw ha`m toplawdın` o`z-ara bayla-nısın analizlep, investitsiya ha`m tu-tınıwdın` maqsetke muwapıq ta`rizde sho`lkemlesiwi ekonomikalıq rawajla-nıwdın` a`hmiyetli faktorı dep ko`rsetken |

## <u>Ekonomikalıq teoriya pa`ninin` predmeti</u>

Ekonomikalıq teoriya ja`miyetlik pa`n. Onın` predmetine tu`rlishe anıqlamalar berilgen.

<u>Aristolel</u> – bul pa`ndi u`y xojalıg`ın basqarıw nızamları haqqındag`ı pa`n dep ko`rsetken.

<u>Merkantilistler,fiziokratlar,klassik siyasiy ekonomiya mektebinin` wa`killer – ekonomikalıq teoriya (siyasiy ekonomiya) baylıq haqqındag`ı,onın` derekleri ha`m olardı ko`beytiw jolların u`yreniwshi pa`n dep qarag`an.</u>

Ekonomikalıq teoriya "siyasiy ekonomiya" degen at penen u`yrenilip kelingen bir qansha jıllar dawamında ol "materiallıq baylıqlardı o`ndiriw, bo`listiriw, almasıw ha`m tutınıwdı basqarıwshı nızamlar haqqındag`ı ilim" degen anıqlamag`a tiykarlanıp kelindi.

Ekonomikalıq teoriyanı o`ndiris qatnasıqların u`yrenetug`ın ilim dep alıp qaraytug`ın ko`z-qaraslar XX a`sirde jasag`an ko`pshilik ekonomistler ta`repinen maqullanıp kelindi.

Ha`zirgi da`wirde de ha`r qıylı a`debiyatlarda ekonomikalıq teoriya pa`ninin` predmeti boyınsha tu`rlishe anıqlamalardı ushıratıwg`a boladı. Keyingi da`wirdegi ekonomistler bul pa`nnin` u`yreniw predmetin resurslardın` sheklengenligi menen baylanıstıradı.

Makkonell K.R., Bryu S.L. avtorlıg`ındag`ı "Ekonomiks" kitabında bul pa`nnin` predmeti adamlardın` materiallıq talapların tolıg`ıraq qanaatlandırıw maqsetinde sheklengen resurslardan na`tiyjeli paydalanıw jolların u`yreniw bolıp esaplanadı dep ko`rsetedi.

Bul anıqlama ekonomikalıq teoriya "ekonomiks" degen at penen ju`rgiziliwshi sabaqlıqlarda keltiriledi.

"Ekonomiks" ekonomikalıq teoriya kursına salıstırg`anda bir qansha ken`irek bolıp, ol Kembridj universitetinde A.Marshalldın` usınısı boyınsha engizilgen edi.

A.F.Shishkin avtorlıg`ındag`ı ekonomikalıq teoriya sabaqlıg`ında bul pa`n o`ndiris qatnasıqların uyretedi degen anıqlama basshılıqqa alınadı.

Ekonomikalıq teoriya pa`ninin` predmeti boyınsha O`zbekstan ekonomistleri de o`zlerinin` bir qansha bahalı pikirlerin bildiredi.

Akademik S.S.G`ulomov, akademik G.P.Juravleva ha`m basqa da bir qatar avtorlar ta`repinen jazılg`an "Ekonomikalıq teoriya" sabaqlıg`ında ha`m Sh.Shodmonov., T.Juraevlardın` ekonomikalıq teoriya kursı boyınsha lektsiyalar teksti sıpatında jazılg`an kitabında da ekonomikalıq teoriya predmetine bir ta`repleme anıqlama beriwge jol qoymaw za`ru`rligi haqqında aytıladı.

Joqarıda keltirilgen anıqlamalar ekonomikalıq teoriyanın` predmetin adamzat ja`miyetinin` ha`r qıylı aspektlerin esapqa alıw tiykarında berilgen anıqlamalar bolıp tabıladı. Ayırımları sheklengen resurslardan o`nimli paydalanıwg`a tiykarg`ı itibardı qaratqan bolsa, ekinshi bir toparı o`ndiris qatnasıqlarına ayrıqsha dıqqat awdaradı.

Usılardı esapqa ala otırıp bizin` pikirlerimizshe ekonomikalıq teoriya predmeti boyınsha ko`birek maqullang`an anıqlama sıpatında to`mendegishe aytıw mu`mkin.

<u>Ekonomikalıq teoriya pa`ninin` predmeti</u> - sheklengen resurslar jag`dayında, sheksiz talaplardı qanaatlandırıw maqsetinde, materiallıq baylıqlardı o`ndiriw, bo`listiriw, almasıw ha`m tutınıw protsessinde ju`zege keletug`ın o`ndiris qatnasıqların, bazar ekonomikası jag`dayında xojalıqtı na`tiyjeli ju`rgiziw jolların u`yreniwden ibarat.

Ekonomikalıq teoriya o`zinin` predmetin u`yreniw arqalı ja`miyet rawajlanıwının` ekonomikalıq nızamların da ashıp beredi.

<u>Ekonomikalıq nızamlar</u> - bul ekonomikalıq ha`diyseler ha`m qubılıslardag`ı u`zliksiz qaytalanıp turatug`ın o`z-ara baylanıslar ha`m sebep aqıbetlerdin` ulıwmalıq ta`replerin sa`wlelendirip ko`rsetetug`ın tu`sinik bolıp tabıladı.

Ekonomikalıq teoriyada ja`miyet rawajlanıwının` ekonomikalıq nızamları ulıwmalıq, arnawlı ha`m ayrıqsha tu`rlerge ajıratılıp u`yreniledi.

Ekonomikalıq teoriya pa`ninin` predmeti onın` atqaratug`ın xızmetleri arqalı tolıg`ıraq sa`wlelenedi. Onın` tiykarg`ı xızmetleri retinde to`mendegilerdi aytıwg`a boladı.

1. <u>Biliw xızmeti</u>. Ekonomikanın` sırların biliw ha`m olardı xalıqqa jetkeriw arqalı, olardın` ekonomikalıq bilimlerin arttıradı. Adamlarda jan`asha ekonomikalıq pikirlewdi qa`liplestiriwge, olardın` du`n ya qarasın o`zgertiwge xızmet qıladı.

2. <u>Metodologiyalıq xızmet</u>.

Ekonomikalıq teoriya basqa bir qatar ekonomikalıq pa`nler ushın metodologiyalıq tiykar bolıp xızmet etedi.

3. <u>A`meliy usınıslar beriw xızmeti</u>.

Ekonomikalıq teoriyanın` bul xızmetinin` ma`nisi jeke adamnın`, ja`ma`a`ttin`, ja`miyettin` ma`pine juwap beretug`ın menshiktin` ha`m xojalıq ju`rgiziwdin` progressiv formalarının` za`ru`rligin ha`m olardı jetilistiriw jolların ha`r ta`repleme tiykarlawdan, xojalıqtı basqarıwdın` na`tiyjeli formaların anıqlawdan ibarat.

4. Boljaw xızmeti. Ha`zirgi waqıtta bul xızmeti ayrıqsha a`hmiyetke iye bolıp, ol ilimiy boljawlardı islep shıg`ıw, ja`miyettin` keleshektegi rawajlanıw bag`darların anıqlap beriw arqalı a`melge asırıladı.

Ekonomikalıq protsesslerdi u`yreniw metodları

Ha`r qanday ilim o`zine tiyisli bolg`an ob`ektlerdi belgili metodlar ja`rdeminde izertleydi ha`m u`yrenedi. Sol sıyaqlı ekonomikalıq teoriyada da ekonomikalıq qubılıslardı izertlewde bir qatar metodlardan paydalanadı. En` ko`p qollanılatug`ın metodlardan biri ilimiy abstraktsiya metodı bolıp, bunda u`yrenilip atırg`an ha`diyselerge sezilerli ta`sir ko`rsetpeytug`ın ekinshi da`rejeli elementler abstraktsiyalanadı, yag`nıy esaplawlardı qıyınlastırmaw maqsetinde bul elementler itibardan shette qaldırıladı. Ilimiy abstraktsiya jolı menen izertlengende ha`diyselerdi konkretlilikten abstraktlılıqqa qaray u`yreniledi.

Bul metod qubılıslardın` ko`zge ko`rinbeytug`ın ta`replerin, onın` tu`p mazmunın ashıp beriwge ja`rdem beredi.

Analiz ha`m sintez metodı.

Ekonomikalıq qubılıslar en` da`slep ayırım bo`leklerge ajıratılıp analizlendi. Son`ınan bir-birine jaqın bolg`an elementler o`z-ara birlestirilip sintezlenedi, ayırım bo`leklerdi izertlew na`tiyjesinde alıng`an na`tiyjeler ulıwmalastırılıp, belgili bir juwmaq shıg`arıladı.

Induktsiya ha`m deduktsiya metodı.

Barlıq pa`nler empirik, yag`nıy faktlerge tiykarlanadı. Faktlersiz teoriya bos boladı, teoriyasız faktler bolsa ma`nissiz. Usıg`an baylanıslı ekonomikalıq teoriyada induktiv ha`m deduktiv metodlar paydalanıladı. Induktiv metod ja`rdeminde faktler bir jerge toplanıp, sistemag`a keltirilip, olar ulıwmalastırıladı ha`m olardan teoriyalıq juwmaq shıg`arıladı.

Deduktiv usılda bolsa keltirip shıg`arılg`an juwmaqlar qaytadan faktler tiykarında tekseriledi.

Tariyx ha`m logikanın` birligi metodı.

Bul metod izertlewlerdi tariyxıy rawajlanıw ko`z-qarasınan alıp barıw za`ru`rligin talap qıladı. Sebebi ha`r qanday qubılıs sıyaqlı ekonomikalıq ha`diyselerde o`zinin` kelip shıg`ıw tariyxına iye. Sonın` menen birge olardı u`yreniw logikalıq izbe-izlikte alıp barılıwı tiyis.

Ekonomikalıq qubılıslardı mug`dar ha`m sapa jag`ınan u`yreniwde matematikalıq, statistikalıq ha`m grafikalıq metodlardan da ken` qollanıladı. Sebebi milliy ekonomikanın` rawajlanıw jag`dayın, onın` makroekonomikalıq ko`rsetkishlerin anıqlaw matematikalıq, statistikalıq esaplawlarsız bolıwı mu`mkin emes.

A`sirese bunda ekonomikalıq-matematikalıq modellestiriw metodınan, grafikalıq metodlardan paydalınıw ayrıqsha a`hmiyetke iye.

**Tiykarg`ı tayanısh so`zler**

1. Ekonomikalıq teoriyanın` predmeti - sheklengen resurslar jag`dayında sheksiz talaplardı qanaatlandırıw maqsetinde, materiallıq baylıqlardı o`ndiriw, bo`listiriw, almasıw ha`m tutınıw protsessinde ju`zege keletug`ın o`ndiris qatnasıqların, bazar qatnasıqları jag`dayında xojalıqtı na`tiyjeli ju`rgiziw jolların u`yreniwden ibarat.

2. Ekonomikallıq nızam - bul ekonomikalıq ha`diyseler ha`m qubılıslardag`ı u`zliksiz qaytalanıp turatug`ın o`z-ara baylanıslar ha`m sebep-aqıbetlerdin` ulıwmalıq ta`replerin sa`wlelendiriwshi tu`sinik.

3. Metod - ekonomikalıq protsesslerdi ilimiy biliwdin` printsipleri, usılları ha`m jollarının` belgili sisteması.

4. Ilimiy abstraktsiya - u`yrenilip atırg`an ha`diyselerge sezilerli ta`sir ko`rsetpeytug`ın elementlerdi abstraktsiyalaw jolı men
en ha`diysenin` ma`nisin ashıp beriw.

5. Induktsiya - faktlerdi u`yreniw tiykarında teoriyalıq juwmaqlar shıg`arıwg`a tiykarlang`an metod.

6. Deduktsiya - keltirilgen gipotezalardı faktler tiykarında tekserip ko`riwge tiykarlang`an metod.

**Ta`kirarlaw ushın sorawlar**

1. Ekonomikalıq bilimler qaysı da`wirlerden baslap payda bolg`an?
2. Ekonomikalıq bilimlerdin` rawajlanıwındag`ı qanday basqıshlardı bilesiz?
3. Ekonomikalıq teoriyanın` predmeti ne?
1. Ekonomikalıq teoriya qanday xızmetlerdi atqaradı?
2. Ekonomikalıq protsesslerdi u`yreniwde qollanılatug`ın tiykarg`ı metodlardı sanap o`tin`?

## 2– tema. O'ndiris ha'm onın' tu'rleri

1. O'diris protsessi ha'm onın' tiyкarg'ı faкtorları
2. Natural ha'm tovar o'ndirisi, olardın' o'zgesheliкleri
3. Tovar ha'm onın' qa'seyitleri

Ja`miyettin` du`zilisi qanday bolıwına qaramastan onın` ag`zaları o`z mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwı sha`rt. Sebebi tirishilik etiw mu`ta`jliklerdin` qanaatlandırılıwın bildiredi. Olay bolsa mu`ta`jlik degenimiz neW

Mu`ta`jlik - bul adamlardın` tirishilik etiwi ushın qanday tovarlarg`a ha`m xızmetlerge bolg`an za`ru`rliginin` jıyındısı.

Turmısta mu`ta`jlikler og`ada ko`p, olar ekonomikalıq, sotsial, ma`deniy, siyasiy, fiziologiyalıq ha`m tag`ı basqalardan ibarat. Bulardın` ishinde sotsial - ekonomikalıq mu`ta`jlikler u`lken a`hmiyetke iye. Sebebi olardı qanaatlandırıw adam ushın birinshi za`ru`rlik ha`m ol o`ndiristin` rawajlanıwın ta`miynleydi. Adamlar ma`deniyat, sanaat, siyasat ha`m basqada ja`miyetlik xızmetler menen shug`ıllanıwdan aldın olardın` birinshi da`rejeli mu`ta`jlikleri awqatlanıw, kiyiniw, baspanag`a (turaq jayg`a) iye bolıw, miynet etiw mu`ta`jlikleri ju`zege keliwi za`ru`r.

Sotsial - ekonomikalıq mu`ta`jlik - adamlardın` jasawı, miynet etiwi ha`m belgili ekonomikalıq jag`daylarg`a iye bolıwı ushın tutınıwı za`ru`r bolg`an o`nimler ha`m xızmetlerdin` jıyındısı bolıp esaplanadı. Bul tek g`ana tirishilik mu`ta`jligi emes, al insannın` insan sıpatında rawajlanıwı ushın za`ru`r. Bul mu`ta`jlik o`ndirislik xızmetlerdi talap etedi.

Mu`ta`jlik en` da`slep jeke ta`rtipte boladı. Sebepli ha`r adamnın` qa`siyetine qaray mu`ta`jlik o`zgeshelenedi. Mu`ta`jlik adamnın` jasına, jınısına, miynetine (ka`sibine), diydine ha`m a`detine baylanıslı boladı.

Mu`ta`jlik gruppalıq ta`rtiptede bolıwı mu`mkin. Ayırım mu`ta`jlikler jeke bolsada bir neshe adamnın` mu`ta`jligin qanaatlandıradı. Bunday jag`dayda gruppalıq mu`ta`jlik payda boladı. Bul ma`lim toparg`a birlesken adamlardın` ulıwmalıq mu`ta`jligi. Bug`an mısalı, sem ya ag`zalarınının` mu`ta`jligi. Bul jerde ha`r bir sem ya ag`zasının` jeke mu`ta`jligi sem yanın` ulıwma mu`ta`jligi menen birlesedi.

Barlıq tu`rdegi jeke ha`m gruppalıq mu`ta`jliklerdin` jıyındısı ulıwma ja`miyetlik mu`ta`jlikti keltirip shıg`aradı. Bul ja`miyettin` jasawı ushın za`ru`r. Mısalı, ta`biyiy resurslardı qorg`aw, ja`miyetti basqarıp turıw menen baylanıslı mu`ta`jlikler.

Ja`miyettegi mu`ta`jlikler qaysı tu`rde bolıwına qaramastan;

1. Ja`miyettin` ekonomikalıq rawajlanıwı da`rejesi;
2. Ja`miyettin` sotsial - ekonomikalıq du`zilisi;
3. Turmıs keshiriwdin` ta`biyiy - geografiyalıq jag`dayı;
4. Tariyxıy - milliy da`stu`rler ha`m u`rip - a`detler menen baylanısıp ketdi.

Egerde ma`mleket ekonomikalıq jaqtan to`men rawajlang`an bolsa, mu`ta`jliklerdin` shen`beri tar boladı, al ekonomika joqarı bolsa mu`ta`jlikler ha`r qıylı boladı.

Mu`ta`jliklerdin` en` a`hmiyetli qa`siyeti onın` sub`ektivligi yag`nıy ha`r bir adamg`a o`zgesheligi esaplanadı. Mu`ta`jliklerdin` ha`r tu`rliligine baylanıslı bir adamnın` mu`ta`jligi basqasınıkine usamaydı, biraqta mu`ta`jlikte bir qatar belgiler bar. Sol belgilerge qaray olardı toparlarg`a bo`liw mu`mkin. Bunday bo`liwge mu`ta`jliktin` xarakteri, onın` nege qaratılg`anlıg`ı tiykar etip alınadı. Usı belgileri boyınsha mu`ta`jlikler u`shke bo`linedi.

1. Materiallıq mu`ta`jlik.
2. Sotsial - ma`deniy mu`ta`jlik.
3. Miynet mu`ta`jligi.

Materiallıq mu`ta`jlikler tirishilik etiwdin` birinshi sha`rti. Bunday mu`ta`jliklerge: awqatlanıw, kiyiniw, baspanag`a yie bolıw sıyaqlı mu`ta`jlikler kiredi.

Sotsial - ma`deniy mu`ta`jlikler xızmetler ko`rinisine iye bolıp, olar bilim alıw, den sawlıqtı bekkemlew, ma`deniy da`rejeni joqarılatıw, ka`sipke iye bolıw sıyaqlı za`ru`rliklerden turadı.

Miynet mu`ta`jligi adamnın` miynet etiw qa`biletinen kelip shıg`adı.

Mu`ta`jliklerdin` bul u`sh toparı o`z-ara birlikte sotsial-ekonomikalıq mu`ta`jliklerdi an`latadı.

Mu`ta`jliklerdin` sheksizligi. Mu`ta`jliklerdin` o`sip barıw nızamı

Ja`miyet rawajlang`an sayın mu`ta`jlikler u`zliksiz tu`rde o`zgerip, rawajlanıp baradı. Sebebi mu`ta`jlikler sheksiz, olar toqtawsız jan`alanıp baradı. Bul protsess ulıwma ekonomikalıq nızamlılıq, ol ja`miyettin` ishki du`zilisinin` qanday bolıwına qaramastan rawajlanıwdın` barlıq basqıshlarında ha`reket etedi. Bul nızamg`a muwapıq ja`miyet ag`zalarının` mu`ta`jligi u`zliksiz o`sip baradı, yag`nıy mu`ta`jlikler mug`darı boyınsha o`sip, du`zilisi boyınsha jan`alanıp turadı, eski mu`ta`jlikler orınına jan`ası keledi.

Mu`ta`jlikler tutınıwdın` ja`rdeminde ju`zege keledi. Sebebi tutınıw waqtında tovar ha`m xızmetlerdin` paydalılıg`ı sınawdan o`tedi. Bunnan son` jan`a mu`ta`jlikler payda boladı. Olardı qanaatlandırıw ushın o`ndiris a`melge asırıladı. O`ndiris penen mu`ta`jlik bir-biri menen tıg`ız baylanısta rawajlanıp baradı.

O`ndiriste jan`a o`nimler ha`m xızmetler do`retiliwi menen olarg`a mu`ta`jlik payda boladı. Eger elektron esaplaw mashinaları (EEM) islep shıg`arılmag`anda olarg`a mu`ta`jlik bolmas edi. Olardın` payda bolıwı, jan`a mu`ta`jlikti, EEMlerdin` jan`a tu`rlerine mu`ta`jlikti payda etti. Bul o`z gezeginde EEMler islep shıg`arıwdı ken`eyttiredi.

Ulıwma ja`miyetlik ko`lemde mu`ta`jliklerdin` o`sip barıwı texnikalıq rawajlanıwg`a baylanıslı. Sol sebepli qol miynetine tiykarlang`an o`ndiriste mu`ta`jlik a`ste rawajlanadı.

Rawajlang`an ja`miyette mu`ta`jliktin` milliy qa`siyetleri (belgileri) qısqarg`an halda onın` milletler aralıq belgileri rawajlanıp baradı. Bul tu`rli xalıqlardın` bir-birine ta`siri na`tijesinde a`melge asırıladı. Mısalı, kostyum Evropada payda bolg`an, biraqta og`an mu`ta`jlik ulıwma insanıylıq tu`s alg`an, ol jer ju`zindegi barlıq millet ha`m xalıqlardın` kiyimine aylang`an.

Mu`ta`jliklerdin` o`sip barıwı to`mendegi to`rt jolda a`melge asırıladı.

1. Mu`ta`jlik ken`eyip, mug`darı boyınsha o`sip baradı.

2. Jan`a mu`ta`jlikler payda bolıp, mu`ta`jliktin` ishki du`zilisi o`zgeredi. Mısalı, videoapparaturalardın` payda bolıwı, u`yde qa`legen tamashanı ko`riw mu`ta`jligin payda etti. Bul teatrg`a bolg`an mu`ta`jlikti qısqarttı.

3. Belgili mu`ta`jlikler toparının` shen`beri do`gereginde tu`rli mu`ta`jlikler salıstırmalı o`zgeredi. Bunda mu`ta`jlik ulıwma ta`rizde saqlanadı, biraqta onın` anıq ko`rinisleri ha`m formaları o`zgeredi. Mısalı, transport mu`ta`jligi saqlang`an halda, onın` anıq tu`rlerine mu`ta`jlik o`zgeredi.

4. Bir mu`ta`jliktin` ekinshisi menen almastırılıwı. Bunday almasıw orınbasar mu`ta`jliklerdin` payda bolıwı menen ju`zege keledi. Bunday mu`ta`jlikler joqarı rawajlang`an ekonomikag`a ta`n.

Mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw quralları ha`m usılları

Ja`miyettegi o`sip baratırg`an mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıwdın` tiykarg`ı ha`m birden-bir quralı o`ndiris esaplanadı. Biraqta o`nim ha`m xızmetlerdi do`retiwdin` o`zi mu`ta`jliklerdin` qanaatlandırılg`anlıg`ın bildirmeydi, olar tutınıwg`a jetip barg`anda g`ana mu`ta`jlikler qanaatlandırılıwı mu`mkin.

Mu`ta`jliklerdin` o`sip barıwı menen olardı qanaatlandırıwshı qurallar da rawajlanadı. Biraq mu`ta`jlik sheksiz bolg`anı menen onı ta`miyinlew ushın kerekli o`ndiris resursları (ta`biyiy ha`m miynet resursları, texnika ha`m texnologiya) sheklengen. Sonlıqtan sheklengen resurslardan aqılg`a muwapıq paydalanıw sha`rt.

O`sip baratırg`an mu`ta`jliktin` onı qanaatlandırıwshı qural menen baylanısı eki jaqlama boladı:

1. Mu`ta`jliktin` mug`darının` artıp barıwı resurs birliginen ko`birek tutınıw buyımların alıwdı talap etedi. Ma`selen, 1 t. metalldan ko`birek bir tu`rde u`y-ruwzgershilik bwyımları islep shıg`arıladı.

2. Mu`ta`jlik du`zilisinin` jan`alanıwı resurs birliginen ko`p tu`rdegi o`nim alıwdı talap etedi. Ma`selen. 3 t. paxtadan 20 emes, 30 tu`rdegi kiyim-kenshek islep shıg`arıladı.

Resurslardın` sheklengenligin esapqa alıp, barlıq mu`ta`jliklerdi bir waqıttın` o`zinde qanaatlandırıp bolmaydı. Sonlıqtan o`ndiris imkaniyatına qaray otırıp, mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıwdın` optimal (mu`mkin bolg`an ha`m en` qolay) da`rejesin tan`lap alıw kerek.

Mu`ta`jliklerdin` qanaatlandırılıwı tek g`ana na`tiyjeli o`ndiris penen sheklenbeydi. Bunın` ushın ekonomikanın` basqa ta`repleride bo`listiriw ha`m almasıw da jaqsı jolg`a qoyılıwı kerek.

Ekonomikanın` rawajlanıwı menen mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw usılları da o`zgerip baradı. Tariyxta bu`gingi ku`nge shekem jeke mu`ta`jlik eki usılda qanaatlandırılıp kelindi; 1) mu`ta`jlikti natural tutınıw arqalı qanaatlandırıw; 2) mu`ta`jlikti tovar tutınıw arqalı qanaatlandırıw. Birinshi usılda

do`retilgen o`nimler islep shıg`arılg`an jerdin` o`zinde, onın` iyeleri ta`repinen tutınıladı. Bul usıl natural xojalıqqa ta`n.

2-usılda tovarlardı satıp alıw arqalı mu`ta`jlik qanaatlandırıladı. Bul bazar ekonomikasına ta`n usıl.

Mu`ta`jlikler jeke ta`rtipte ha`m birgelikte qanaatlandırılıwı mu`mkin. Bul mu`ta`jliktin` xarakterine ha`m onı qanaatlandırıwshı buyımlardı qa`siyetine baylanıslı.

Ekonomikalıq xızmettin` mazmunı ha`m onın` tu`rleri

Ha`r qanday o`ndiris ulıwma adamzatlıq ekonomikalıq xızmet bolıp, ol o`zine ta`n belgilerge iye.

Ekonomikalıq xızmet degende tirishilikti ta`miyinlew usılları ha`m onın` a`sbaplarının` jıyındısı tu`siniledi. Onın` du`zilisine en` da`slep materiallıq ha`m materiallıq emes o`ndiris kiredi. Insan ekonomikalıq xızmettin` sub`ekti esaplanadı. Ha`r qanday ekonomikalıq xızmettin` tiykarg`ı maqseti turmıslıq mu`ta`jliklerdi ta`miyinlewden ibarat bolıp, onın` anıq ko`rinisi xojalıq ju`rgiziw esaplanadı.

Ja`miyetlik rawajlanıwdın` da`slepki basqıshında ekonomikalıq xızmet sferası tek g`ana materiallıq baylıqlardı o`ndiriw menen sheklenip kelgen. Sebebi bul basqıshta ja`miyetlik miynet bo`liniwshiligi to`men boldı. Ja`miyettin` rawajlanıwı menen awıl xojalıg`ı ekonomikalıq xızmettin` tiykarg`ı tarawına aylandı. O`nermentshiliktin` awıl xojalıg`ınan bo`linip shıg`ıwı ekonomikalıq xızmettin` ja`ne bir tu`rin sawdanı payda etti.

Miynet bo`liniwshiliginin` teren`lesiwi ha`m o`nimdarlıqtın` o`siwi ja`miyettin` qatlamlarg`a bo`liniwine ha`m ma`mlekettin` payda bolıwına alıp keldi. Na`tiyjede ilim ju`zege keldi. Bul jag`day ekonomikalıq xızmet tu`rlerin tag`ı da ko`beytti.

Ha`zirgi waqıtta ekonomikalıq xızmettin` ha`r tu`rliligine baylanıslı o`ndiris materiallıq baylıqlardı o`ndiris sferasına (bularg`a, qurılıs, awıl xojalıg`ı, tog`ay xojalıg`ı, sanaat, baylanıs ha`m transporttın` ayırım tu`rleri h.t.b. kiredi) ha`m ha`r qıylı xızmetlerdi ko`rsetiw (bilimlendiriw, den sawlıqtı saqlaw, xalıqqa turmıs jag`ınan xızmet ko`rsetiw h.t.b.) sferasına bo`linedi. Bul eki sfera arasında tıg`ız baylanıslar bar.

Ekonomikalıq xızmet eki tu`rli bag`darg`a iykemlesken boladı. Olar: differentsiatsiya (bo`lekleniw, ajıralıw) ha`m integratsiya (jaqınlasıw, birlesip barıw). Mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw ushın miynet o`nimdarlıg`ı artıp barıwı kerek, onın` sha`rtlerinen biri miynet bo`liniwshiligi - miynettin` qa`niygelesiwi esaplanadı. Miynet bo`liniwshiligi ekonomikalıq xızmeti differentsiyatsiyalawg`a alıp keledi.

Differentsiya ekonomikalıq xızmet tu`rlerin bir-birinen ajıratıwdı an`latsa, integratsiya og`an qarama-qarsı xızmet tu`rlerin bir-birine birlestiredi. (Bul haqqında kitaptın` {jer ju`zlik xojalıq} bo`liminde tolıg`ıraq aytılg`an). Ekonomikalıq xızmettin` tiykarı o`ndiris protsessi esaplanadı.

## O`ndiris protsessinin` ekonomikalıq mazmunı ha`m onın` faktorları

O`ndiris protsessi - bul insanlardın` tutınıwı ushın za`ru`r bolg`an materiallıq ha`m ma`deniy baylıqlardı do`retiwge qaratılg`an maqsetke muwapıq xızmetleri. Materiallıq ha`m ma`deniy baylıqlar do`retiw, tu`rli xızmetler ko`rsetiw protsessi adamlar xızmetinin` tiykarg`ı ta`repi, sebebi bul protsesste adamlar ortasında bolatug`ın qatnasıqlar basqa barlıq salalarda - bo`listiriw, almasıw ha`m tutınıw salalarında ju`z beretug`ın qatnasıqlardın` o`zgesheliklerin ha`m bag`darların belgilep beredi.

Adamlar ta`biyat zatlarına ta`sir etiw arqalı o`ndiris protsessin a`melge asıradı ha`m onın` ja`rdeminde ja`miyetlik talaplar qanaatlandırılıp barıladı.

Ha`r qanday o`ndiris protsessinde ekonomikalıq resurslar jumsaladı, o`nimler ha`m xızmetlerden ibarat bolg`an zatlar do`retiledi. Biraqta o`ndiris o`z-o`zinen ha`reketke kelmeydi. Onın` ha`reket etiwi ushın o`ndiris faktorları ha`reketke keliwi tiyis. O`ndiris faktorları degende tovarlardı o`ndiriwge ha`m xızmetlerdi paydalanıwg`a qatnasatug`ın resurslar tu`siniledi.

Ekonomikalıq teoriyada o`ndiris faktorları tu`rlishe ta`riyiplengen. Ha`zirgi zaman teoriyasında o`ndiristin` tiykarg`ı faktorlarına to`rt element kirgizilgen: jumıs ku`shi, jer, kapital ha`m isbilermenlik qa`bileti. Bul faktorlardın` o`z-ara ta`sir etisiw na`tiyjesinde o`ndiris a`melge asırıldı.

Jumıs ku`shi o`ndiristin` tiykarg`ı ha`m birinshi faktorı bolıp. ol o`ndiristin` jeke faktorı dep te ataldı. Sebebi ol o`ndiriske jeke halda da ta`sir ete aladı. Jumıs ku`shi adamnın` fizikalıq ha`m ruwxıy qa`biletlerinin` jıyındısı bolg`anlıqtan onı adamnın` o`zinen ajıratıp qarawg`a bolmaydı. Usı ta`repi boyınsha ol o`ndiristin` adam faktorı depte ataladı. Adam o`ndiristin` en` baslı faktorı bolg`anı menen ol qurı qol ha`reket ete almaydı. Sol sebepli o`ndiris ushın materiallıq jag`daylar talap etiledi. Bul o`ndiristin` materiallıq yamasa zatlay faktorları bolıp, olarg`a jer ha`m kapital kiredi.

Jer tu`sinigi ekonomikalıq teoriyada ju`da` ken` mazmunda qollanıladı. Jer tu`sinigine barlıq egislik jerler, tog`aylar, jer astı baylıqları, suw resursları ha`m o`ndiriste qollanılatug`ın barlıq ta`biyat baylıqları kiredi.

Jer ha`m miynet zatı ha`m miynet quralı. Sonlıqtanda ol o`ndiris a`sbabı sıpatında xızmet etedi. Ta`biyat qansheli bay bolmasın, onın` baylıqların miynetsiz o`ndiriste islete almaymız. Sol sebepli ataqlı anglichan ekonomisti U.Petti XIX - a`sirde-aq {Jer baylıqtın` anası, miynet onın` atası} dep ko`rsetken.

Jerde o`ndiristi ju`rgiziw ushın kapital talap etiledi. Kapital tu`sinigi teoriyada tu`rlishe tu`sindiriledi. Ha`zirgi da`wirdi ayırım batıs ellerinin` ekonomistleri Dj.Klark, L.Val ras, I.Fisherler kapitaldı da`ramat keltiriwshi, payda keltiriwshi, protsent keltiriwshi qun dep tu`sindiredi. Usınnan kelip shıg`ıp, kapital degende o`z iyelerine da`ramat keltiretug`ın o`ndiris ha`m xızmet ko`rsetiwdin` barlıq salalarında qollanılatug`ın o`ndiris a`sbapların, satıwg`a tayar turg`an tovarlardı tu`sinemiz. Olarg`a mashina ha`m mexanizmler, a`sbap-u`skeneler, fabrika ha`m zavodlar, transport qurılmaları t.b. kiredi.

Bazar ekonomikası jag`dayında u`lken itibar beriletug`ın o`ndiris faktorlarının` biri isbilermenlik qa`bilet esaplanadı.

Isbilermenlik dep, ekonomikalıq resurslardın` bir-birine qosılıwın ta`miyinleytug`ın, jan`alıqqa umtılıwshı, istin` ko`zin biletug`ın, ekonomikalıq ha`m basqada juwapkershilikti o`z moynına alatug`ın adamlarg`a aytıladı. Bul belgiler bolsa isbilermenlik qa`bileti dep ju`rgiziledi.

Ha`zirgi zaman teoriyasında waqıt, informatsiya ha`m ekologiyanı da o`ndiris faktorları dep esaplang`an.

**O`ndiristin` ekonomikalıq na`tiyjeliligi**

O`ndiristin` rawajlanıwı adamlardın` jan`a tutınıw talapların arttırıp baradı. O`ndiris birinshiden, tutınıw mu`mkinshiligin tuwdıradı, ekinshiden tutınıw usılların belgileydi, al u`shinshiden bolsa, jan`a tutınıw talabın payda etedi. Bul jag`daylar o`ndiristin` rawajlanıwına alap keledi. O`ndiris protsessinin` qalayınsha rawajlanıp atırg`anlıg`ı o`ndiristin` ekonomikalıq na`tiyjeliligi menen anıqlanadı. Bul ko`rsetkish alıng`an paydanı jumsalg`an shıg`ınlarg`a salıstırıw arqalı anıqlanadı. Payda da`rejesi qansha ko`p bolsa, o`ndiristin` ekonomikalıq na`tiyjeliligi de sonsheli joqarı boladı. Sol sebepli paydanı joqarılatıwg`a ta`sir etiwshi faktorlar o`ndiris na`tiyjeliligine de ta`sir etedi.

O`ndiris na`tiyjeliligi bir qatar ko`rsetkishlerge baylanıslı boladı. Bul ko`rsetkishlerdin` en` tiykarg`ısı miynet o`nimdarlıg`ı esaplanadı. Miynet o`nimdarlıg`ı degende belgili waqıt birliginde do`retilgen o`nimler ha`m xızmetler mug`darı tu`siniledi. Miynet o`nimdarlıg`ına to`mendegi faktorlar ta`sir etedi:

1) O`ndiristin` texnikalıq ha`m texnologiyalıq da`rejesi.

2) Islewshilerdin` bilim da`rejesi, ta`jiriyibesi ha`m mamanlıg`ı.

3) O`ndiristin` ta`biyiy jag`dayı yag`nıy ta`biyiy resurslardın` jumsalıw jag`daylarının` qolaylı bolıwı. Bul a`sirese qazıp shıg`arıwshı sanaat tarawlarındag`ı ha`m awıl xojalıg`ındag`ı miynet o`nimdarlıg`ına ku`shli ta`sir etedi.

Ja`miyettin` rawajlanıw tariyxında o`ndiristi sho`lkemlestiriw to`mendegishe eki formada a`melge asırılıp kelingen. Olar: natural ha`m tovar xojalıg`ı. Naturallıq o`ndiris ekonomikanı payda etiwdin` en` a`piwayı forması bolıp, ol bazar ekonomikasına shekem o`ndiristi sho`lkemlestiriwdin` tiykarg`ı forması esaplang`an. Bul o`ndiris adamlardın` da`slepki o`ndirislik xızmetlerinen baslang`an.

Naturallıq xojalıqta islep shıg`arılg`an o`nimler o`ndiriwshinin` jeke mu`ta`jligin qanaatlandırıwg`a bag`darlanadı. Bul xojalıqtın` tiykarg`ı belgisi o`zin-o`zi ta`miyinlew, basqalar menen ju`da` az baylanısta bolıwdan ibarat. Naturallıq o`ndiriste o`ndirilgen o`nimler satılmaydı. Olar tek o`ndiriwshinin` o`zi ushın turmıslıq quralg`a aylanadı. Bul xojalıq ekonomikalıq o`siwdi ta`miyinley almaydı. Sonlıqtanda onın` ornına tovar o`ndirisi kelip shıqtı.

Tovar o`ndirisi - bul bazarda satıw ushın, almasıw ushın o`nim islep shıg`aratug`ın xojalıq. Bunda o`nimler bazar ushın jetistiriledi. Tovar o`ndirisinin` xarakterli belgisi ja`miyetlik mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw esaplanadı. Tovar o`ndirisi tosınnan payda bolmadı, ol ja`miyettin` rawajlanıwında ob`ektiv sebeplerge baylanıslı kelip shıqtı. Bul sebepler ja`miyetlik miynet bo`liniwshiliginin` teren`lesiwi, o`ndiriwshilerdin` bir - birinen bo`lekleniwshiligi ha`m jeke menshiktin payda bolıwınan ibarat.

Tovar o`ndirisinin` ju`zege keliwi menen da`slepki bazardan payda boldı. Na`tiyjede o`ndiriwshiler menen tutınıwshılar ortasındag`ı ekonomikalıq qatnasıqlar bazar arqalı a`melge asırıla basladı.

Ja`miyettin` rawajlanıwındag`ı menshiqtin` ha`r tu`rli formaları qa`liplesti. Usıg`an baylanıslı tovar o`ndirisi de bir neshshe formalarda ha`reket etedi. Olar:

1. A`piwayı tovar o`ndirisi.
2. Jallanba miynetke tiykarlang`an tovar o`ndirisi
3. Aralas menshikke tiykarlang`an tovar o`ndirisi.

Tovar o`ndirisinde islep shıg`arılg`an o`nimler tovarg`a aylanadı.

## Tovar ha`m onın` qa`siyetleri

Tovar - bul tutınıwshılardın` talapların qanaatlandırıw ushın, bazarda satıw, almasıw ushın jetistirilgen o`nimler ha`m xızmetler. Ha`r qanday o`nim yamasa xızmet tovar bolıwı ushın en` aldı menen adamlardın` tutınıw talapların qanaatlandırıwı tiyis. Bul tovardın` tutınıw qa`siyeti (tutınıw qunı) dep ataladı. Al tovardın` basqa tovarg`a almasıwı tovardın` almasıw qa`siyeti (almasıw qunı) dep ataladı.

Tovar degende biz ko`z aldımızg`a qandayda buyımdı yamasa zattı, onın` sırtqı ko`rinisin elesletemiz. Tovardın` buyım sıpatındag`ı qa`siyetinen basqa da qa`siyeti bar, yag`nıy tovar ja`miyetlik mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw qa`siyetine iye. Biraqta ha`r qanday insan mu`ta`jligin qanaatlandırıwshı zatlar tovar bola bermeydi.

Mısalı; hawa, quyash nurı ha`mme ushın za`ru`r ha`m ha`mmenin` mu`ta`jligin qanaatlandıradı, biraqta olar satılmaydı, hesh kim olardı satıp ala almaydı, ha`tteki hesh na`rsege almastırılmaydı.

Tovarlardı bir - biri menen almastırg`anda olardı ten`lestiriwshi tiykar, olardı o`ndiriw ushın sarp etilgen miynet esaplanadı. Bul tovardın` qunı dep ju`rgiziledi. Qun tariyxıy kategoriya, ol tek g`ana tovarlarg`a ta`n bolg`an qa`siyet, ol miynet penen o`lshenedi. Biraqta praktikada qundı miynettin` o`zi menen emes, al onı sa`wlelendiriwshi basqa o`lshem menen anıqlanadı. Bul o`lshem quralı aqsha esaplanadı. Sol sebepli bazarda tovar satılg`anda onın` qunı aqshada ko`rsetiledi.

## Tiykarg`ı tayanısh so`zler

Mu`ta`jlik- adamlardın` jasawı, miynet etiwi ha`m belgili ekonomikalıq jag`daylarg`a iye bolıwı ushın tutınıwı za`ru`r bolg`an o`nimler ha`m xızmetlerdin` jıyındısı.
Mu`ta`jliktin` sub`ektivligi -mu`ta`jliktin` ha`r bir adamg`a salıstırmalı o`zgesheligin (tutınıwshının` diydi, a`deti, qızıg`ıwshılıg`ı, ma`deniy da`rejesi). bildiredi.
Materiallıq mu`ta`jlikler azıq-awqat, kiyim -kenshek, turaq jay|, transport, baylanıs, gigiena mu`ta`jlikleri.
Sotsial-ma`deniy mu`ta`jlikler-bilim alıw, ma`deniy da`rejeni joqarılatıw, qa`niygelikke iye bolıw, den sawlıqtı saqlaw mu`ta`jlikleri.
Mu`ta`jliklerdin` sheksizligi- mu`ta`jliklerdin` u`zliksiz jan`alanıp barıwın an`latadı.
Ekonomikalıq xızmet - tirishilikti ta`miyinlew usıllarının` jıyındısı.
O`ndiris protsessi - adamlardın` tutınıwı ushın za`ru`r bolg`an materiallıq ha`m ma`deniy o`nimlerdi do`retiwge qaratılg`an maqsetke muwapıq xızmetler.
O`ndiris faktorları - tovarlardı o`ndiriwde ha`m xızmetlerdi paydalanıwda qatnasatug`ın resurslar.
Jumıs ku`shi- insannın` miynetke bolg`an fizikalıq ha`m ruwxıy qa`biletlerinin` jıyındısı.
kapital - o`ndiris ha`m xızmet ko`rsetiwde qollanılatug`ın, o`z iyelerine da`ramat keltiriwshi o`ndiris a`sbapları.
Jer- topıraqtın` o`nimdarlıg`ı, otlaqlar, suwlar, tog`aylar, qazılma baylıqlardan ibarat bolg`an ha`m paydalanıwg`a qaratılg`an ta`biyiy resurslar.
Isbilermenlik qa`bilet - insanda bolg`an sho`lkemlestiriwshilik, novatorlıq, oylap tabıwshılıq, ekonomikalıq qa`wipten, juwapkershilikten shorshınbawshılıq qa`siyetlerdin` jıyındısı.
Miynet o`nimdarlıg`ı- belgili waqıt birliginde do`retilgen o`nimler ha`m xızmetler mug`darı.
Naturallıq o`ndiris- o`ndiriwshinin` jeke mu`ta`jligin qanaatlandırıwg`a bag`darlang`an o`ndiris. Bul xojalıqta o`nimler satılmaydı.
Tovar o`ndirisi - bazarda satıw ushın, almasıw ushın o`nim islep shıg`aratug`ın xojalıq. Bunda o`nimler bazar ushın jetistiriledi.
Miynet bo`listiriwshiligi -ja`miyetlik miynettin` g`a`rezsiz wazıypalardı orınlawshı miynet tu`rlerine ajıralıw protsessi.
Tovar - bazarda satıw ushın, almasıw ushın jetistirilgen o`nimler ha`m xızmetler.
Tovardın` qunı -tovardı o`ndiriw ushın miynet shıg`ınları.

## Ta`kirarlaw ushın sorawlar

1. Mu`ta`jlik degen ne? Onın` qanday tu`rlerin bilesiz?
2. Mu`ta`jliktin` sheksizligin mısallarda tu`sindirin`.
3. Mu`ta`jliklerdin` o`sip barıw nızamın ta`riyiplep berin`.
4. Mu`ta`jlikler qanday usıllar menen qanaatlandırıladı?
5. Ekonomikalıq xızmet degen ne?
6. O`ndiris protsessinin` ekonomikalıq mazmunın tu`sindirin`.
7. O`ndiris faktorların mısallarda tu`sindirin`.
8. Jumıs ku`shi ne sebepli o`ndiristin` jeke faktorı dep ataladı?
9. Natural ha`m tovar xojalıg`ının` bir - birinen ayırmashılıg`ın mısallarda tu`sindirin`.
10. Qanday sebepler tovar o`ndirisin keltirip shıg`ardı?
11. Tovar degenimiz ne? Ol qanday qa`siyetlerge iye?

## 3-tema. Menshiк qatnasıqları

1. Menshiк qatnasıqlarının' ma'nisi. Menshiк obeкtleri ha'm subeкtleri
2. Menshiк formaları ha'm tu'rleri
3. Menshiкlestiriw ha'm mu'lкti ma'mleкet iyeliginen bo'lip alıwdın' maqseti ha'm onın' O'zbeкstandag'ı o'zgesheliкleri

### Menshik qatnasıqlarının` ma`nisi. Menshik sub`ektleri ha`m ob`ektleri

Ha`r qanday ja`miyettin` ekonomikalıq du`zilisi menshikten baslanadı. Menshik qatnasıqlarına tiykarlanbag`an hesh bir ja`miyet joq. Sonlıqtanda ekonomikalıq qatnasıqlardın` bir bo`legin menshik qatnasıqları quraydı.

**Menshik qatnasıqları** ja`miyettegi baylıqlardı o`zlestiriw menen baylanıslı bolg`an ekonomikalıq qatnasıqlar esaplanadı. Bul qatnasıqlar mu`lkke iyelik etiw, onnan paydalanıw ha`m onı biylik etiw (basqarıw) jag`daylarında ju`zege keledi. Bul u`sh jag`day mu`lkke iyelik etiw, paydalanıw ha`m biylik etiw menshikliktin` ajıralmas bo`limleri esaplanadı.

**Mu`lkke iyelik etiw** - bul menshik huqıqının` menshik iyesinin` qolında saqlanıp turıwın an`latadı. Bul jag`dayda menshik bolg`an baylıq bo`limlerge bo`linip o`zlestiriledi. Mu`lkke iyelik etiw saqlang`an halda, onı a`melde isletiw o`zgenin` qolında bolıwı mu`mkin. Bunın` na`tiyjesinde mu`lkten kelgen payda bo`listiriledi, onın` bir bo`legin mu`lk iyesi, al ekinshi bo`legin mu`lkti a`melde isletiwshi o`zlestiredi.

**Mu`lkti paydalanıw** - bul mu`lk bolg`an baylıqtı ekonomikalıq xızmette qollanıp, onı xojalıq aylanısına kirgizip, onnan na`tiyje alıwdı an`latadı. Bul jag`dayda baylıq da`ramat tabıw yaki insan mu`ta`jligin qanaatlandırıwg`a jumsaladı. Eger mu`lk iyesi o`z mu`lkin o`zi paydalansa, iyelik etiw ha`m paydalanıw bir qolda boladı. Alıng`an na`tiyje tek g`ana menshik iyesine tiyisli boladı. Al iyelik etiw ha`m paydalanıw ajıralg`an jag`dayda, na`tiyje bo`listirilgen halda o`zlestiriledi.

**Mu`lkti biylik etiw (basqarıw)** - bul mu`lk bolg`an baylıq ta`g`diyrin g`a`rezsiz sheshiwdi yag`nıy mu`lkti satıp jiberiw, ijarag`a beriw, miyras etip qaldırıw, asırap abaylap ko`beytiw yaki onı joq etip jiberiw menen baylanıslı ha`reketlerdi a`melge asırıwdı bildiredi.

Menshik ulıwma ekonomikalıq kategoriya. Ol qatnasıq sıpatında o`z ob`ektlerine ha`m sub`ektlerine iye.

**Menshik ob`ektleri** - bul menshikke aylang`an barlıq baylıq tu`rleri. Olarg`a jer, suw, ta`biyiy ka`nler, o`simlikler ha`m haywanatlar du`n yası, mashina-u`skeneler, imaratlar, qurılmalar, o`nimler ha`m xızmetler, tariyxıy - ma`deniy estelikler, ilimiy - texnikalıq bilimler, tovarlar, miynetke bolg`an aqlıy (ruwxıy) ha`m fizikalıq qa`siyetler h.t.b. kiredi. Mine bul materiallıq ha`m materiallıq emes formadag`ı o`nimlerdi o`zlestiriw menen baylanıslı menshik qatnasıqları qa`liplesedi ha`m o`nimler menshikke aylang`anda o`zlestiriledi.

**Menshik sub`ektleri** - bul menshik ob`ektlerin o`zlestiriwde qatnasıwshılar yamasa menshik qatnasıqlarının` qatnasıwshıları. Bularg`a ayırım adamlar, shan`araqlar, xalıqtın` sotsiallıq toparları, territoriyalıq birlespeler, ha`r qıylı ja`ma`a`tler, ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemler, sonday-aq ma`mleket kiredi. Bul sub`ektlerge qaray o`zlestiriw individual, sem yalıq, sheriklik, territoriyalıq ha`m ulıwma milliy xarakterge iye boladı.

Menshik ob`ektlerin o`zlestiriw to`mendegishe eki jolda a`melge asırıladı:

1. O`ndiris resursların o`zlestiriw. Bunda materiallıq ha`m miynet resursların menshik iyesi o`z menshigine aylang`annan son` o`zlestiredi.

2. O`ndiris na`tiyjelerin o`zlestiriw - bul o`ndirilgen o`nim ha`m xızmetlerdi, olardı satıwdan kelgen da`ramatlardı kimnin` menshigine aylang`anlıg`ın bildiredi. O`ndiris a`sbapları kimnin` menshiginde bolsa, na`tiyje sog`an tiyisli boladı.

Bazar ekonomikası menshik formalarının` ko`p tu`rliligin talap etedi. O`zbekstan Respublikası Konstituttsiyasında da: {Bazar qatnasıqların rawajlandırıwg`a qaratılg`an O`zbekstan ekonomikasının` tiykarın ha`r qıylı menshik formaları quraydı} dep ko`rsetilgen.

### Menshik tipleri

Menshik qatnasıqları ha`r tu`rli menshik formaların ha`m tu`rlerin o`z ishine aladı. **Menshik tipi** - bul ha`r tu`rli yamasa bir tu`rdegi sotsial - ekonomikalıq sistemalarg`a ta`n bolg`an menshik qatnasıqların ha`m menshik xarakterin bildiredi.

Menshik sisteması ha`r qıylı menshik formaları tiykarında rawajlanıp baradı. **Menshik formaları** - bul baylıqtı o`zlestiriw xarakterin, onın` ko`rinisin ha`m mazmunın an`latadı. O`z miyneti tiykarında o`zlestiriw, o`zgeler do`retken baylıqtı mutqa o`zlestiriw, jeke ta`rtipte, ja`ma`a`t bolıp, sheriklik tiykarında o`zlestiriwdin` barlıg`ı menshiktin` ha`r qıylı formaların an`latadı.

Tariyxıy jaqtan alıp qarag`anda menshik a`yyemgi obshinalıq du`zimde ja`ma`a`tlik formada payda bolg`an, son`ınan jeke menshik kelip shıqqan. Ja`miyettin` rawajlanıwı menen menshiktin` basqa da formaları payda boldı.

Ha`zirgi zaman ekonomikası menshiktin` bir neshe formaların ha`m tu`rlerin talap etedi. Usıg`an baylanıslı bazar ekonomikası jag`dayında menshiktin` to`mendegi formaları ha`reket etedi: ma`mleketlik menshik, jeke menshik, ja`ma`a`tlik menshik, aralas menshik. Bulardın` ha`r biri bir neshe tu`rlerge bo`linedi.

**Ma`mleketlik menshik** - bul baylıqlardı o`z wazıypaların orınlaw ushın ma`mleket ta`repinen o`zlestiriliwi. Menshiktin` bul forması ma`mleket payda bolg`annan baslap ju`zege kelgen, biraqta onın` maqsetleri o`zgerip turadı. Ma`mleketlik menshik to`mendegi jag`daylarg`a baylanıslı payda boladı ha`m rawajlanıp baradı:

1. Menshikti milliylestiriw yaki jeke menshikti ma`mleket menshigine aylandırıw;
2. Ma`mleketlik qarjı esabınan ka`rxanalar qurıw;
3. Ja`miyette do`retilgen, biraqta basqa menshiklerge tiyisli da`ramatlardın` bir bo`leginin` salıq o`ndiriw arqalı ma`mleketlik byudjetke alınıwı.

Ma`mleketlik menshik ob`ektleri ha`r bir ma`mlekettin` ishki du`zilisine ha`m sol ma`mlekette qabıl etilgen nızamlarg`a baylanıslı o`zgesheliklerge iye.

O`zbekstanda Puxaralıq kodekske muwapıq ma`mleketlik menshiktin` tiykarg`ı eki tu`ri ha`reket etedi: Respublika menshigi (ulıwma ma`mleketlik menshik) ha`m administrativlik - territoriyalıq du`zimlerdin` menshigi (munitsipial menshik). Respublika menshigine jer, suw, jer astı baylıqları, hawa boslıg`ı, o`simlikler ha`m haywanatlar du`n yası, ta`biyiy resurslar, respublika ha`kimiyatı ha`m basqarıw du`zimlerinin` mal - mu`lki, ma`mleketke qaraslı ma`deniy ha`m tariyxıy baylıqlar, byudjet qarjıları, valyuta fondı ha`m basqada ma`mleketlik fondlar kiredi.

Munitsipial menshikke ma`mleket ha`kimiyatı jergilikli sho`lkemlerdin` mal - mu`lki, jergilikli byudjet qarjıları, munitsipial u`y - jay fondı ha`m kommunallıq xojalıq ka`rxanaları, xalıq ta`limi, ma`deniyat, den sawlıqtı saqlaw orınları sıyaqlı sho`lkemlerdin` mal - mu`lki kiredi.

**Jeke menshik** - bul ayırım adamlarg`a tiyisli ha`m da`ramat tabıwg`a qaratılg`an menshik forması. Onın` eki ko`rinisi bar: individual ha`m kooperativ jeke menshik.

Individual jeke menshikte baylıqtı o`zlestiriw ayırım menshik iyesi ta`repinen jeke halda a`melge asırıladı.

Kooperativ jeke menshik degende, baylıqtı individual ta`rizde o`zlestiriw, biraqta menshik iyeleri sheriklik tiykarında ma`lim toparlarg`a birlesken jag`dayda o`zlestiriliwi tu`siniledi.

**Ja`ma`a`tlik menshik** - bul belgili maqset jolında belgili ja`ma`a`tlerge birlesken adamlar ta`repinen baylıqlardın` birgelikte o`zlestiriliwi. Bul menshik jag`dayında o`zlestiriw ja`ma`a`t ko`leminde ha`reket etedi. Bul menshik formasının` da bir neshe tu`rleri bar. Olar kooperativlik menshik, ijarag`a alıng`an ka`rxana ja`ma`a`tinin` menshigi, aktsionerlik ja`miyetler, ja`miyetlik ha`m diniy sho`lkemlerdin` menshigi.

Menshik formalarının` bir - biri menen baylanıslı ha`reket etiwinin` na`tiyjesinde aralas menshik payda boladı.

**Aralas menshik** - bul ayırım ob`ektlerdin` tu`rli menshik iyelerinin` qatnasıwında o`zlestiriliwi. Bul menshik ha`zirgi waqıtta ashıq tu`rdegi aktsionerlik kompaniyalarda anıq sa`wlelengen. Bul jerde jeke menshik, ja`ma`a`tlik menshik, sonday-aq sırt el menshigi u`les tiykarında birlesedi. Mu`lk ob`ekt birlesken halda isletilip, o`z iyelerine da`ramat keltiredi.

## Menshiklestiriw ha`m mu`lkti ma`mleket iyeliginen bo`lip alıwdın` maqseti ha`m onın` O`zbekstandag`ı o`zgeshelikleri

Bazar ekonomikasına o`tiwdin` tiykarg`ı sha`rti ko`p ukladlı ekonomikanı ha`m ba`sekelesiw ortalıg`ı qa`liplestiriw sha`rayatların ju`zege keltiriwden ibarat. Bul jag`day menshiklestiriw za`ru`rligin keltirip shıg`aradı.

Menshiklestiriw ma`mleket mu`lkine iyelik etiw huqıqının` ma`mleketten jeke shaxslarg`a o`tiwdi an`latadı. Al mu`lkti ma`mleket iyeliginen bo`lip alıw menshiklestiriwge qarag`anda ken` mazmung`a

iye. Ol menshiklestiriwden tısqarı, ma`mleket mu`lkin menshiktin` basqa formalarına aylandırıwdı an`latadı. Ol to`mendegishe jollarda a`melge asırıladı:

1. Ma`mleketlik ka`rxanalardı aktsionerlik ja`miyetlerge aylandırıp, onın` mal-mu`lk esabınan shıg`arılg`an aktsiyalardı xalıqqa satıw. Aktsiyanı satıp alg`an adam menshik iyesine aylanadı.

2. Ma`mleketlik ka`rxananı ijaralıq ka`rxanag`a aylandırıp qayta du`ziw.

3. Ma`mleketlik menshikti qunına qaray shıg`arılg`an sertifikat yaki vaucherler tiykarında puqaralarg`a biypul satıw. Bunda mu`lk xalıq ortasında tarqatıladı. Vaucher ha`m sertifikat ka`rxana aktsiyasın alıw huqıqın beredi.

4. Ma`mleketlik menshik ob`ektlerin tek g`ana istin` ko`zin biletug`ın, juwapkershilikti o`z moynına alatug`ın isbilermenlerge satıw.

5. Ma`mleketlik mu`lkti konkurs tiykarında auktsionda satıw h.t.b.

Menshiklestiriwdi o`tkeriw ha`r ma`mlekette ha`r tu`rli a`melge asırıladı. Ma`selen, bul protsess Vengriya, Pol sha ma`mleketlerinde tez ha`reket etken bolsa, O`zbekstanda a`ste - aqırın basqıshpa - basqısh a`melge asırılıp atır.

Menshiklestiriwdin` baslı maqseti -mu`lkti haqıyqıy iyesine tapsırıw, onı na`tiyjeli paydalanıw ha`m solar tiykarında xalıqtın` jaqsı jasawın ta`miyinlewden ibarat.

O`zbekstan Respublikası mu`lkti ma`mleket iyeliginen shıg`arıw ha`m menshiklestiriw protsessin a`melge asırıwda jer ju`zinin` rawajlang`an ma`mleketlerinin` is ta`jiriybelerin u`yrene otırıp, o`z o`zgesheliklerin esapqa aldı ha`m basqıshpa - basqısh o`tkerip atır.

1992-1993-jıllar respublikada menshiklestiriwdin` birinshi basqıshı boldı. Bul basqıshta menshiklestiriw protsessi ulıwma u`y - jay fondı, sawda, jergilikli sanaat, xızmet ko`rsetiw ka`rxanaları ha`m awıl xojalıq o`nimlerin qayta islew sistemasın o`z ishine aldı. Jen`il ha`m jergilikli sanaatqa, transport ha`m qurılısqa, basqa tarmaqlarg`a qaraslı ayırım orta ha`m iri ka`rxanalar keyinirek satıp alıw huqıqı menen ko`birek ijara ka`rxanalarına, ja`ma`a`t ka`rxanalarg`a, jabıq tu`rdegi aktsionerlik ja`miyetlerge aylandırıldı.

Ma`mlekettin` sotsiallıq bag`darlamasında belgilep berilgen menshiklestiriwdin` ekinshi basqıshı 1994-1995-jıllarg`a tuwrı keldi. Bul basqıshta ko`plep orta ha`m iri ka`rxanalar aktsionerlik ja`miyetlerge aylandırıldı. Bul basqıshta ashıq tu`rdegi aktsionerlik ja`miyetlerdi du`ziw, ma`mleket mu`lkin konkurs (tan`law) tiykarında {kim ziyat} sawdasında satıw a`melge asırıldı. Ko`shpes mu`lk ha`m bahalı qag`azlar bazarının` jan`a sho`lkemleri payda boldı. Ekonomikalıq reformalardın` birinshi basqıshında (1991-1995j.j.) kishi menshiklestiriw a`melge asırıldı.

Menshiklestiriwdin` keyingi basqıshı 1996-jılı baslandı. Bul basqıshta menshiklestiriw jeke ta`rtipte ha`m ko`birek sırt el investitsiyaları tiykarında a`melge asırıw ko`zde tutıldı. Bul basqısh juwmaqlawshı xarakterge iye bolıp, bul da`wirde menshiklestirilmeytug`ın ob`ektler dizimine kirmegen barlıq ob`ekt ha`m ka`rxanalar ma`mleket iyeliginen shıg`arıladı.

Respublikada menshiklestiriw boyınsha qoyılg`an wazıypalar ma`mleket sektorının` bazar jag`dayında da sezilerli rol oynaytug`ınlıg`ın biykarlamaydı. Sebebi ekonomikada ma`mleket ka`rxanalarının` saqlanıp qalıwı kerek bolg`an tarawlar da bar. Bunday ka`rxanalar ushın olardın` bazar jag`daylarına beyimlesiwine imka`n beretug`ın xojalıq ju`rgiziw mexanizmin islep shıg`ıw talap etiledi.

**Tiykarg`ı tayanısh so`zler**

Menshik qatnasıqları -ja`miyettegi baylıqlardı o`zlestiriw menen baylanıslı bolg`an ekonomikalıq qatnasıqlar.

Mu`lkke iyelik etiw -menshik huqıqının` menshik iyesi qolında saqlanıp turıwın an`latadı.

Mu`lkten paydalanıw -mu`lk bolg`an baylıqtı ekonomikalıq xızmette qollanıp, onı xojalıq aylanısına kirgizip, onnan na`tiyje alıw.

Mu`lkke biylik etiw -baylıq (mu`lk) ta`g`diyrin g`a`rezsiz sheshiw (mu`lkti satıp jiberiw, ijarag`a beriw, miyras etip qaldırıw, mu`lkti ko`beytiw, mu`lkti joq etip jiberiw t.b) di an`latadı.

Menshik ob`ektleri - menshikke aylang`an barlıq baylıqlar.

Menshik sub`ektleri - menshik ob`ektlerin o`zlestiriwde qatnasıwshılar.

Menshik formaları -baylıqtı o`zlestiriwdin` xarakterin, onın` ko`rinisin ha`m mazmunın an`latadı.

Menshiklestiriw- mu`lkke iyelik etiw huqıqının` ma`mleketten jeke adamlar ıqtıyarına o`tkeriliwi.

Mu`lkti ma`mleket iyelerinen bo`lip alıw - ma`mleketlik mu`lk (menshik) esabınan ma`mleketlik emes menshik formaların ju`zege keltiriw.

**Ta`kirarlaw ushın sorawlar**

1. Menshik qatnasıqlarının` ekonomikalıq mazmunın ta`riyiplep berin`.
2. Menshiktin` huqıyqıy ha`m ekonomikalıq mazmunı neden ibarat?
3. Menshik formaların tu`sindirin`.
4. Menshiklestiriw degen ne? Ol qanday usıllarda a`melge asırıladı?
5. O`zbekstandag`ı menshiklestiriw protsessinin` o`zgesheliklerin ha`m onın` basqıshların tu`sindirin`.

## 4-tema. Bazar ha'm onın' elementleri

1. Bazardın' ma'nisi ha'm wazıypaları
2. Bazardın' du'zilisi ha'm onın' o'z belgilerine qaray tu'rleniwi. Bazar infrastruкturası
3. Talap ha'm usınıs, olarg'a ta'sir etiwshi faкtorlar

Bazar tu`sinigi og`ada ken` mazmung`a iye. Ku`ndelikli turmısta bazar degende ko`pshilik jıynalıp, sawda islew orınları tu`siniledi. A`dette, bazar degende bizin` ko`z aldımızg`a tovarın maqtap atırg`an satıwshı menen onı arzanıraq sorap atırg`an qarıydar ortasındag`ı waqıyalar elesleydi. Bul bazardın` bir ko`rinisi.

Bazar ekonomikalıq kategoriya bolıp, satıwshılar menen qarıydarlar ortasında tovarlardı almasıw menen baylanıslı kelip shıg`atug`ın ekonomikalıq qatnasıqlar esaplanadı. Satıwshılar menen qarıydarlardın` birliktegi ha`reketi bazardı keltirip shıg`aradı, bazar bolsa olardı baylanıstırıwshı mexanizm sıpatında xızmet etedi.

Bazardın` payda bolıwı tovar o`ndirisi menen baylanıslı. Sebebi bazar tovar o`ndirisinin` ju`zege keliwi menen payda boldı .

Du`n yadag`ı barlıq ullı ha`m quramalı na`rseler a`dette a`piwayı na`rseden payda boladı. Ha`zirgi rawajlang`an bazarlardın` da tariyxıy ta`rtipsiz, jabayı bazarlardan baslang`an. Bazar o`z rawajlanıw tariyxında eki basqıshtan o`tedi. Birinshi basqısh, ta`rtipsiz (stixiyalı) bazar basqıshı bolıp, bul basqıshta bazar baylanısları ta`rtipsiz tu`rde ornatıladı, bazarda belgilengen ta`rtip-qag`ıydalar bolmaydı. Bunday bazarlar jabayı bazar ekonomikasına ta`n. Onın` ayırım ko`rinislerin ha`zirgi diyxan bazarlarında ko`riwimizge boladı.

Ekinshi basqısh, ta`rtipke salınatug`ın bazar basqıshı bolıp, bul basqıshta bazardag`ı is-ha`reketler bazar nızamlarına sa`ykes rawajlanıp baradı. Sonday-aq bazardın` jag`dayı aldın-ala u`yrenilip, o`ndiris bazar menen u`zliksiz baylanısta boladı. Bazarlar texnikalıq jaqtan ta`miyinlenedi. Bunday bazarlar rawajlang`an bazar ekonomikasına ta`n.

Bazarlarda sawda qatnasıqlarının` ob`ektleri ha`r qıylı tovar ha`m xızmetlerden ibarat boladı. Al bazar sub`ektleri bolıp, u`y xojalıg`ı, ka`rxanalar (firmalar) ha`m ma`mleket xızmet etedi. Bul sub`ektler eki toparg`a bo`linedi: satıwshılar ha`m qarıydarlar. Satıwshılar bazarg`a ha`r qıylı tovar ha`m xızmetlerdi usınıs etedi, al qarıydarlar olarg`a talap bildiredi. Bazar o`z sub`ektlerinin` ma`plerin bir-birine baylanıstırıp, olardı muwapıqlastıradı.

Bazar ekonomikalıq mexanizm sıpatında bir qatar wazıypalardı orınlaydı. Onın` tiykarg`ı wazıypası o`ndiriwshiler ta`repinen do`retilgen tovar ha`m xızmetlerdi, ekonomikalıq resurslardı tutınıwshılarg`a jetkerip beriwden ibarat. Bul jerde bazar o`ndiriw menen tutınıwdı bir-birine baylanıstıradı. Na`tiyjede o`ndirilgen tovar ha`m xızmetler o`z qarıydarların tabadı.

Bazar tovar bahaları arqalı talap ha`m usınıstı sa`ykeslestiriw wazıypasın da atqaradı.

Bazar almasıw kategoriyası bolıp, o`ndiristin` u`zliksiz ta`kirarlanıp turıwına ja`rdem beredi. O`ndiris jan`adan baslanıwı ushın do`retilgen tovar ha`m xızmetler satılıwı, aqshag`a aylanıwı kerek. Al bul protsesslerdin` barlıg`ı bazar arqalı a`melge asırıladı.

Bazar ekonomikanı ta`rtipke salıp turıw wazıypasın da orınlaydı. Bul wazıypanı ol talap, usınıs, ba`seke ha`m bahalar ja`rdeminde orınlaydı.

Bazardın` bul xızmetleri o`z-ara tıg`ız baylanıslı.

Egerde bazarda jeterli da`rejede ha`m jeterli mug`darda tutıw buyımların ha`m xızmetlerdi tabıw mu`mkin bolsa, bunday bazarlar toyıng`an bazar dep ataladı. Bunday bazarlarda tovarlardı tan`law mu`mkinshiligi payda boladı. Al bazarda tovarlar jetispese ha`m bar tovarlar talapqa juwap bermese, bunday bazarlar toyınbag`an yamasa ash bazar dep ataladı.

Bazardın` toyınıw da`rejesi bazarg`a shıg`arılg`an talaptın` qanaatlandırılıwın sa`wlelendiredi. Onı satılg`an tovar mug`darın talapqa salıstırıw arqalı anıqlaw mu`mkin. Bunday salıstırıw toyınıw

koeffitsienti dep ataladı. Eger koeffitsient birge ten` bolsa, bazar toyıng`an dep esaplanadı. Mısalı, bazardag`ı talap 6 mln. swm, satılg`an tovarlar mug`darı 5 mln. swm bolsa, toyınıw koeffitsienti 0,8 ge ten` (5:6=0,8). Bul jag`dayda bazar toyınbag`an.

Bazardın` ma`nisin tolıg`ıraq tu`siniw ushın, onın` tu`rlerin ha`m ishki du`zilisin qarap ko`riw kerek.

**Bazardın` du`zilisi**

Bazar qatnasıqları ekonomikalıq qatnasıqlar shen`berinde ha`reket etedi. Bul jag`day bazardın` du`zilisi menen tıg`ız baylanıslı. Ha`zirgi waqıtta bazar quramalı du`ziliske iye.

Bazar du`zilisi boyınsha ha`r ta`repleme tu`rlenedi.

Bazar territoriyalıq jaylasıwı boyınsha: jergilikli bazarlar (No`kis bazarı, Xojeli bazarı,Tashkent bazarı, Samarqand bazarı, :rgensh bazarı, London bazarı, Tokio bazarı, N yu-York bazarı ha`m basqalar); milliy bazarlar (O`zbekstan bazarı, Rossiya bazarı, Angliya bazarı, Yaponiya bazarı, Germaniya bazarı, Amerika bazarı ha`m basqalar); territoriyalıq (regionallıq) bazar (Orta Aziya bazarı, Batıs Evropa bazarı h.t.b.) ha`m jer ju`zlik bazar bolıp bo`linedi.

Satılatug`ın ha`m satıp alınatug`ın o`nimlerdin` tu`rine qaray yamasa ob`ektleri boyınsha bazarlar to`mendegishe bo`linedi: tutınıw buyımları ha`m xızmetler bazarı, o`ndiris a`sbapları ha`m resurslar bazarı, miynet bazarı, finans bazarı ha`m intellektual tovarlar bazarı.

Tutınıw buyımları ha`m xızmetler bazarında xalıqtın` tutınıwı ushın za`ru`r bolg`an o`nimler ha`m xızmetler satıladı ha`m satıp alınadı. Bunday bazarlarg`a: sawda u`yleri, du`kanlar, firmalar, asxana, nanbayxana, ha`r qıylı ustaxanalar, diyxan bazarı, buyım bazarı h.t.b. kiredi.

O`ndiris a`sbapları ha`m resurslar bazarında o`ndiris ushın za`ru`r bolg`an tovarg`a aylang`an miynet a`sbapları, shiyki zatlar, materiallar satıladı ha`m satıp alınadı. Bunday bazarlarg`a neft bazarı, ko`mir bazar, shiyki zatlar bazarı, ren`li materiallar bazarı, paxta bazarı h.t.b. kiredi. Bul bazarlar tovar birjalar ja`rdeminde jumıs alıp baradı. Tovar birjası - ko`tere satıw menen shug`ıllanıwshı kommertsiyalıq ka`rxana. Birjada tovarlar haqqında mag`lıwmatlar toplang`an bolıp, tovarlardı jetkerip beriw boyınsha sha`rtnamalar du`ziledi ha`m sawda operatsiyaları o`tkeriledi.

Miynet (jumıs ku`shi) bazarı - bunday bazarlarda jumıs ku`shi satıladı ha`m satıp alınadı. Bul bazarda bir ta`repte jumıs ku`shinin` iyesi tursa, ekinshi ta`repte jumıs ku`shine mu`ta`j bolg`an ka`rxana, firmalar turadı. Bul bazardın` rawajlanıwına miynet birjaları ja`rdem beredi.

Finans bazarında finanslıq resurslarg`a aylang`an aqsha qarjıları ha`m aqshag`a ten`lestirilgen bahalı qag`azlar satıladı ha`m satıp alınadı. Bul bazarlar o`z ishine: bahalı qag`azlar bazarın, valyuta bazarın, kredit bazarın h.t.b. bazarlardı birlestiredi.

Intellektual tovarlar bazarı - bul bazarlarda aqıl miynetinin` o`nimleri bolg`an ilimiy miynetler, texnikalıq jan`alıqlar, xabarlar, ilimiy proektler sıyaqlı o`nimler satıladı ha`m satıp alınadı.

Bazar ekonomikalıq baylanıslar xarakteri yamasa sub`ektleri boyınsha eki tu`rge bo`linedi: erkin ha`m monopoliyalasqan bazar.

Erkin bazarda satıwshılar da, qarıydarlar da ko`pshilik bolıp, olar barlıq waqıtta ba`sekede boladı. Bul bazarlarda baha erkin boladı. Bunday bazarlarg`a mısal etip O`zbekstandag`ı awıl xojalıq o`nimlerin satıwshı bazarlardı ko`rsetiw mu`mkin. Bul jerde satıwshılar ha`m qarıydarlar og`ada ko`p, barlıq ma`seleni bazardın` o`zi sheshedi.

Monopoliyalasqan bazarda satıwshılar ha`m qarıydarlar az sanda bolıp, ba`seke sheklengen yaki ulıwma bolmawı mu`mkin. Mine usı belgisi boyınsha monopoliyalasqan bazar u`shke bo`linedi: monopol ba`sekeli bazar, oligopoliyalıq bazar, taza (sap) monopoliya bazarı. Monopol ba`sekeli bazarda onsha ko`p bolmag`an firmalar qatnasadı. Olar bazarg`a ha`r qıylı, biraq bir-birinin` ornın basa alatug`ın tovarlar menen qatnasadı. (Mısalı, kurtka, plash, pal to). Ba`seke sheklengen mug`darda boladı.

Oligopoliyalıq bazarda og`ada az sandag`ı, sanawlı firmalar qatnasadı. Olar ortasında ba`seke ha`reket etedi. Bul bazarg`a firmalar birdey yamasa ha`r qıylı tovarlar shıg`aradı. Bazarda ba`seke ko`pshilik jag`dayda qarıydarlar ortasında bolıp o`tedi. Bunday bazarlarg`a mısalı, Yaponiya avtomobil bazarı, bunda avtomobil ler {Toyota}, {Xonda}, {Nissan} firmaları ta`repinen islep shıg`arıladı. O`zbekstanda tsement bazarı (Oxangaran, Kubasay, Begabad).

Taza (sap) monopoliya bazarı - bul bazarda satıwshı sıpatında tek bir firma qatnasıp, pu`tkil bir tarmaq (sfera) sog`an tiyisli boladı. Bul jerde ba`seke bolmaydı. Bunday bazarg`a AQSh komp yuter bazarın (IBM korperatsiyası), O`zbekstanda Tashkent traktor zavodın aytıw mu`mkin.

Bazardı ondag`ı sawda jumıslarının` jag`dayına qaray bir neshe buwınlarg`a ajıratıwg`a boladı. Bunday ajıratıw bazar segmenti dep ju`rgiziledi. Segment bazardın` kishi bo`limi bolıp, bul jerde qarıydarlar sheklengen topar bolıp, olarg`a ma`lim tu`rdegi tovarlar satıladı. Bazardın` segmentlerge ajıratılıwına eki jag`day sebepshi boladı: 1) miynet bo`liniwshiligi teren`lesip, ha`r qıylı tovarlardın` islep shıg`arılıwı ha`m olardın` ma`lim topardag`ı islewshilerge mo`lsherlengenligi; 2) tutınıwshılardın` sotsial-ekonomikalıq jaqtan bo`lekleniwshiligi ha`m olar talaplarının` o`z-ara bir-birinen o`zgesheleniwi.

Bazar baylanısları erkin ha`reket etiwi ushın bazar infrastrukturası na`tiyjeli islewi kerek.

Bazar infratrukturası - bul bazar baylanısların ju`rgiziw ushın xızmet etiwshi ka`rxana, birlespe ha`m sho`lkemlerdin` jıyındısı. Ol o`z ishine to`mendegilerdi aladı: birjalar, auktsionlar, sawda u`yleri, ma`slahat beriwshi firmalar, broker ha`m auditor sho`lkemleri, yarmarkalar, tender (ayrıqsha sawda) sho`lkemleri, bankler, bajıxana sho`lkemleri, qamsızlandırıw kompaniyaları, salıq inspektsiyası ha`m basqa da finanslıq sho`lkemler. Bulardın` ha`r biri bazardın` rawajlanıwı ushın xızmet etedi. Sol sebepli bazar ekonomikasına o`tiwde bazar infrastrukturasın qa`liplestiriw tiykarg`ı mashqalalardın` biri esaplanadı. Biraqta onı birden qa`liplestirip bolmaydı.

Bazar quramalı sistema bolg`anlıqtan, onın` ha`reket etiwi to`mendegi elementlerdin` o`z-ara ta`siri ha`m baylanısı na`tiyjesinde a`melge asırıladı. Bul elementler-talap, usınıs, ba`seke ha`m baha.

Bazar elementlerinin` ha`r biri o`zine ta`n o`zgesheliklerige iye. Biz bul temada onın` da`slepki ekewine (talap ha`m usınısqa) toqtap o`temiz. Da`slep talaptı qarap ko`reyik. Bizge belgili bazarda tiykarınan eki sub`ekt o`ndiriwshiler (satıwshılar) ha`m tutınıwshılar (qarıydarlar) ha`reket etedi. Tutınıwshılardın` bazardag`ı ha`reketi talap formasında ko`rinedi. Sebebi, talap qanday da tovarg`a yamasa xızmetke bolg`an mu`ta`jliktin` bazardag`ı ko`rinisi. Biraqta talaptın` tiykarın mu`ta`jlik qurag`anı menen ha`r qanday mu`ta`jlik talap bola almaydı. Talap real bolıwı ushın tovardı satıp alıwg`a jeterli aqsha bolıwı kerek. Sebebi haqı to`lenbegen mu`ta`jlikti bazar esapqa almaydı. Demek, talap degenimiz, aqsha menen ta`miyinlengen mu`ta`jliklerdin` jıyındısı. Mısalı, qanday da bir adamnın` avtomobil , mebel yaki basqa tovarg`a mu`ta`jligi payda boldı deyik, onın` sol tovardı satıp alıwg`a jeterli mug`darda aqshası bolmasa, onda bunday mu`ta`jlik talaptı payda etpeydi.

Ayırım qarıydar, qanday da tutınıwshılar toparı yamasa pu`tkil ja`miyet satıp alıwdı qa`legen anıq tayın tovarlar ko`lemi talap etilgen tovarlar mug`darı dep ataladı. Ol bir qansha faktorlarg`a baylanıslı boladı: tovardın` yamasa xızmetlerdin` bahasına, qarıydarlardın` diydine (qızıg`ıwshılıg`ı), tutınıwshılar da`ramatlarına, orınbasar tovarlardın` bahasına, qarıydarlar sanına, inflyatsiya da`rejesine t.b. Bul faktorlardın` ta`sirinde talap o`zgerip turadı. Bunday o`zgeriwdin` tiykarı bolıp, talap penen tovar bahasının` o`z-ara baylanısı esaplanadı. Sebebi, ko`rsetilgen faktorlar arasında tovardın` bahası talaptın` tez o`zgeriwine alıp keledi. Talap penen baha ortasındag`ı o`z-ara ta`sir etisiwdi ha`r qanday bazarda ko`riw mu`mkin. Mısalı, mal go`shin alıp qarayıq. Bunda barlıq satıwshılar sapası birdey go`sh satadı deyik (xalıq da`ramatları, diydi, ayırım jerde jasawshılardın` sanı o`zgermeydi dep ko`z aldımızg`a keltireyik). Mısalımızda tek g`ana go`shtin` bahası o`zgeredi. Bunday jag`daydag`ı talaptın` o`zgeriwin ko`rip o`temiz.

| 1 kg go`shtin` bahası (swm) | Talap etilgen go`shtin` mug`darı (kg) |
|---|---|
| 8000 | 1 |
| 6000 | 2 |
| 4000 | 4 |
| 2000 | 6 |
| 1000 | 8 |

Tablitsada ko`rinip turg`anınday tovar bahası to`menlegen sayın talap mug`darı artıp baradı. Ko`rsetilgen mag`lıwmatlardı grafikke tu`siremiz.




payda bolg`an sızıq talap sızıg`ının` iymekliligi dep ataladı. Egerde bul sızıq shep ta`repke jılıssa, onda talaptın` to`menlegenligin, al on`g`a jılıssa talaptın` joqarılag`anlıg`ın bildiredi. Demek, tovardın` bahası artqan sayın og`an talap to`menleydi ha`m kerisinshe baha to`menlese, talap artadı. Juwmaqlastırıp aytqanda, baha menen talap ortasında keri baylanıslar bar. Bunda keri baylanıs talap nızamı dep ataladı.

Talap nızamının` tiykarında neler jatatug`ınlıg`ın to`mendegi jag`daylar menen ko`riw mu`mkin.

1. Tovardın` bahası joqarı bolg`an jag`dayda haqıyqattan da onı tutınıwshılar az mug`darda satıp alaı. Tutınıwshılar ushın baha tovar ha`m xızmetlerdi satıp alıwg`a kesent beriwshi tosqınlıq esaplanadı. Bul tosqınlıq qanshelli joqarı ha`m bekkem bolsa, qarıydarlar az mug`darda tovar satıp aladı, baha tosqınlıg`ı qanshelli to`men bolsa, sonshelli mug`darda o`nim satıladı.

Basqasha aytqanda, joqarı baha tutınıwshılardın` tovarlardı satıp alıw qızıg`ıwshılıg`ın to`menletedi, al to`men baha ku`sheytedi.

2. Barlıq waqıtta o`nim satıp alıwshı ha`r bir adam o`nimnin` keyingi birligine kemirek za`ru`r boladı. Mısalı, qarıydarg`a ayaq-kiyim kerek, onın` ushın bir jup ayaq-kiyimnin` za`ru`rligi og`ada joqarı, sebebi ol jalan` ayaq ju`re almaydı. Ekinshi jup ayaq kiyim birinshisin almastırıp turıwg`a mu`mkinshilik beredi, biraq onın` za`ru`rligi to`menirek, sebebi onın` ayaq kiyimi bar. :shinshi ha`m to`rtinshi jup ayaq kiyimnin` za`ru`rligi to`menlep bara beredi. Sebebi mu`ta`jlik toyıng`an sayın tovardın` tutınıwshı ushın za`ru`rligi to`menleydi. Sol sebepli ko`pshilik tutınıwshılar o`nimnin` qosımsha birligin baha to`menlep barg`an jag`dayda g`ana satıp aladı.

3. O`nim bahasının` to`menlewi tutınıwshının` aqsha da`ramatlarının` real satıp alıw qa`biletin joqarılatadı. Usıg`an baylanıslı tutınıwshı tovardı aldın`g`ıg`a qarag`anda ko`birek satıp alıw mu`mkinshiligine iye boladı. Joqarı baha keri jag`dayg`a alıp keledi.

Endi talaptın` o`zgeriwshen`ligine toqtap o`temiz. Talaptın` o`zgeriwshen`ligi bir neshe faktorlarg`a baylanıslı. Olardın` en` tiykarg`ısı-baha. Bahag`a baylanıslı talaptın` o`zgeriwshen`ligi to`mendegishe esaplanadı.

$$BT=\frac{\Delta T}{T}:\frac{\Delta B}{B}$$

bunda, T-baha o`zgeriwinen aldın`g`ı talap

$\nabla T$ -baha o`zgeriwi na`tiyjesinde talap o`zgerisi;

B-tovardın` o`zgeriwinen aldın`g`ı baha

$\nabla B$- baha o`zgerisi.

Bizge belgili baha ha`m talap qarama-qarsı bag`ıtta o`zgeredi. Bul jerde bizdi bahanın` o`zgeriwinin` ulıwma mug`darı qızıqtıradı. Egerde da`slepki baha bir dep qabıl etiletug`ın bolsa, onda u`sh variant kelip shıg`ıwı mu`mkin.

1. Eger talap bahag`a qarag`anda ko`birek da`rejede o`zgerse, onda baha o`zgerisi birden u`lken BO` > 1 ha`m talap o`zgeriwshen` boladı.

2. Talap penen baha birdey o`zgerse, onda baha o`zgerisi birge ten`. BO`= -1, talaptın` /B$\theta$/< 1 ha`m talap o`zgeriwshen` emes.

3. Eger talaptın` salıstırmalı o`zgeriwi bahanın` o`zgeriwine qarag`anda to`men bolsa, baha o`zgerisi birden kishi BO` < 1 ha`m talap o`zgeriwshen` emes.

Talaptın` o`zgeriwshen`ligi tek g`ana tovar bahasına emes, basqada faktorlarg`a baylanıslı. Olar: qarıydarlar qızıg`ıwshılıg`ı, bazardag`ı qarıydarlar sanı, qarıydarlar da`ramatları, o`z-ara baylanıslı ha`m orınbasar tovarlar bahası, bahanın` o`zgeriwin ku`tip turıw h.t.b.

Qarıydarlardın` qızıg`ıwshılıg`ın arttırıwg`a reklama beriw, modalar yamasa bahanı to`menletiw arqalı erisiwge boladı. Texnologiyalıq o`zgerisler de, qızıg`ıwshılıqtı arttıradı.

Qarıydarlar sanı. Bazarda qarıydarlar sanının` ko`beyiwi talaptı ku`sheytedi.

Da`ramatlar ko`lemi. Qarıydarlardın` da`ramatlarının` ko`beyiwi menen satıp alınatug`ın tovarlar mug`darıda ko`beyedi ha`m kerisinshe.

O`z-ara baylanıslı tovar bahalarının` o`zgeriwi talaptı da o`zgertedi.

Bahanın` o`zgeriwin ku`tip turıw. Eger bahanın` ko`teriliwi ku`tilse, qarıydarlar qımbatlamastan burın kerek zatlardı ko`birek satıp alıwg`a ha`reket etedi. Da`ramatlardın` o`zgeriwi ku`tilse, qarıydar ku`ndelikli qa`rejetlerdi onsha u`nemlep otırmay jumsaydı.

Sotsial-ekonomikalıq rawajlanıw dawamında mu`ta`jlikler artıp baradı. Usının` tiykarında talap ta o`sedi. Olardı qanaatlandırıw ushın bazarda usınıs ha`reket etedi.

Bazarda talapqa qarsı ta`repke usınıs turadı. Usınıs degenimiz, -o`ndiriwshiler ta`repinen islep shıg`aılg`an ha`m belgili jag`dayda bazarg`a shıg`arılg`an yamasa shıg`arılıwı mu`mkin bolg`an ulıwma tovarlar ha`m xızmetler mug`darı.

O`ndiriwilerdin` bazarda satıwg`a qaratılg`an o`nimler ko`lemi usınıs etilgen tovarlar mug`darı dep ataladı. Tovarlar usınısının` ko`lemi satıwg`a shıg`arılg`an tovarlar summası menen belgilenedi.

Tovar ha`m xızmetler usınısının` ko`lemi o`ndiris ko`lemine ha`m onın` du`zilisine baylanıslı boladı. Biraqta tovarlar usınısı islep shıg`arılg`an o`nimler mug`darına ten` bolmawı da mu`mkin. Sebebi o`ndirilgen o`nimlerdin` barlıg`ı bazarg`a shıg`arılmawı mu`mkin.

Usınıs etilgen tovarlar mug`darına bir neshe faktorlar: tovar bahası, resurslar bahası, o`ndiris texlologiyası, basqa tovarlar bahası, salıqlar ha`m subventsiyalar, bazardag`ı satıwshılar sanı, bahanın` o`zgeriwin ku`tiw ta`sir etedi.

Da`slep usınıstın` bahag`a baylanıslılıg`ın ko`rip o`teyik. (bunda basqa faktorlar o`zgermeydi dep olardın` usınısqa ta`sirin esapqa almaymız). Bunın` ushın burıng`ı mısalımızdı (mal go`shi) dawam etemiz.

| 1 kg go`shtin` bahası (swm) | Usınıs etilgen go`shtin` mug`darı (t) |
|---|---|
| 1000 | 1 |
| 2000 | 2 |
| 4000 | 4 |
| 6000 | 6 |
| 8000 | 8 |

Tablitsada ko`rinip turg`anınday tovar bahasının` o`siwi usınıstı da joqarılatadı. Bunı grafikke tu`siremiz.

A,V, S, D,E tochkaların birlestirsek, usınıs sızıg`ı payda boladı. Bul usınıs ha`m baha ortasındag`ı baylanıstı ko`rsetedi. Tovarlar usınısı menen baha ortasında tuwrı baylanıslar bar. Bunday baylanıs usınıs nızamı dep ataladı. Bul nızamg`a muwapıq tovarlardın` bahası qansha joqarı bolsa, bazarg`a o`ndiriwshiler ta`repinen sol tovar ko`birek usınıs etiledi. Demek, baha o`sken sayın, usınıs joqarılaydı, baha to`menlese usınıs qısqaradı.




Usınıstın` ko`beyiwi qa`rejetlerdi de ko`beytedi. Eger qosımsha tovarlardı satıwdan tu`sken tu`sim olardı islep shıg`arıwg`a ha`m bazarg`a jetkeriw qa`rejetlerin qaplamaytug`ın bolsa, onda bahanın` o`siwine qaramay usınıs ko`beymeydi. Al, baha to`menlegen jag`dayda o`ndiris ha`m satıw qa`rejetleri ko`birek to`menlese, onda tovarlardı usınıs etiw ko`beyiwi mu`mkin.

Endi usınıstın` o`zgeriwshen`ligine toqtap o`teyik. Tovar bahasına qaray usınıs o`zgeriwshen`ligin anıqlaw ushın bahag`a muwapıq usınıs o`zgeriwlen`ligi ko`rsetkishi qollanıladı, ol to`mendegi formula boyınsha esaplanadı.

$$BU = \frac{\nabla Y}{Y} : \frac{\nabla B}{B}$$

bul jerde, u-baha o`zgeriwinen aldın`g`ı tovar usınısı.

$\nabla Y$ -usınıs o`zgerisi.

B- tovardın` da`slepki bahası

$\nabla B$ -baha o`zgerisi

Bahag`a baylanıslı usınıstın` o`zgeriwshen`ligi mug`darı boyınsha birden u`lken, ten` yamasa kishi bolıwı mu`mkin.

Bahag`a baylanıslı usınıs o`zgeriwshen`ligi /BU/ birden u`lken bolg`anda /BU/>1, usınıs o`zgeriwshen` boladı, /BU/=1 bolsa, usınıs o`zgeriwshen` emes. BO` < 1 bolsa,usınıs ulıwma o`zgermeydi. Bul bahanın` ha`r qanday o`zgerisi usınısqa ta`sir etpeydi degendi an`latadı.

Bazarg`a usınıs etiletug`ın tovarlar ko`lemine tek g`ana onın` bahası emes, al basqada faktorlar ta`sir etedi.

Resurslar bahası, resurslar bahasının` to`menlewi, o`ndiris shıg`ınların azaytadı, tovar o`ndiriwdi ko`beytedi. Demek, usınıs artadı, keri jag`dayda usınıs to`menleydi.

O`ndiris texnologiyası. O`ndiris texnologiyasın jetilistiriw ha`m onı jaqsılaw tovarlardı burıng`ıdan da na`tiyjeli ha`m sapalı islep shıg`arıwg`a, o`ndiris na`tiyjeligin arttırıwg`a, shıg`ınlardı azaytıwg`a mu`mkinshilik beredi. Bul protsess usınıstı joqarılatadı.

Salıqlar ha`m subventsiyalar. Salıqlar mug`darının` ko`beyiwi, mısalı, da`ramat salıg`ı, jer salıg`ı, mu`lk salıqlarının` ko`beyiwi, o`ndiris shıg`ınlarının` mug`darın ko`beytedi. Na`tiyjede usınıs azayadı. Al eger ma`mleket qanday da tovarlardı islep shıg`arıwg`a subventsiyalar berse, ol shıg`ınlardın` bir bo`legin qaplap barıp, shıg`ınlardın` az jumsalıwına ja`rdem beredi. Bul usınıstı ko`beytedi.

Basqa tovar bahaları. Basqa tovar bahalarının` o`zgeriwi usınıstın` o`zgeriwine alıp keledi. Mısalı, biyday bahasının` pa`seyiwi fermerlerde ma`kke yamasa ju`weri egiwge ha`m onı satıwg`a qızıg`ıwshılıqtı payda etedi ha`m kerisinshe biyday qımbatlasa ju`weri yamasa ma`kke usınısı to`menleydi.

Bazardag`ı satıwshılar sanı. Olar qansha ko`beyse, usınıs sog`an sa`ykes ko`beyedi.

Bahanın` o`zgeriwin ku`tip turıwda usınıstın` ko`lemine, ka`rxana is ha`reketine ta`sir etedi.

Talap ha`m usınıs bazardın` eki ta`repi bolıp olar o`z-ara tıg`ız baylanısta ha`reket etedi. Olardın` ekewide tovar bahası ja`rdeminde o`zgerip turadı.

Talap ha`m usınıstın` bir-birine sa`ykes keliwi bazar ekonomikasının` en` a`hmiyetli talabı, sebebi sol jag`day da g`ana (talap penen usınıs sa`ykesligi) ja`miyette ekonomikalıq o`siw ju`z beredi.

Talap ha`m usınıstın` ko`lemi ha`m mug`darı boyınsha bir-birine sa`ykes keliwi bazar ten`salmaqlılıg`ı dep ataladı. Bazar ten`salmaqlılıg`ın tu`sindiriw ushın biz burıng`ı mısalımızdı dawam ettirip, talap ha`m usınıstın` bahag`a baylanıslı o`zgeriwin ko`rip o`temiz. Bunın` ushın talap ha`m usınıs tablitsaların birlestiremiz.

| 1 kg go`shtin` bahası (swm) | Talap etilgen go`shtin` mug`darı (t) | Usınıs etilgen go`shtin` mug`darı (t) | Talaptın` (t) ha`m usınıstın` (-) artıp ketiwi |
|---|---|---|---|
| 1000 | 8 | 1 | +7 |
| 2000 | 6 | 2 | +4 |
| 4000 | 4 | 4 | ± 0 |
| 6000 | 2 | 6 | -4 |
| 8000 | 1 | 8 | -7 |

Tablitsada ko`rinip turg`anınday 1 kg go`shtin` bahası 4000 swm bolg`anda talap ha`m usınıs bir-birine mug`darı boyınsha ten` boladı. Al, onnan to`men bolsa. mısalı baha 2000 swm bolsa, D=6 t, S=2 t bolsa, 4 t jetispewshilik boladı.

Bazarda usınıs etilgen tovarlar mug`darı (QS) menen talap etilgen tovarlar mug`darı (QD) ten` bolg`an jag`daydag`ı (QS=QD) baha ten`salmaqlı baha dep ataladı. Eger bazarda ten`salmaqlı baha ornatılsa, onda bazarda ten`salmaqlılıq qa`liplesedi. Bul bizin` mısalımızda to`mendegishe sa`wlelenedi. Bunın` ushın talap ha`m usınıs grafiklerin birlestiremiz.




Bul jerde baha 4000 swm bolg`anda QD=QS yag`nıy talap mug`darı menen usınıs mug`darı ten` boldı.

Talap ha`m usınıs o`zgerisinin` to`rt qag`ıydası bar:

1. Talaptın` o`siwi ten`salmaqlı baha ha`m ten`salmaqlasqan tovar mug`darının` o`siwine alıp keledi.

2. Talaptın` kemeyiwi ten`salmaqlı baha ha`m ten`salmaqlasqan tovar mug`darının` to`menlewine alıp keledi.

3. Usınıstın` artıwı ten`salmaqlı bahanın` ha`m ten`salmaqlasqan tovar mug`darının` artıwın keltirip shıg`araı.

4. Usınıstın` qısqarıwı ten`salmaqlı bahanın` artıwına ha`m ten` salmaqlı tovar mug`darının` kemeyiwine alıp keledi.

Bazar ten`salmaqlılıg`ı ma`n`gi emes. Sebebi adamlar mu`ta`jliklerinin` na`tiyjesinde jan`a talaplar payda boladı ha`m ol da`rhal qanaatlandırılmaydı.

Bazar ten`salmaqlılıg`ın ta`miyinlew jolları: tovar o`ndiriwdi talap da`rejesine jetkeriw arqalı bazardı toltırıw ,

jeterli tovar zapasın payda etiw; talap ku`shli o`nimlerdin` bahasın joqarılatıw, o`tpey turg`an tovar bahasın to`menletiw; xalıq da`ramatların tovar ha`m xızmetlerdin` ko`beyiwine qarap arttırıp barıw; miynet o`nimdarlıg`ın xızmet haqıg`a qarag`anda tezirek o`siriw t.b.

Bazar ten`salmaqlılıg`ı ekonomikalıq jaqtan ku`shli rawajlang`an ma`mleketlerde bazardı ta`rtipke salıw arqalı qa`liplesip baradı.

**Tiykarg`ı tayanısh so`zler:**

Bazar - o`ndiriwshiler menen tutınıwshılar (satıwshılar menen qarıydarlar) ortasında tovarlardı almasıw menen baylanıslı kelip shıg`atug`ın ekonomikalıq qatnasıqlar.
Bazardın` toyınıw da`rejesi - bazarg`a shıg`arılg`an talaptın` qanaatlandırılıwın sa`wlelendiredi.
Bazar infrastrukturası- bazar baylanısların ju`rgiziw ushın xızmet ko`rsetiwshi salalardın` jıyındısı.
Bazardı segmentlew- bazardın` sawda jumıslarının` jag`dayına qaray bir neshe buwınlarg`a ajıratılıwı.
Talap - aqsha menen ta`miyinlengen mu`ta`jliklerdin` jıyındısı.
Talap nızamı - Tovar baxası menen talap ortasındag`ı keri yamasa qarama - qarsı baylanıslardı sa`wlelendiredi.
Usınıs - belgili bir waqıtta bazarg`a shıg`arılg`an ha`m shıg`arılıwı mumkin bolg`an tovarlar mug`darı.
Usınıs nızamı - baha menen satıwg`a shıg`arılg`an tovarlar mug`darı ortasındag`ı tuwrı baylanıslardı sa`wlelendiredi.
Bazar ten`salmaqlılıg`ı - talap penen usınıstın` ko`lemi ha`m mug`darı boyınsha bir-birine sa`ykes keliwi

**Ta`kirarlaw ushın sorawlar**

1. Bazar tu`sinigin ta`riyplep berin` ha`m onın` tiykarg`ı wazıypaların tu`sindirin`.
2. Bazardın` toyınıw da`rejesi qalayınsha anıqlanadı? Mısallarda tu`sindirin`.
3. Bazardın` ha`r qıylı belgileri boyınsha tu`rleniwin tu`sindirin`.
4. Bazar infrastrukturası degen ne?
5. Talap degen ne ? Talaptın` mug`darına qanday faktorlar ta`sir etedi?
6. Talap nızamının` mazmunın tusindirin`.
7. Usınıs degen ne? Og`an qanday faktorlar ta`sir etedi?
8. Usınıs nızamının` mazmunın tusindirin`.
9. Bazar ten`salmaqlılıg`ı qanday jag`dayda qa`liplesedi?
10. Ten`salmaqlı baha degen ne? Mısallarda tusindirin`.

## 5-tema. Bazar eкonomiкasına o’tiw da’wiri

1. Bazar eкonomiкası ha’m onın’ tiyкarg’ı belgileri. .
2. O’tiw da’wiri,onın’ tiyкarg’ı belgileri ha’m bazar reformaları.
3. O’zbeкstan Respubliкasının’ bazar eкonomiкa-sına o’tiw o’zgesheliкleri ha’m eкonomiкalıq reformalardın’ na’tiyjeleri

Ha`zirgi zaman ekonomikasında bazar ekonomikası a`hmiyetli orın iyeleydi. Bul ekonomikanın` jetiskenliklerin du`n yanın` aldın`g`ı rawajlang`an ma`mleketleri mısalında ko`riwimizge boladı (AQSh, Yaponiya, Germaniya, Tu`slik Koreya, Singapur h.t.b.).

Bazar ekonomikası - erkin tovar - aqsha qatnasıqlarına tiykarlang`an ha`m olarg`a ta`n bolg`an nızamlar menen basqarılatug`ın ekonomika. Bul ekonomikada ha`r bir xojalıq sub`ektleri tiykarg`ı ekonomikalıq maqalalardı (neni? qalayınsha? kimler ushın?) o`z qa`lewi boyınsha sheshedi.

Bazar ekonomikası o`zine ta`n belgilerge iye. Onın` en` a`hmiyetli belgisi - ekonomikalıq plyuralizm, yag`nıy menshik formalarının` ko`p tu`rliligi ha`m xojalıq ju`rgiziwdin` ha`r tu`rli usıllarının` ha`reket etiwi.

Bazar ekonomikası erkin ekonomika bolg`anlıqtan ol ekonomikalıq monopolizmdi biykarlaydı. Ekonomikalıq monopolizm - bul ka`rxana, birlespe ma`mlekettin` ulıwma ekonomikasında yaki onın` bir tarawında hu`kimdarlıq etiwi. Ekonomikalıq o`siwge qaray bag`dar alıw ushın monopoliyag`a shek qoyıp, erkin ba`seke gu`resin rawajlandırıw kerek.

Bazar ekonomikasının` ja`ne de bir belgisi - bahanın` liberallasıwı (erkinlesiwi). Bul ekonomikada baha ma`mleket ta`repinen qatan` ta`rtipte belgilenbeydi. Baha talap ha`m usınısqa qaray, satıwshı menen qarıydardın` sawdalasıwına qaray kelip shıg`adı. Bul ekonomikada kelisilgen bahalar ha`reket etedi.

Bazar ekonomikasında ba`seke a`hmiyetli rol atqaradı. Sebebi ol bazar ekonomikasın ha`reketke keltiriwshi tiykarg`ı ku`sh esaplanadı. Ba`seke ekonomikanı ta`rtipke salıw ha`m qadag`alawshı qural sıpatında da xızmet etedi. Onın` ja`rdeminde ekonomikalıq o`siw ju`z beredi ha`m bazar sapalı o`nimler menen toltırıladı.

Bazar ekonomikası jag`dayında ba`sekege ta`n bolmag`an qatnasıqlar da kelip shıg`adı. Mısalı, marketing (o`ndiristi bazar menen baylanıstırıw) arqalı o`ndiris penen tutınıwdı baylanıstıradı. Bunda satıwshı menen qarıydar ortasında ba`sekesinin` ornına o`z-ara ma`lim baylanıslar ornatıladı. Qarıydarg`a kerekli tovar jetkizip beriledi, baha bolsa satıwshı ushın qolay boladı. Ma`mleket ekonomikalıq sub`ektler jumıslarına aralasıp, onı ta`rtiplestiredi. Ol nızam shıg`arıw jolı menen monopoliyanı shekleydi, ba`sekenin` hadal ju`rgiziliwin ta`miyinlewshi qag`ıydalar qabıl etedi.

Ha`r qanday bazar ekonomikası ta`rtipke salıwshı mexanzimlerine iye. Bul mexanizmnin` du`zilisine: talap, usınıs, ba`seke ha`m baha kiredi. Bular arasında baha jetekshi rol oynaydı. Baha o`sip, tovarlar tez satılsa, payda ko`beyedi ha`m tovarlar ko`birek o`ndiriledi. Al tovar bahaları to`menlep, olar jaqsı o`tpese, o`ndiristi qısqartıw kerek (sol tovardı islep shıg`arıwdı).

Bazar ekonomikasının` tiykarg`ı ekonomikalıq nızamı - talap ha`m usınıs nızamı. Sol nızam tiykarında bazar ekonomikası retlestirilip otırıladı.

Prezident I.Karimov atap ko`rsetkenindey, {bazarg`a o`tiwimiz anıq. Bul - da`wirdin` talabı, ob`ektiv reallıq bolıp tabıladı. Sonın` menen qatar bazar tek maqset emes, al jan`a g`a`ziynelerdi qa`liplestiriw, adamlar abadanshılıg`ının` sapa jag`ınan tu`pkilikli joqarı da`rejesine erisiw usılı ha`m quralı}.

Bazar ekonomikasına o`tiw tuwrıdan-tuwrı a`melge asırılmaydı. Og`an o`tiw ushın bir qatar mashqalalardı sheshiw za`ru`r. Bul mashqalalardın` en` tiykarg`ılarına to`mendegiler kiredi:

- ko`p ukladlı ekonomikanı qa`liplestiriw;
- bazar infrastrukturasın du`ziw;
- mu`lkti ma`mleket iyeliginen bo`lip alıwdı ha`m menshiklestiriwdi a`melge asırıw;
- ba`sekelesiw ortalıg`ın qa`liplestiriw;
- isbilermenlikti ha`m kishi biznesti rawajlandırıwg`a mu`mkinshilikler jaratıw;
- monopoliyanı biykarlaw;
- bazar qatnasıqların ta`miynlewshi bazarlardı payda etiw h.t.b.

Bul mashqalalardı sheshken jag`dayda g`ana bazar ekonomikasına o`tiwge ken` mu`mkinshilikler jaratıladı.

Bazar ekonomikası jag`dayında en` kem (to`men) da`ramattın` shegarası ma`mleket ta`repinen nızamlı ta`rtipte belgilenedi. Mısalı, O`zbekstanda en` kem is haqı 2007-jılı 1-sentyabrden baslap 15 520 swm dep belgilendi.

Da`ramatlardın` joqarı shegarası belgilep qoyılmaydı. Bul adamlarda aqsha tabıwg`a bolg`an qızıg`ıwshılıqtı arttıradı. Biraq ta baylar a`dalatlı jol menen da`ramat tabıwı tiyis ha`m onı jasırmastan ja`riya etiwi kerek.

Bazar ekonomikasına o`tiw quramalı uzaq dawam etiwshi ulıwma insanıylıq qubılıs bolıp, ob`ektiv za`ru`rlik esaplanadı. Bazar ekonomikası tsivilizatsiyasının` en` u`lken jetiskenliklerinin` biri bolıp, rawajlang`an ma`mleketler ekonomikalıq sistemalarının` na`tiyjeli islewin ta`miyinlewshi, ju`z mın`lap ka`rxanalar ha`m millionlap adamlar jumısların payda etiwshi ha`m ekonomikalıq o`siwdi ta`miyinlewshi qural esaplanadı.

Bazar ekonomikasına o`tiw XX a`sirge ta`n bolg`an globallıq mashqala esaplanadı. Bazar ekonomikasına o`tiw adamlardın` qa`lewi emes, ob`ektiv za`ru`rlik. Sebebi bazar qatnasıqları ekonomikanın` ku`shli rawajlanıwın ta`miyinlewshi u`sh ku`shti ju`zege keltiredi.

Olar birinshiden, ekonomikalıq xızmet erkinligi, ekinshiden, ba`seke gu`resi, u`shinshiden, da`ramatlardın` sheksizligi.

Batıs ekspertlerinin` da`liyllewinshe, 1993-jıldın` na`tiyjeleri ha`m keyingi jıllarda rawajlanıw imkaniyatların esapqa alıp, ekonomikanın` na`tiyjeligi on ballıq sistemada bahalang`anda tu`rli ma`mleketler ekonomikalıq rawajlanıwı boyınsha to`mendegishe ko`rsetkishke iye bolg`an: Singapur- 10 ball, Yaponiya - 9,4 boyınsha ball, Tayvan, Gonkong ha`m AQSh-9,1 ball, Kanada-9, Qazaqstan-2,7, Ukraina-2,3, Rossiya-2,2, Tu`rkmenstan-1,7 Ta`jikstan-1,1 ball toplag`an.

Du`n ya ta`jiriybesi da`lillep ko`rsetkenindey bazar sisteması tiykarında rawajlanıp kelgen ma`mleketler o`zlerinin` rawajlanıw da`rejeleri boyınsha aldın`g`ı orınlardı iyelese, jobalı sistemada rawajlanıp kelgen ma`mleketler keyingi orınlardı iyelep kelgen. Sonlıqtanda g`a`rezsizlikke erisken ma`mleketler o`z rawajlanıw jolında bazar ekonomikasına bag`dar alıp, o`zlerinin` o`tiw kontseptsiyaların islep shıg`ıp, o`z jolın tan`lap aladı.

Bazar ekonomikasına o`tiw uzaq da`wirdi talap etedi.

O`zbekstan Respublikası o`z g`a`rezsizligin qolg`a kirgizgennen son`, demokratiyalıq, adamgershilikli, huqıqıy ja`miyet qurıw jolında bazar ekonomikasına o`tiwdi maqset etti ha`m bul jolda o`zine ta`n o`zgesheliklerdi esapqa alıp basqıshpa-basqısh o`tiwdi tan`lap aldı. Bul jolda bazar reformaların o`tkerip atır. Bazar reformaları-bul xalıqtın` qatnasıwında, ma`mleket ta`repinen islep shıg`arılg`an, bazar qatnasıqların qa`liplestiriwge qaratılg`an ilajlardın` ma`mleket qadag`alawında a`melge asırılıwı. Reformalardı o`tkeriwden aldın bazar ekonomikasına o`tiw kontseptsiyası yag`nıy teoriyalıq modeli do`retiledi. Bul kontseptsiyada jan`a ekonomikag`a o`tiwdin` ulıwmalıq ta`repleri ha`m milliy o`zgeshelikleri ko`rsetiledi ha`m reformalardın` tiykarg`ı bag`darları belgilenedi.

O`zbekstan Respublikasında ekonomikalıq reformalardı (bazar reformaların) a`melge asırıwdın` tiykarg`ı bag`darları to`mendegilerden ibarat.

1. Menshik qatnasıqları reforması.
2. Agrar reforma.
3. Finans-kredit sistemasının` reforması.
4. Basqarıw sistemasın reformalaw ha`m bazar infrastrukturasın jaratıw.
5. Sırtqı ekonomikalıq baylanıslar reforması.
6. Sotsiallıq reformalar.

Bul reformalardın` izbe-izligi, o`tkeriw usılları ha`m mu`ddetleri ha`r qıylı boladı. Biraqta reformalardın` ekonomikanın` barlıq ta`replerine tiyisli bolıwı, olardın` ekonomikalıq qatnasıqlarda teren` o`zgeris jasaw za`ru`rligi bazar reformalarının` ulıwmalıq sha`rti esaplanadı. Bazar reformaları kompleksli xarakterde bolıp, olar ekonomikanın` barlıq tarawlarında o`tkeriledi.

O`zbekstanda ekonomikalıq reformalar ekonomikanın` barlıq tarmaqlarında basqıshpa-basqısh a`melge asırılıp atır. Reformalardın` birinshi basqıshında kishi menshiklestiriw protsessi o`tkerilip, menshiktin` ha`r qıylı formalarına tiykarlang`an ko`p ukladlı ekonomika tiykarları du`zildi, sonday-aq bazar infrastrukturasının` bir qatar elementleri qa`liplestirildi. Na`tiyjede ekonomikada bir-biri menen erkin ba`seke gu`resine tu`setug`ın da`slepki xojalıq sub`ektleri ha`reket ete basladı. Ko`plegen

ma`mleketlik mu`lk ob`ektleri konkurs tiykarında auktsionda satılıp, menshiktin` basqa formalarına o`tkerildi. Al reformalardı ekinshi basqıshında menshiklestiriw protsessi dawam etip, iri menshiklestiriw ha`m aktsionerlestiriw protsessi o`tkerilip atır. Da`slep jabıq tu`rdegi son`ınan ashıq tu`rdegi aktsionerlik ja`miyetler du`zildi. Bul jumıslar menen shug`ıllanıwshı da`slep mu`lk komiteti, son`ınan biznes orayları sho`lkemlestirildi.

**O`zbekstanda bazar ekonomika o`tiw kontseptsiyası ha`m reformalar strategiyası**

O`zbekstanda bazar ekonomikasına o`tiw kontseptsiyası ha`zirgi zaman ekonomikalıq teoriyaları menen baylanıslı. Bul kontseptsiya komandalıq ekonomikalıq sistemadan bazar ekonomikasına o`tiwdin` nızam - qag`ıydaları ha`m onın` O`zbekstandag`ı o`zgesheliklerine ta`n ilimiy ko`z-qaraslardın` toplamınan ibarat. Bul kontseptsiyanın` payda bolıwı O`zbekstan Respublikasının` siyasiy g`a`rezsizliginin` qolg`a kirgiziliwi menen baylanıslı.

G`a`rezsizlik jag`dayında O`zbekstan o`z rawajlanıw jolın tan`lap, onın` kontseptsiyasın jaratıw imkaniyatına iye boldı. Bul kontseptsiya O`zbekstan Respublikası Prezidenti I.Karimovtın` miynetlerinde, maqalalarında, ma`mleket Oliy Ma`jilisi qabıl etken qarar ha`m nızamlarda ha`r ta`repleme islep shıg`ıldı. Bul kontseptsiya ulıwmalasqan ta`rtipke I.Karimovtın` "O`zbekstan bazar qatnasıqlarına o`tiwdin` o`zine ta`n jolı", "O`zbekstan ekonomikalıq siyasattın` baslı bag`darları" atlı miynetlerinde bayan etilgen. Bul kontseptsiyanı milliy g`a`rezsizlik teoriyasının` ajıralmas bo`legi dep qaraw za`ru`r. Sebebi ekonomikanı rawajlandırmay turıp milliy g`a`rezsizlikti ta`miyinlew mu`mkin emes. O`zbekstan ushın en` baslı jol ha`m maqset ekonomikası rawajlang`an xalqı abadan jasaytug`ın, insan huqıqları tolıq ta`n alınatug`ın demokratiyalıq ja`miyet qurıwdan ibarat.

Du`n ya ta`jiriybesi da`liyllep ko`rsetkenindey ekonomikalıq ko`teriliw ushın bazar qatnasıqlarına o`tiw en` baslı jol. "Du`n ya tsivilizatsiyası ja`miyetlik rawajlanıwdın` sapa jag`ınan jan`a jolların islep shıqtı, retlestirilgen bazar ekonomikası mine usı jolg`a tiykar etip alıng`an" I.Karimov, biraqta bul joldın` barlıq jerde o`zine ta`n o`zgeshelikleri bar. O`zbekstan kontseptsiyası mine usınnan kelip shıg`adı ha`m bazar ekonomikasına o`tiwde o`z jolının` bar ekenligine tiykarlanadı. Bul jol bazar ekonomikasın, O`zbekstannın` o`zine ta`n jag`dayların esapqa alg`an halda izbe-izlik penen qa`liplestirip barıwın, og`an a`ste-aqırın, basqıshpa-basqısh, xalıqtı sotsiallıq qorg`ap barıp, sotsiallıq turaqlılıqtı ta`miyinlew arqalı o`tiwdi an`latadı.

Bazar ekonomikasına o`tiw kontseptsiyası sol ekonomikanın` tiykarg`ı belgilerin ilimiy sa`wlelendirgen halda, olardı qa`liplestiriw jolların jaratıp beredi.

O`zbekstannın` o`z jolın tan`lawı real sotsial-ekonomikalıq jag`daydan kelip shıg`adı, bul ob`ektiv za`ru`rlik.

O`zbekstan ta`biyiy resurslarg`a bay ma`mleket, onın` ekonomikasında paxtashılıq u`lken orın iyeleydi. :lken (ko`p) resurslardın` barlıg`ı O`zbekstandı investitsiya ushın qolay ma`mleketke aylandırdı. O`zbekstannın` bazarg`a o`tiw kontseptsiyasında O`zbekstannın` ha`r ta`repleme o`zgeshelikleri, birinshiden, ma`mlekettin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri esapqa alınsa, ekinshiden, bazar qatnasıqlarına o`tiwde toplang`an tariyxıy ta`jiriybeni bizin` jag`dayımızda qollaw za`ru`rligi ko`zde tutıladı. "Bizin` tiykarg`ı ko`z-qarasımız dep jazdı I.Karimov, -du`n ya ta`jiriybesi ha`m o`z praktikamızdan alıng`an paydalı ta`jiriybelerdi esapqa alg`an halda, o`zimizdin` sotsial-ekonomikalıq rawajlanıw jolımızdı tan`lap alıwdan ibarat".

O`zbekstanda bazar ekonomikasına o`tiw jolı sotsiallıq bag`darlang`an bazar ekonomikasın qa`liplestiriwge qaratılg`an. Bul joldı a`melge asırıwg`a, ekonomikanı tu`pten reformalawg`a prezidentimiz I.Karimov ta`repinen islep shıg`ılg`an a`hmiyetli bes printsip tiykar etip alıng`an. Bul printsipler: birinshiden, ekonomikanın` siyasatınan u`stemligin ta`miyinlew; ekinshiden, ma`mleket bas reformator bolıwı tiyis, u`shinshiden, nızamlar u`stemligin ta`miyinlew, to`rtinshiden, ku`shli sotsiallıq siyasat ju`rgiziw, besinshiden, bazar ekonomikasına basqıshpa-basqısh o`tiw.

<u>Ekonomikanın` siyasattan u`stemligi.</u> Bul qag`ıyda ekonomikalıq xızmet ja`miyetlik turmıstın` birinshi tiykarı ekenliginen kelip shıg`adı. Ekonomika qanday bolsa ja`miyetlik turmıstın` barlıq ta`repleri sog`an qarap rawajlanıwı tariyxıy da`liyillengen.

<u>Ma`mleket bas reformator</u>. Bul bazar ekonomikasına o`tiw ushın, za`ru`r bolg`an reformalar ken` ja`miyetshiliktin` qatnasıwında ma`mleket islep shıg`arg`an da`stu`rler tiykarında, onın` qatnasıwında ha`m basshılıg`ında a`melge asırılıwın bildiredi.

<u>Nızam u`stemligi.</u> Bul printsip nızamlar aldında ha`mmenin` birdey juwapkershilikke tartılıwın, nızam ha`mme ushın birdey ekenligin, olardı ha`mmesinin` moyınlawın ha`m hu`rmet etiwin an`latadı.

Ku`shli sotsiallıq siyasat ju`rgiziw. O`zbekstan kontseptsiyasında xalıqtın` ken` qatlamların, en` aldı menen onın` mayıp toparlarının`, sotsiallıq qorg`awdı ta`miyinlew ilajların ko`riw za`ru`r dep qaraladı.

Bazar ekonomikasına a`ste aqırın, basqıshpa-basqısh o`tiw. O`zbekstan Respublikası o`zinin` ha`r ta`repleme o`zgesheligine tiykarlana otırıp bul printsipke su`yenedi. O`tiw da`wirinde sistemanın` awır aqıbetlerin jen`ip, erkin bazar ekonomikasına o`tiw za`ru`r.

Bul printsiplerdin` ha`r biri u`lken a`hmiyetke iye, biraq besinshi printsipke (basqıshpa-basqısh o`tiw) ayrıqsha itibar beriw kerek. Sebebi tiyisli bolg`an huqıqıy tiykardı du`ziw, bazar infrastrukturasın jaratıw, adamlarda bazar ko`nlikpelerin payda etiw, jan`asha jag`daylarda isley alatug`ın kadrlardı tayarlaw ushın O`zbekstan Respublikası bazar ekonomikasına a`ste-aqırın, basqıshpa-basqısh, evolyutsiyalıq jol menen ekonomikalıq reformalardı o`tkeriw arqalı o`tip atır. Reformalardın` birinshi basqıshında bazar qatnasıqların qa`liplestiriwdin` huqıq tiykarların belgilewshi 100 ge jaqın nızam hu`jjetleri qabıl etildi, kishi menshiklestiriw a`melge asırılıp, ko`p ukladlı ekonomikanın` tiykarları payda boldı, bazar infrastrukturasının` bir qatar elementleri jaratıldı, xojalıq ju`rgiziwdin` jan`a formaları qa`liplestirildi.

Ekinshi basqıshta investitsiyalıq xızmetlerdi ku`sheytiw, teren` strukturalıq o`zgerislerdi a`melge asırıw ha`m sonın` tiykarında ekonomikalıq o`siwdi ta`miyinlep, bazar qatnasıqların tolıq qa`liplestiriw maqset etip qoyıldı. Usı maqsetten kelip shıg`ıp prezident I.Karimov o`zinin` ”O`zbekstan ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw jolında” atlı miynetinde ekinshi basqısh ushın bir qatar wazıypalardı belgilep berdi. Birinshi wazıypa ma`mleket mu`lkin menshiklestiriwdi aqırına jetkeriw. Ekinshi wazıypa-o`ndiristin` pa`seyiwine shıdam beriw ha`m makroekonomikalıq turaqlılıqtı ta`miyinlew. :shinshi wazıypa-ekonomikanın` strukturalıq du`zilisin tu`pten o`zgertiw, shiyki zat jetkerip beriwden tayar o`nim islep shıg`arıwg`a o`tiw.

Bul wazıypalardı orınlaw ushın reformalardın` ekinshi basqıshında teren` o`zgerisler a`melge asırılıp atır.

O`zbekstan Respublikası bazar ekonomikasına o`tiwde o`z mu`mkinshiliklerine su`yenedi. Sebebi, O`zbekstan - keleshegi ullı ma`mleket. Bul haqqında Respublika Prezidenti I.Karimov bılay dep ko`rsetti: “O`zbekstan keleshegi-ullı ma`mleket dep tastıyıqlaw ushın barlıq tiykarlar bar. Respublikada barlıq na`rse: ta`biyiy baylıqlar, o`nimdarlı jer, qu`diretli ekonomikalıq ha`m ilimiy-texnikalıq, insaniylıq ha`m ma`deniy da`rejeler bar. En` a`hmiyetlisi-bul u`lkede miynet su`yish ha`m ta`jiriybeli xalıq jasaydı”.

Respublikada mineral shiyki zatlardın` 95 tu`ri, 700 ka`ni bar. Orta Aziyadag`ı gaz kondensatı zapaslarının` 74%, ko`mirdin` 55%, paxta talasının` 75%, gidroenergetika resurslarının` 14%, miynet resurslarının` 40%, O`zbekstan u`lesine tuwra keledi. O`zbekstanda q0 altın ka`ni tabılg`an. Bul jerde du`n yada en` sap altın alınadı, altın qazıp shıg`arıw boyınsha respublika du`n yada aldın`g`ı orınlarda turadı. Paxta jetistiriw boyınsha du`n yada u`shinshi orında turadı.

Bu`gingi ku`ni O`zbekstan du`n yada ko`plegen aldın`g`ı rawajlang`an elleri menen ha`r ta`repleme ekonomikalıq, siyasiy h.t.b. qatnasıqlardı a`melge asırıp atır.

## Tiykarg`ı tayanısh so`zler

Bazar ekonomikası - erkin tovar -aqsha qatnasıqlarına tiykarlang`an, olarg`a ta`n nızamlar menen sho`lkemlestiriletug`ın ha`m basqarılatug`ın ekonomikalıq sistema.

Bazar ekonomikasının` sub`ektleri - ma`mleket, u`y xojalıg`ı, firmalar.

O`tiw da`wiri -bir ekonomikalıq sistemadan basqasına o`tiw ushın za`ru`r bolg`an da`wir aralıg`ı tu`siniledi.

Bazar reformaları - bazar ekonomikasın ha`m bazar qatnasıqların qa`liplestiriwge qaratılg`an ilajlardın` jıyındısı.

Ekonomikalıq uklad - ha`r qıylı menshikke tiykarlang`an xojalıq ju`rgiziw formaları ha`m tu`rleri.

Reformalar kontseptsiyası - ja`miyetlik-ekonomikalıq reformalardın` tiykarg`ı maqseti ha`m bag`darları, onı a`melge asırıwdın` wazıypaları ha`m strategiyalıq jollarının` ulıwmalıq ideyası.

Ekonomikalıq turaqlastırıw -ja`miyetlik o`nim to`menlewi ha`m jumıssızlıqtın` ku`sheyiw jag`daylarına shıdam bergen halda makroekonomikalıq ten`salmaqlılıqtı saqlaw ha`m o`ndiristin` ko`teriliwi ushın sha`rt-sharayatlardı ju`zege keltiriw.

## Ta`kirarlaw ushın sorawlar:

1. Bazar ekonomikasının` mazmunın tu`sindirin`.
2. Bazar ekonomikasının` tiykarg`ı belgilerin ta`riyplep berin`.

3. O`tiw da`wiri degen ne? Onın` za`ru`rligi neden ibarat?.
4. Bazar reformaları ha`m onın` bag`darların tu`sindirin`.
5. O`zbekstannın` bazar ekonomikasına o`tiw kontseptsiyasın ta`riyplep berin`.
6. Ne sebep O`zbekstanda bazar ekonomikasına o`tiw evolyutsiyalıq jolda a`melge asırılıp atır?
7. Bazar ekonomikasına o`tiwdin` printsiplerin tu`sindirip berin`.
8. Ekonomikalıq reformalardın` ekinshi basqıshının` tiykarg`ı wazıypaları nelerden ibarat?

## 6-тема. Бәсеки ҳәм баҳаның қәлиплесиўи

1. Бәсекиниң мазмуны, мақсети ҳәм объектив тийкарлары

2. Бәсекениң түрлериY тараў ишиндеги, тараўлар аралық, жетилискен ҳәм жетилиспеген бәсеке

3. Мәмлекеттиң монополияға қарсы илажлары

4. Баҳа ҳәм оның объектив тийкарлары. Баҳаның түрлери, ўазыйпалары ҳәм қәлиплесиў механизми

Bazar ekonomikasının` en` tiykarg`ı sha`rtlerinin` biri ba`seke bolıp tabıladı. Sebebi ba`seke o`ndiristi rawajlandırıw, o`nimnin` sapasın jaqsılaw, onı o`ndiriw ushın jumsalatug`ın shıg`ınlardı u`nemlewdin` tiykarg`ı quralı bolıp esaplanadı.

Prezidentimiz I.A.Karimov o`zinin` miynetilerinde "Ba`seke-bazardın` tiykarg`ı sha`rti, onın` nızamı. Ba`seke bolmasa, bazar ekonomikasın rawajlandırıp bolmaydı", dep, ba`sekenin` bazar ekonomikası jag`dayında en` a`hmiyetli quralı ekenligin da`liyilleydi.

Ba`seke-bul xojalıq ju`rgiziwshiler arasında o`ndiris jag`daylarına ha`m sawda orınlarına iye bolıw ushın alıp baratug`ın gu`res bolıp tabıladı.

A`lbette, ha`r bir o`ndiriwshi resurslardın arzan bahada satıp alıwg`a ha`m o`ndirgen o`nimlerin qımbat bahalarda satıwg`a ha`reket etedi. Tutınıwshılar bolsa tovarlardın o`zine qolaylı bolg`an bahalarda satıp alıp ha`m onnan ko`birek ma`p ko`riwge ha`reket etedi.

O`ndiriwshiler arasında ba`seke bolıw ushın bir tu`rde o`nim o`ndiriwshiler sanı ko`p bolıwı kerek.

Ba`sekenin` ekonomikalıq tiykarında o`ndiriwshiler erkin bolıwları yag`nıy xojalıq ju`rgiziwshiler biyg`a`rez bolıwları kerek.

Ba`sekeni alıp barıw eki usıl ja`rdeminde ju`rgiziledi: baha ja`rdeminde ha`m bahanı o`zgertpey turıp ba`sekelesiw.

Baha ja`rdeminde ba`sekelesiw o`zinin` qarsılaslarına qarag`anda bahalardı o`zgertip, pa`seyttiriw jolı menen alıp baradı. Usı jol menen olar o`z qarsılasların bazardan qısıp shıg`aradı. Biraq bahanı to`menletiwdin` de o`z shegarası bar, sebebi bahanı ha`dden tısqarı to`menletkeni menen o`ndiriwshiler ushın jaqsı emes, sebebi olar bankrotqa ushırawı mu`mkin. Sonın` ushın bazar ekonomikası jaydayında bahanı o`zgertpey turıp ba`sekelesiw usılınan ko`birek paydalanıladı.

Bunda o`nimnin` sapasın jaqsılaw, olardın` xızmet ko`rsetiw mu`ddetlerin uzaytıw, biypul ma`sla`ha`tler beriw ha`m sol tovardı satıp alıwda tutınıwshılarg`a qolaylı jag`daylar jaratıp beriw arqalı alıp barıladı.

Ba`sekeni o`z belgilerine qaray tu`rlerge ajıratıw mu`mkin. Ma`selen, satıwshılar menen qarıydarlar, satıwshılardın` o`zleri arasında, qarıydarlardın` o`zlerinin` arasında da ba`seke bolıp, olardın` ha`r biri o`zlerine tovarlardı qolaylı bahalarda satıw ha`m satıp alıw ushın gu`resedi.

Bulardan tısqarı ba`seke gu`resi jetilisken ha`m jetilispegen ba`seke bolıpta bo`linedi.

Jetkilisken ba`sekede ko`p sandag`ı o`ndiriwshi ha`m tutınıwshılar qatnasıp, olardın` hesh biri bazardın` jag`dayına o`z ta`sirin ko`rsetiw imkaniyatına iye bolmaydı, Sebebi ha`r bir o`ndiriwshi ha`m tutınıwshı bazardın` sub`ekti sıpatında bazardın` bir bo`leginin` u`lesin quraydı ha`m de bul u`lesi na`tiyjesinde bazar bahasına ha`m onın` jag`dayına o`z ta`sirin o`tkize almaydı. Egerde bul sha`rtler orınlanbasa jetilispegen ba`seke bolıp esaplanadı.

Jetilispegen ba`sekenin` o`zi oligopoliyalıq ba`seke, taza monopoliyalıq ba`seke tu`rlerine bo`linedi.

Oligopoliyalıq ba`seke az sandag`ı firmalar arasında boladı. Ma`selen, rawajlang`an ma`mleketlerdegi avtomobil bazarındag`ı ba`sekeni aytıw mu`mkin.

Taza monopoliyalıq ba`seke-bunda tek bir g`ana firma u`stemlik etedi. Ma`selen, Tashkent traktor zavodın aytıw mu`mkin, sebebi respublikada tek usı zavod bolıp basqa bunın` menen ba`sekelesetug`ın traktor zavodı joq. Biraq basqa ma`mleketlerden keltirilgen traktorlar menen ba`sekelesedi.

Ba`seke ha`reket etiwine qaray eki formadan ibarat: tarawlar arasındag`ı ha`m tarawlar ishindegi.

Tarawlar arasındag`ı ba`seke ha`r tu`rdegi tarawg`a kiriwshi o`ndiriwshiler arasında bolıp, ol kapitaldın` bir tarawdan ekinshi tarawg`a o`tiwinde sa`wlelenedi. Yag`nıy kapitallar payda norması

to`men bolg`an tarawlardan ha`mme waqıt payda norması joqarı bolg`an tarawlarg`a o`tedi. Bundag`ı sebep ha`r bir jumsalg`an kapitallar ushın ten` payda alıw kerek.

Tarawlar ishindegi ba`seke bir tarawg`a kiriwshi yamasa bir tu`rdegi o`nim islep shıg`arıwshı ka`rxanalar arasında boladı. Bunda o`ndiriwshiler qolaylı o`ndiris jag`daylarına iye bolıw ushın gu`resedi.

**Ma`mlekettin` monopoliyag`a qarsı ilajları**

Bazar qatnasıqları rawajlang`an ma`mleketlerde ba`seke ortalıg`ın qa`liplestiriw uzaq waqıt dawamında, o`z-o`zinen, tınıshlıq jolı menen payda boldı. Bul a`ste-aqırınlıq penen erkin ba`seke ortalıg`ın keltirip shıg`ardı.

Ekonomikada monopoliyag`a iye bolg`an o`ndiriwshilerdin` ko`p bolıwı ba`sekeni sheklep taslaydı. Sonın` ushın monopoliyag`a qarsı ma`mleket ta`repinen ilajlar islep shıg`ıladı ha`m bundag`ı tiykarg`ı maqset ba`seke ortalıg`ın qa`liplestiriwden ibrat. Bul islep shıg`arılg`an ilajlar ma`mlekettin` monopoliyag`a qarsı siyasatında a`melge asırıladı.

Ma`mlekettin` monopoliyalardı sheklew boyınsha alıp barıp atırg`an siyasatı, nızam jolı menen alıp barıladı. Bunday nızam birinshi ma`rte 1980 jılda AQSh da qabıl etildi ha`m bul nızam ”Sherkman nızamı” dep ataladı.

O`zbekstan Respublikasında da 1992 jılda “Monopoliya xızmetin sheklew haqqında” nızam qabıl etildi. Bul nızamg`a muwapıq bahalar aldınan kelisilgen jag`dayda belgilenbeydi. Yag`nıy o`ndiriwshiler arasında bahalar jo`ninde o`z-ara kelisiwge jol qoymaydı.

Sonday-aq bir ka`rxananın` ekinshi bir ka`rxana kapitalındag`ı u`lesinde sheklenedi, bazarda arnawlı tu`rde qıtshılıqtın` ju`zege keliwi ba`sekeshilerdin` bazarg`a kirip barıwına tosqınlıq etiw qadag`an etiledi.

Nızamda ba`sekenin` nızam- qag`ıydaların buzg`anları ushın jazalar qollanıladı.

Respublikamızda ba`seke ortalıg`ın qa`liplestiriw ha`m rawajlandırıw maqsetinde ”Monopoliyadan shıg`arıw ha`m ba`sekeni rawajlandırıw bas basqarması” nın` du`zilisi de bul jo`nindegi a`hmiyetli qa`demlerdin` biri esaplanadı. Bul basqarmada respublikamızdag`ı monopoliyag`a iye bolg`an ka`rxanalar esapqa alınıp, olardın` xızmetin ma`mleketlik jol menen ta`rtipke salıw na`zerde tutılg`an.

Bunday ko`rilgen ilajlar O`zbekstanda da 1996-jılı qabıl etilip ”Tovar bazarlarında monopoliyanın` xızmetti sheklew ha`m ba`seke tuwrısında” g`ı nızamında ko`rsetilgen.

Ulıwma ma`mlekettin` siyasatı respublikamızda monopoliyanın` aldın alıw, ba`sekeshilik ortalıg`ın qa`liplestiriw ha`m onın` na`tiyjesinde bazar qatnasıqlarının` rawajlanıwına ken` jol ashıp beriwden ibarat.

## Bahanın` ekonomikalıq ha`m sotsiallıq wazıypaları. Bahanın` tu`rleri

Bazar ekonomikası jag`dayında bahalar da ekonomikanı ta`rtipke salıp turıwdag`ı a`hmiyetli qurallardın` biri bolıp tabıladı.

Baha - tovarlardın` sapalıg`ın ha`m adamlar ushın onın` paydalılıg`ın belgilep beriwshi qural. Baha bazar mexanizminin` qu`diretli ku`shke iye bolg`an quralı. A.Smittin` aytqanınday “Ko`zge ko`rinbes qol” ha`reketide baha arqalı belgilenedi.

Bahanın` ekonomikalıq maqsetin tu`siniw ushın, onın` atqaratug`ın xızmetlerin biliw za`ru`r. Bul xızmetler to`mendegilerden ibarat.

1) Esap-kitap, o`lshew wazıypası.
2) Bazar ten`salmaqlılıg`ın ta`miyinlew.
3) Ekonomikanı retlestiriw.
4) Ba`seke quralı.

Bul wazıypalardı analiz etiw arqalı bahanın` qa`liplesiwinde tu`sinip alıw mu`mkin.

Bahanın` qa`liplesiwi ju`da` qıyın protsess bolıp, og`an bir neshe faktorlar o`z ta`sirin tiygizedi. Bunday faktorlar tu`rinde tovardın` qunı, onın` sapası, talap ha`m usınıs, ba`seke, adamlardın` diydi ha`m t.b. aytıw mu`mkin.

Bul faktorlardın` ta`sirinin` na`tiyjesinde bahalar da`rejesi o`zgerip, tebrelip turadı. Biraq baha qanshelli terbelip turmasın, onın` joqarı ha`m to`men shegarası bar. Onın` to`men shegarası o`ndiris shıg`ınları menen belgilenedi. Joqarı shegarası bolsa, qarıydarlardın` satıp alıwdag`ı qa`bileti menen belgilenedi.

Joqarı ha`m to`men shegaraları arasındag`ı o`zgeris baha diapazonı delinedi.

Bazar ekonomikası jag`dayında ha`r tu`rdegi bahalar ha`reket etedi. Ma`selen, erkin baha, demping, standart, sha`rtnama, usaqlap satıw, ko`tere satıw bahaları ha`m t.b.

Ha`reket etiwine qaray regonal, milliy ha`m du`n ya ju`zlik bahaları bolıpta bo`linedi.

O`zbekstan Respublikasında alıp barılıp atırg`an ekonomikalıq reformalardın` en` tiykarg`ı bag`darlarının` biri bahalardı erkinlestiriw bolıp, onı basqıshpa-basqısh a`melge asırıw na`zerde tutılg`an.

Ulıwma alg`anda bazardın` tu`p ma`nisin ko`rsetiwshi talap ha`m usınıstın` ten`salmaqlıg`ın belgilewshi bazar bahası erkin baha bolıp tabıladı.

**Tiykarg`ı tayanısh so`zler.**

Ba`seke-bazar sub`ektleri arasında qolaylı imkaniyatların qolg`a kiritiw ha`m qolaylı jumıslarına iye bolıwı ushın alıp barılatug`ın gu`res.

Ba`sekenin` formaları- tarawlar ishindegi, tarawlar arasındag`ı, erkin ba`seke, monopoliyalasqan, taza monopoliyalıq ba`seke ha`m oligonoliya.

Monopoliya- bazardag`ı u`stemlik , basqa bazar qatnasıqlarına o`z u`stemliklerin ko`rsetiw mu`mkin.

Baha-tovarlardın` ma`pliligi ha`m onın` qunın bahalawshı qural.

Bahanın` tu`rleri- erkin, standart, sha`rtnama, demping, usaqlap satıw, ko`tere satıw bahaları.

**Ta`kirarlaw ushın sorawlar.**

1) Ba`sekenin` ma`nisin ha`m maqsetin tu`sindirip berin`?
2) Ba`sekenin` qanday tu`rlerin ha`m usılların bilesiz?
3) Bazar ekonomikası jag`dayında ekonomikalıq ba`sekenin` a`hmiyetin tu`sindirip berin`?
4) Monopoliyanın` mazmunı, onın` bazar protsessine ta`sirin tu`sindirip berin`?
5) Bahanın` mazmunı ha`m onın` atqaratug`ın xızmetlerin tu`sindirip berin`?
6) Bahanın` tu`rlerin ta`riyiplep berin`?

## 7-tema. İsbilermenliк xızmeti. İsbilermenliк кapitalı ha'm onın' ha'reкeti

1. Biznes ha'm isbilermenliк tu'siniкleriU' olardın' ulıwmalıq ta'repleri ha'm o'zgesheliкleri
2. İsbilermenliк xızmetinin' tiyкarg'ı maqseti ha'm printsipleri
3. İsbilermenlik кapitalı ha'm onın' ha'reкeti
4. O'zbeкstanda biznes ha'm isbilermenliкtin' rawajlanıwı

Bazar ekonomikası isbilermenlik ha`m bizneske tiykarlang`an ekonomika. Biznes degende qandayda xızmet penen ba`nt bolıwdı ha`m isbilermenlerdin` ekonomikalıq qatnasıqları tu`siniledi. Ha`zirigi waqıtta ekonomikalıq xızmettin` qa`legen tu`ri menen shug`ıllanıwshı xojalıq sub`ektlerinin` is ha`reketleri biznes ha`m isbilermenlik penen tıg`ız baylanıslı. Biznes isbilermenlik qatnasıg`ı sıpatında o`z sub`ektlerine iye. Olarg`a: jeke ta`rtipte biznes penen shug`ıllanıwshılar, isbilermen birlespeler, ma`mleketlik sho`lkemler h.t.b. lar kiredi. Biznes ken` mazmundag`ı tu`sinik. Isbilermenlik onın` bir forması. Isbilermenlik tovar islep shıg`arıw, xızmet ko`rsetiw jolı menen da`ramat tabıwdı an`latadı. Bazar ekonomikası jag`dayında isbilermenlik ekonomikanı ha`reketke keltiriwshi ku`sh sıpatında xızmet etedi. Isbilermenlik ulıwma aqsha tabıw emes, al qandayda tovar islep shıg`arıw, xızmet ko`rsetiw yamasa do`retiwshilik penen shug`ıllanıwdı bildiredi.

Bizneske isbilermenlikten basqa basqasha jollar menen ma`selen, jerdi yamasa mu`lkti ijarag`a berip renta alıw, basqalardı jallap isletiw arqalı da`ramat tabıw, aqshanı bankke qoyıp protsent alıw sıyaqlı xızmetler de kiredi. Biraqta bul xızmetlerde hesh na`rse do`retilmeydi, al tek g`ana baylıqtan baylıq arttırıladı. Bunday xızmetler isbilermenlikke kirmeydi. Sonlıqtan da isbilermenlik jumıs islemey turıp, kapital esabınan da`ramat tabıwdı biykarlaydı.

O`zbekstan Respublikası isbilermenlik haqqındag`ı nızamına muwapıq "Isbilermenlik menshik sub`ektlerinin` da`ramat tabıw maqsetinde ta`wekelshilik etiw ha`m mu`lk juwapkershiligi tiykarında ha`rekettegi nızamlarg`a su`yengen halda ekonomikalıq xızmetlerdi ko`rsetiw" -dep ko`rsetilgen

Rejeli ekonomikadan bazar sistemasın o`tiw da`wirinde is- bilermenliktin` to`mendegi toparları payda boladı:

1. Mayda islep shıg`arıw menen ba`nt bolg`an isbilermenler.
2. Aqıl miyneti menen shug`ıllanıwshı isbilermenler.
3. Fermerler.
4. Ja`ma`a`t ha`m aktsionerlik menshiktin` birliktegi iyeleri.
5. O`z ka`rxanasına iye, basqalardı jallap isletetug`ın is- bilermenler.

Menshik formalarının` ko`p tu`rliligine baylanıslı is- bilermenlikti tek g`ana jeke xızmet penen bir qatarda ja`ma`a`tlik, sem yalıq, ma`mleketlik ha`m aralas (qospa) isbilermenlikler de ha`reket etedi. Isbilermenler qanshelli ko`p bolg`an sayın, o`ndiris rawajlanıp, ekonomika joqarı da`rejedegi o`siw ko`rsetkishlerine iye boladı.

Isbilermenlik penen shug`ıllanıw ushın aldı menen huqıqıy kepillikke iye bolıwı kerek ha`m nızam qag`ıydalar menen qorg`alıw za`ru`r. Isbilermenlerge qolaylı jag`daylar jaratıp beriwde ma`selen, "O`zbekstan Respublikasının` isbilermenlik haqqındag`ı" nızamı, "O`zbekstan Respublikası menshik haqqındag`ı" nızamı ha`m t.b. nızamlarında isbilermenlikti sho`lkemlestiriwdin`, og`an tiyisli bolg`an huqıqları ha`m juwapkershilikleri ko`rsetilgen.

En` aldı menen isbilermenlikti sho`lkemlestiriwge belgili bir mug`dardag`ı qarjı talap etedi. Sebebi isbilermenler ha`m biznesmenler erkin tu`rde jumıs alıp barıwı ushın o`zlerinin` qarjılarına iye bolsa maqsetke muwapıq bolar edi. Isbilermenliktin` en` za`ru`r faktorı isbilermenlik qa`bileti, yag`nıy istin` ko`zin biliwi bolıp tabıladı. Egerde isbilermen isti qalay alıp barıwdı bilmese, ol qansha qarjıg`a iye bolmasın, nızam onı qorg`amasın, ba`ri bir ol jumıstı alıp bara almaydı. Sonlıqtan da isbilermenlik joqarı ta`jiriybeni, teren` bilimdi, basqarıw uqıplılıg`ın, qa`nigeli jumıs ku`shin talap etedi.

Isbilermen bazardın` tiykarg`ı qatnasıwshısı tu`rinde bazardın` jag`dayı ha`m da`rejesin o`zinin` dıqqat orayına tarta biliw qa`biletinede iye bolıw lazım. Sebebi isbilermenliktin` tiykarg`ı sha`rtleri bazardı toltırıw, al maqseti payda alıw.

Isbilermenlik rawajlanbasa ekonomikalıq o`siwde bolmaydı. Isbilermenlik onın` qanday da bir maqsetke qaratılg`an xızmeti bolg`anlıqtan, ol ekonomikalıq qatnasıq sıpatında o`zinin` printsip ha`m qag`ıydalarına iye. Olar to`mendegilerden ibarat.

1). Menshik qatnasıqlarının` qatnasıwshısı bolıw, o`ndiris faktorlarına iyelik etiw.

2) Ekonomikalıq erkinlikke iye bolıw.
3) Ekonomikalıq ha`reketler ushın juwapkershilikti o`z moynına alıw ha`m jumıstın` na`tiyjeligine juwap beriw.
4) Payda alıwg`a umtılıw.
5) Kommertsiyalıq sırg`a iye bolıw.
6) Ba`seke gu`resine qatnasıw ha`m bazarda nızam tiykarında hadal ba`sekelesiw.
7) Aldawshılıqqa jol bermew, hadallıq penen xızmet etiw.
8) Ekonomikalıq ta`wekelshilik.
9) Nızam qag`ıydalarg`a boysınıw.
10) Isbilermenlikte o`zin-o`zi basqarıw.

Isbilermenlik ma`mlekettin` qatnasıwısız, onın` ja`rdemisiz rawajlanbaydı. Ma`mleket salıqlar, subventsiyalar, eksport jen`illikleri, sonday-aq o`zinin` esabınan pulsız ulıwma bilim beriw arqalı isbilermenlikti qollap quwatlaydı. Isbilermenlik penen shug`ıllanıwshılar patent ha`m litsenziyalarg`a iye bolıwları tiyis. Patent -bul jeke ta`rtipte isbilermenlik penen shug`ıllanıwg`a berilgen guwalıq. Ol ma`mleketlik finans sho`lkemleri ta`repinen beriledi. Litsenziya-patentten paydalanıwg`a berilgen ruxsatnama.

Bazar ekonomikası jag`dayında tiykarg`ı tovar o`ndiriwshi bolıp, ka`rxanalar xızmet etedi. Isbilermenlikte ka`rxanalardan baslanadı. Ka`rxana o`z aldına, o`z ıqtıyarı menen xojalıq ju`rgiziwshi sub`ekt. Ol qanday menshikke tiykarlanıwına qaramastan bazar ushın xızmet etedi. Ka`rxana satıwshı sıpatında bazarg`a o`z tovarların shıg`aradı, al qarıydar sıpatında o`ndiriske kerekli bolg`an resurslardı satıp aladı.

Ka`rxana xojalıq ju`rgiziwshi sub`ekt sıpatında ekonomikalıq g`a`rezsizlikke iye. Ol tiykarg`ı ekonomikalıq mashqalalardı o`zi sheshedi. Bazarg`a qarap is tutadı. Rejeli ekonomikadan bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde ka`rxananın` erkinligi sheklengen boladı.

Ka`rxanalar ma`mleketlik menshikte bolmasa da ma`mleket qadag`alawında boladı. Olar xızmet tu`rin tan`lawda erkin bolmaydı. Biraqta olar a`stelik penen bazar qatnasıqlarına o`te baslaydı. Ka`rxanalardın` menshik formaları ha`m xojalıq ju`rgiziw usılları ha`r qıylı. Xızmet ko`rsetiwine qarap ka`rxana kishi, orta ha`m iri ka`rxanalar bolıp bo`linedi.

Ka`rxanalar o`z na`wbetinde kishi, orta ha`m iri biznestide sho`lkemlestiredi. Kishi ha`m orta biznes bazar ekonomikası jag`dayında ha`r qanday jag`dayg`a tez beyimlese aladı, onın` ushın pul tabıw an`sat, bul jerde ekonomikalıq ma`pler arasında u`ylesimlikte joqarı da`rejede boladı.

Ka`rxanalardın` na`tiyjeli jumıs islewi olardı basqarıw menen tıg`ız baylanıslı boladı.

Ha`zirgi waqıtta ka`rxanalardı basqarıwda menedjmenttin` roli a`hmiyetli. Menedjment-bul bazar ekonomikası jag`dayında ka`rxananı basqarıw forması bolıp tabıladı. Ol firmanın` o`ndirislik xızmetlerin rejelestiriw, miynet jag`dayın sho`lkemlestiriw, sawda jumısların ju`rgiziw, firmanın` keleshegin belgilew, og`an jetiw ilajların a`melge asırıw ha`m firmanın` ekonomikalıq potentsialın basqarıw sıyaqlı wazıypalardı orınlaydı. Menedjmenttin` tiykarg`ı organları marketing esaplanadı.

Marketing-bul firma xızmetin bazar talabına muwapıqlastırıw. Marketing tek g`ana bazar jag`dayın esapqa alıw emes, al qarıydarlardın` talabına da ta`sir etiw. Sonday-aq reklama quralları, ko`rgizbe yarmarkası ilajları sıyaqlı qarıydarlarg`a ekonomikalıq ta`sir ko`rsetiw sistemasının` quralı bolıp tabıladı. Marketing tovar ha`m xızmetler bazarın u`yreniw ha`m boljaw, tutınıwshılardın` talabın analizlew sıyaqlı wazıypalardı orınlaydı. Marketingtin` orınlaytug`ın wazıypaları o`ndiris ha`m sawdanın` ko`lemine, tovardın` tu`rine sonday-aq bazardag`ı talap ha`m usınısqa qaray anıqlanadı.

**Tiykarg`ı tayanısh so`zler**

Isbilermenlik xızmeti-payda alıw maqsetinde ta`wekelshilik penen ha`m de nızamlar shen`berinde o`z initsiativası menen a`melge asırılatug`ın ekonomikalıq xızmet.

Aktsiya- bul onın` iyesi sheriklik ja`miyeti kapitalına o`zinin` belgili bir bo`legin qosqanlıg`ı ha`m onın` paydasınan divident formada da`ramat alıw huqıqı barlıg`ına guwalıq beriwshi qımbat bahalı qag`azlar bolıp tabıladı.

Menedjment-ka`rxananı basqarıw forması.

Marketing-bazar jag`dayın u`yreniw ha`m aldın ala boljaw.

Dividend- aktsiya iyesi o`zlestiretug`ın da`ramattın` tu`ri.

**Ta`kirarlaw ushın sorawlar.**

1) Isbilermenlik xızmetin ta`riyplep berin`.

2) Biznes ha`m isbilermenliktin` ayırımashılıg`ı nede?
3) Isbilermenliktin` rawajlanıw jag`dayları nelerden ibarat?
4) Isbilermenliktin` formaların ha`m olardın` qa`siyetlerin ko`rsetin`?
5) Menedjment ha`m marketingtin` mazmunın tu`sindirin`?

## 8-tema. Ka’rxana (firma) shıg’ınları ha’m payda

1. Eкономiкalıq shıg’ınlar tu’sinigi.
2. SHıg’ınlardın’ tu’rleri ha’m olardın’ quramı.
3. Ka’rxana paydası, payda norması ha’m massası, olarg’a ta’sir кo’rsetiwshi faкtorlar

Bazar qatnasıqları jag`dayında ha`r qanday ka`rxananın` baslı maqseti joqarı payda alıwdan ibarat bolıp esaplanadı.

Bul maqsetke erisiwdin` real mu`mkinshilikleri o`ndiris shıg`ınları ha`m sol ka`rxana islep shıg`arg`an o`nimge bolg`an talaptın` da`rejesine baylanıslı. A`dette shıg`ınlar degende o`nim islep shıg`arıw ushın sarplang`an qa`rejetler tu`siniledi. O`ndiris shıg`ınların ja`miyetlik ko`z-qarastan ha`m ka`rxana ko`z qarasınan alıp qaraw kerek. Ja`miyetlik o`ndiris shıg`ınları o`nim o`ndiriw ushın sarplang`an tolıq miynet qa`rejetlerine ten` boladı. Al o`nim o`ndiriw ushın ka`rxana esabınan sarplang`an shıg`ınlar ka`rxananın` o`ndiris shıg`ınları dep ataladı. Marksistlik teoriya ko`z-qarasınan alıp qarag`anda o`ndiris shıg`ınları sol o`nimdi o`ndiriw ushın sarplang`an shiyki zat, material, janılg`ı, xızmet haqı qa`rejetlerinen ibarat bolıp tabıladı. Al ha`zirgi waqıtta bolsa, ekonomistler o`ndiris shıg`ınların resurslardın` sheklengenligi menen baylanıstırıp ko`rsetedi.

Ekonomikalıq shıg`ınlar-bul firma ta`repinen resurslardı jetkerip beriwshilerge to`lenetug`ın haqı bolıp tabıladı.

O`ndiris shıg`ınları ishki ha`m sırtqı o`ndiris shıg`ınları bolıp bo`linedi. Sırtqı o`ndiris shıg`ınları shiyki zat, material, janılg`ı ushın yag`nıy ka`rxana o`zi islep shıg`armaytug`ın resurslar ushın to`lenetug`ın qa`rejetler bolıp tabıladı.

Al ishki o`ndiris shıg`ınlarına ka`rxana ishindegi qa`rejetler kiredi. Mısalı, ka`rxana iyesi o`zine o`zi xızmet haqı to`lemeydi, imarat ushın arenda haqısın almaydı yamasa sawda ushın qa`rejet jumsag`an bolsa onnan protsent almaydı. Biraq firma iyesi normal payda ko`riwi tiyis. Eger ol bul paydanı almasa, islemegende bolar edi. Ka`rxana iyesi alatug`ın normal payda da o`ndiris shıg`ınlarına kiredi.

O`ndiris shıg`ınlarının` mug`darı o`ndirilgen o`nimlerdin` ko`lemine baylanıslı boladı. O`ndiris ko`lemi artsa, o`ndiris shıg`ınları da ko`beyedi. Usıg`an baylanıslı o`ndiris shıg`ınların turaqlı ha`m o`zgermeli o`ndiris shıg`ınları dep ekige bo`lemiz.

Turaqlı o`ndiris shıg`ınları-bul o`ndiris ko`lemine g`a`rezsiz ra`wishte jumsalatug`ın qa`rejetler bolıp tabıladı. Mısalı, renta to`lewleri, amortizatsiya ajıratpaları, qamsızlandırıw to`lemleri, basqarıwshı xızmetlerge to`lenetug`ın haqı ha`m t.b. Bul qa`rejetler ha`tte ka`rxanada o`nim islep shıg`arılmag`an jag`dayda da jumasaladı.

O`zgermeli shıg`ınlar dep-o`ndiris ko`lemine qarap o`zgerip turatug`ın shıg`ınlarg`a aytıladı. Olarg`a ma`selen, shiyki zat, janılg`ı, transport, o`ndiriwshilerge to`lenetug`ın xızmet haqı h.t.b. kiredi.

Turaqlı ha`m o`zgermeli shıg`ınlardın` jıyındısı ulıwmalıq o`ndiris shıg`ınların payda etedi.

Ha`r qanday ka`rxanada ulıwmalıq o`ndiris shıg`ınları menen birge o`nimnin` bir-birligi esabına sarplanatug`ın shıg`ınlarda esapqa alınadı. O`nimlerdi o`ndiriw ushın sarplang`an shıg`ınlardın` aqshalay forması o`nimnin` o`zine tu`ser qunı dep ataladı. O`nimnin` o`zine tu`ser qunı shiyki zat, materiallar, energiya, janılg`ı, xızmet haqı sıyaqlı bir qatar elementlerden quralg`an.

Ka`rxana a`dette joqarı na`tiyjege erisiw ushın, yag`nıy payda alıw ushın o`nimnin` o`zine tu`ser qunın arzanlatıwı kerek. O`nimnin` o`zine tu`ser qunın arzanlatıw bir neshe faktorlarg`a baylanıslı boladı.

En` aldı menen o`nim o`ndiriw ushın sarplanatug`ın shiyki zat, materiallardan u`nemli paydalanıw da`rejesine baylanıslı boladı. O`nim birligine sarplanatug`ın qa`rejetlerdi azaytıw arqalı o`nimnin` o`zine tu`ser qunın arzanlatıwg`a erisiledi.

O`nimnin` o`zine tu`ser qunı miynet o`nimdarlıg`ınada baylanıslı boladı. Sonday-aq ol ka`rxanada jan`a texnika ha`m texnologiyalardan paydalanıw da`rejesine baylanıslı jag`dayda o`zgerip turadı.

O`nimnin` o`zine tu`ser qunı qanshelli arzan bolsa, ka`rxananın` alatug`ın paydasıda sonshelli joqarı boladı.

Payda bul ka`rxanalar aqırg`ı is na`tiyjeligin sa`wlelendiriwshi en` a`hmiyetli ko`rsetkishlerdin` bir bolıp tabıladı. Ol ka`rxanalardın` ulıwma da`ra`matlılıg`ınan ulıwma shıg`ınlardı alıp taslag`annan qalg`an bo`legine ten`. Ha`zirgi waqıtta payda kategoriyası bayınsha bir qatar anıqlamalar ushırasadı. Olardan:

1) Payda - bul o`ndiris faktorların paydalanıwdan alınatug`ın da`ramat.
2) Payda - isbilermenlik xızmeti ushın to`lenetug`ın haqı.
3) Payda - oylap tabıwshılıq, firmanı basqarıwdag`ı uqıplılıq ushın to`lenetug`ın haqı.
4). Payda ta`wekelshilik ushın to`lenetug`ın haqı h.t.b. Ha`r qanday ka`rxana yamasa isbilermendi alınatug`ın paydanın` mug`darı qızıqtıradı.

A`lbette, paydanın` absolyut mug`darına qaray ka`rxana iskerligi haqqında tolıq juwmaq shıg`arıw mu`mkin emes.

Tolıq juwmaq shıg`arıw ushın paydanın` qansha qa`rejet sarplaw esabına alıng`anlıg`ın biliw kerek.

Ka`rxanalardın` alg`an paydasın sarplag`an qa`rejetlerge salıstırıw arqalı payda norması anıqlanadı.

$$P^1 = \frac{PM}{\phi} * 100\%,$$

$P^1$ -payda norması
RM -paydanın` mug`darı
F-sarplang`an kapital

Kommertsiyalıq tar ma`niste sawda menen shug`ıllanıwdı ko`rsetedi. Kommertsiya ha`r qanday iskerlik sıyaqlı belgili qa`rejetlerdi talap etedi. Sawda da islewshiler xızmet haqı aladı, tovarlardı alıp-satıw, olardı tasıp keltiriw, qarıydarg`a jetkerip beriw belgili da`rejedegi materiallıq ha`m miynet qa`rejetlerin talap etedi. Materiallıq shıg`ınlarg`a imaratlar, mashinalar, transport, amortizatsiya, ijara haqı, ha`r qıylı materiallar, janılg`ı ha`m energiya qa`rejetleri kiredi.

Qa`rejetlerdin` u`lken bo`legin reklama shıg`ınları quraydı. Mısalı, 1984 jılı "Koka-kola" firması reklama ushın qn`g` mln dol.sarıplang`an. Kommersantlar o`zlerinin` daramatlarınan ha`r qıylı salıqlardı to`lewdi, bulda shıg`ınlarg`a kiredi. Kommertsiyalıq shıg`ınlar turaqlı ha`m o`zgermeli shıg`ınlar bolıp ekige bo`linedi. Turaqlı shıg`ınlar bul kommersant iskerligi g`a`rezsiz tu`rde aldın ala belgilep qoyılg`an shıg`ınlardan turadı, o`zgermeli shıg`ınlar ha`r qıylı faktorlar ta`sirinde o`zgerip turadı. Bunda baha tiykarg`ı orındı iyeleydi. Qa`rejetlerdi qa`liplestiriwshi shıg`ınlar resurslar bahasına baylanıslı boladı. Xızmet haqıda usınday shıg`ınlarg`a kiredi.

Tek g`ana alıw - satıw islerine yag`nıy tovarlardı aqshag`a almasıwg`a xızmet qılatug`ın shıg`ınlar naq kommertsiyalıq qa`rejetleri dep ataladı.

Kommertsiyalıq paydada basqa payda sıyaqlı qosımsha o`nimnin` bir bo`legi bolıp esaplanadı.

Kommertsiyalıq payda o`zinde deregi ha`m qa`liplestiriw mexanizmi boyınsha g`ana emes, al o`zlestiriw sub`ektleri boyınsha da ajıraladı.

Kommertsiyalıq paydanı o`ndiriwshi firmalar o`zlerinde o`zlestiriwi mu`mkin. Bunda o`z qarıydarları menen tikkeley baylanıs ornatıp, qa`rejetlerdin` ha`mmesin o`zleri ko`teredi.

Sawda da da`ldalshı qatnasqanda paydanı kommersant o`zlestiredi. Kommertsiyada normal payda, ekonomikalıq payda ha`m omad paydası boladı. Bazar ushın normal payda bolıwı sha`rt, biraq kapitallar sawdadan shıg`ıp ketpewi ushın ekonomikalıq payda za`ru`r ha`m ol bazarda qosımsha resurslar keliwin ta`miyinleydi. Sonlıqtanda bazardın` u`zliksiz islep turıwı ushın baha hesh bolmag`anda normal paydanı ta`miyinlewi kerek.

Satıwshı bunday paydanı alıwı ushın baha qa`rejetlerge kirgiziledi. A`melde baha qa`rejetleri joqarı bolıwı da mu`mkin. Bunday jag`dayda ekonomikalıq payda alınadı.

Bazardag`ı ku`tilmegen payda omad paydası dep ataladı. Bundan payda bazarda qolaylı jag`daylar ju`zege kelgende alınadı Kommertsiyalıq payda norması ha`r qıylı faktorlardın` ta`sirinde o`zgerip turadı.

1. Bazardag`ı bahanın` da`rejesine
2. Sawda aylanısının` tezligine
3. Almasıw qa`rejetlerinin` mug`darına qaray.

Kommertsiyalıq payda normasın eki usıl ja`rdeminde anıqlawg`a boladı.

1. $ПН = \frac{ПМ}{К} * 100\%$ Pn -payda norması

Q-qa`rejetler

2. $ПН = \frac{ПМ}{К} * 100\%$ K-sawdag`a qosılg`an kapital

**Tiykarg`ı tayanısh so`zler**

<u>O`ndiris shıg`ınları-</u> tovar ha`m xızmetlerdi o`ndiriske ha`m tutınıwshılarg`a jetkerip beriwge jumsalg`an barlıq qa`rejetler.

<u>Turaqlı shıg`ınlar</u>- O`ndiris ko`lemine ta`sir ko`rsetpeytug`ın, ol o`zgergendede mug`darı o`zgermeytug`ın shıg`ınlar.

<u>O`zgermeli shıg`ınlar</u> -O`ndiris ko`leminin` o`zgeriwine ta`sir etetug`ın shıg`ınlar.

<u>Payda</u>- ulıwmalıq da`ramattan ketken barlıq shıg`ınlardı alıp taslag`annan keyingi qalg`an bo`legi.

**<u>Ta`kirarlaw ushın sorawlar</u>**

1.Ekonomikalıq shıg`ılar degen ne?
2. Ka`rxana paydası qalayınsha anıqlanadı?
3. Payda norması degen ne ha`m ol qalayınsha anıqlanadı?
4. Paydanın` mug`darına ta`sir ko`rsetiwshi qanday faktorlardı bilesiz?
5. Kommertsiyalıq shıg`ınlardı mısallarda tu`sindirin`?

## 9– tema. Xızmet haqı ha'm miynet qatnasıкları

1. Xızmet haqının' ma'nisi ha'm formaları
2. Real xızmet ha'm onın' mug'darına ta'sir etiwshi faкtorlar
3. Miynet qatnasıqları

Bazar ekonomikasına ta`n bolg`an bo`listiriw nızamına muwapıq resurs iyeleri o`zlerinin` ja`miyetlik o`ndiriske qosqan u`leslerine qarap da`ramat aladı.

A`lbette bunday da`ramatlardın` derekleri, ma`selen ,jumıs ku`shi iyesi miyneti ushın xızmet haqı, kapital iyesi payda, aqsha iyesi protsent ha`m divident, jer iyesi bolsa renta ha`m t.b. bolıp tabıladı.

Xızmet haqı bul -do`retilgen ishki milliy o`nimnin` onın` o`ndiriwshiler ortasında miynettin` mug`darı ha`m sıpatına qarap bo`listiriletug`ın bo`legi bolıp tabıladı. Xızmet haqı boyınsha ekonomistler ta`repinen berilgen ha`r tu`rdegi pikirlerdi ko`riwimiz mu`mkin.

Ma`selen (Angliya klassik siyasiy ekonomiyalıq mektebi, marksistlik bag`dardag`ı ekonomistler) xızmet haqını jumıs ku`shi qunının` aqshadag`ı sa`wleleniwi dep ko`rsetken.

Ha`zirgi zaman ekonomikalıq teoriyasının` ilimpazları bolg`an (A.Ulmasov, V.D.Kamaevlardın`) pikirlerine na`zer taslasaq, olar xızmet haqını miynettin` bahası sıpatında ko`rsetken. Biz bul anıqlamalarda xızmet haqının` mazmunına tek bir ta`repleme baha berilgen dep esaplaymız.

Sebebi xızmet haqını jumıs ku`shi qunının` aqshadag`ı sa`wleleniwi dep alsaq, ta`jiriybede onın` jumıs ku`shi qunınan ayırmashılıg`ının` bar ekenligin ko`riwimizge boladı.

Biraq bul berilgen anıqlamalardıda biykarlawg`a bolmaydı. Sebebi onın` negizinde unamlı ta`replerinin`de bar ekenligin esapqa alıwımız za`ru`r. Bul da bolsa olar miynetti jumıs islewshinin` mamanlıg`ı, intensivligi ha`mde na`tiyjesi menen baylanıstırıwg`a ha`reket etken.

Ulıwmalastırıp aytqanımızda, xızmet haqı-jumıs islewshilerdin` miynetinin` mug`darı, sapası ha`m o`nimdarlıg`ına qarap, milliy o`nimnen alatug`ın u`lesinin` aqshadag`ı sa`wleleniwi degen anıqlamanı qollanıw maqsetke muwapıq boladı. (Bul ideyanı qollap-quwatlawshılar Sh.Shodmonov, T.Juraevlar t.b.). Tiykarınan xızmet haqı to`lewde onın` eki forması:

1) Waqtına qaray xızmet haqı to`lew.

2) Islegen isine qaray xızmet haqı to`lew bolıp bo`linedi.

1) Waqtına qaray xızmet haqı to`lew formasında -jumıs islewshi belgilengen waqıtta islegeni ushın ko`rsetilgen mug`darda xızmet haqı aladı.

Ma`selen, bir ku`nde segiz saatlıq jumıs ku`ni bolsa, usı saat ushın xızmet haqı to`lenedi. Bul formadag`ı xızmet haqı to`lew tiykarınan miynetti anıq tu`rde o`lshew qıyın bolg`an jag`daylarda (ma`selen, vrachlar, oqıtıwshılar, baqsha ta`rbiyashılarına h.t. basqalarg`a) qollanıladı.

2) Islegen isine qaray xızmet haqı to`lew formasında-jumıs islewshinin` o`ndirgen o`nimnin` mug`darı ha`m onın` sapasına qarap to`lenetug`ın xızmet haqı bolıp tabıladı. Bul formadan materiallıq o`ndiriske iye bolg`an tarawlarda paydalanıladı.

Tiykarg`ı xızmet haqıdan tısqarı jumıs islewshilerge qosımsha xızmet haqıda to`lenedi. Ma`selen, ha`r tu`rdegi sıylıqlardı alıwımız mu`mkin. Sıylıqlar jıldın` aqırında alıng`an na`tiyjeler ushın beriliwi mu`mkin.

Xızmet haqının` mazmunın tolıg`ıraq tu`siniw ushın nominal ha`m real xızmet haqı tu`siniklerin biliw za`ru`r.

Nominal xızmet haqı-bul islewshige esaplang`an ulıwma aqshanın` absolyut mug`darı. Biraq biz nominal xızmet haqının` da`rejesine qarap miynetkeshlerdin` turmıs da`rejesi haqqında juwmaq shıg`ara almaymız. Sebebi ha`r qanday miynetkesh ushın xızmet haqının` summası emes, al og`an qansha mug`darda tovarlar ha`m xızmetler satıp alıw mu`mkinshiligi a`hmiyetli. Bunı real xızmt haqıdan ko`riwin`izge boladı.

Real xızmet haqı-nominal xızmet haqıdan ha`r qıylı salıqlar, to`lemler alıp taslang`an keyingi qalg`an xızmet haqı.

**Real xızmet haqının` mug`darına ta`sir ko`rsetiwshi faktorlar**

Ha`r qanday ma`mleket xalqının` turmıs da`rejesin anıqlawda real xızmet haqının` mug`darı esapqa alınadı.

Real xızmet haqının` mug`darına bir neshe faktorlar o`z ta`sirin ko`rsetedi. En` aldı menen nominal xızmet haqının` mug`darına baylanıslı boladı. Biraq nominal xızmet haqı qanshelli artqanı menen real xızmet haqıda artıp baradı dep ayta almaymız. Sebebi ekinshi bir ta`repten alıp qarag`anımızda tovarlardın` bahasınada baylanıslı boladı. Ma`selen tovarlardın` bahasının` ko`teriliwi menen nominal xızmet haqının` artıwına qaramasdan real xızmet haqının` da`rejesi turaqlı tu`rde qalıwıda mu`mkin.

Bunı to`mendegi formula ja`rdeminde ko`rsetiwimiz mu`mkin.

$$V_p = \frac{V_{\text{H}}}{P}$$

bul jerde $Vp$ -real xızmet haqı

$V$H`-nominal xızmet haqı

P- baha da`rejesi

Demek, real xızmet haqı nominal xızmet haqıg`a tuwrı, al bahag`a qarama-qarsı sa`ykeslikte o`zgeredi. Bulardan basqa real xızmet haqının` da`rejesine inflyatsiya, jumıssızlıq, ekonomikalıq krizis ha`m de usılarg`a uqsas bolg`an faktorlarda ta`sir ko`rsetiwi mu`mkin.

Sonın` ushın xızmet haqı differentsiatsiyalang`an bolıp, ol tarif siseması ja`rdeminde a`melge asırıladı. Ol tarif stavkaları, tarif boyınsha qa`nigelik mag`lıwmatları ha`m tarif koeffitsientlerin o`z ishine qamtıydı. Bunda miynet etiw jag`dayları, islewshilerdin` mamanlıg`ı jumıstı ta`riyplep beriw ushın qoyılatug`ın razryadlar ko`rsetiledi.

Xızmet haqını belgilewde minimal xızmet haqının` da`rejeside esapqa alınadı. Ma`selen, 2006- jıl 1-noyabrden baslap Respublikamızda xızmet haqının` minimal da`rejesi 12 420 swm etip belgilenip, bunda basqa razrayadlarg`ada tuwrı keletug`ın xızmet haqının` summasıda sa`ykeslendirilip asırılıp barıladı.

Bazar ekonomikası jag`dayında ja`miyet ag`zaların sotsiallıq jaqtan qorg`aw maqsetinde minimal xızmet haqının` mug`darın arttırıw boyınsha hu`kimetimiz ha`m Prezidentimiz ta`repinen bir neshe pa`rmanlar ha`m qararlar qabıl etildi.

Ma`mleket ta`repinen qabıl etilgen bunday ja`miyetlik bag`darlarda miynet qatnasıqların jetilistirip barıw tiykarg`ı orındı iyeleydi.

Miynet qatnasıqları- bul jumıs islewshiler menen jumısqa alıw boyınsha ka`rxana basqarması arasında bolatug`ın qatnasıq bolıp tabıladı.

Bul qatnasıqlardın` rawajlanıwındag`ı en` baslı ma`sele jumıssızlıqqa sotsiallıq jaqtan kepillikler beriw, miynetkeshlerdin` miynet jag`dayların jaqsılaw ha`mde xızmet haqını arttırıp barıw bolıp tabıladı.

A`lbette, bul mashqalalardı sheshiwde ka`siplik awqam sho`lkemleride en` baslı tiykarg`ı rol di atqaradı.

Miynet qatnasıqları jumıs islewshiler menen jumısqa alıwshılar arasında du`zilgen sha`rtnamalarda ko`rinedi. Bul sha`rtnamada xızmet haqı mug`darı, ha`r eki ta`reptin` huqıqları, materiallıq juwapkershilikleri ko`retilgen boladı. Egerde miynet ta`rtibi buzılsa, onda bul du`zilgen sha`rtnamanı biykarlawı mu`mkin.

**Tiykarg`ı tayanısh so`zler**

Xızmet haqı- jumıs islewshilerdin` miynetinin` mug`darı, sapası ha`m o`nimdarlıg`ına baylanıslı milliy o`nimnen alatug`ın u`lesi.

Waqtına qaray xızmet haqı to`lew -islegen waqıttın` mug`darı va sapasına qarap belgilenetug`ın xızmet haqı.

Islegen isine qaray xızmet haqı to`lew - o`ndirilgen o`nimnin` mug`darı ha`m sapasına qarap to`lenetug`ın xızmet haqı.

Nominal xızmet haqı - islewshinin` alıwı mu`mkin bolg`an xızmet haqısının` absolyut mug`darı.

Real xızmet haqı -islewshinin` nominal xızmet haqı summasına alıwı mu`mkin bolg`an tovar ha`m xızmetler mug`darı.

Tarif sisteması - tarif stavkaları, tarif boyınsha qa`nigelik mag`lıwmatları ha`m tarif koeffitsientlerin o`z ishine qamtıydı.

**Ta`kirarlaw ushın sorawlar**

1) Xızmet haqı degenimiz ne?
2) Real xızmet haqıg`a qanday faktorlar ta`sir ko`rsetedi?
3) Ka`siplik awqam sho`lkemleri xızmet haqıg`a arttırıwda qanday usıllardan paydalanıladı?
4) Miynet sha`rtnaması degenimiz ne?

## 10- тема. Аграр қатнасықлар ҳәм агробизнес

1. Аграр қатнасықлар ҳәм олардың базар система-сындағы өзгешеликлери
2. Жер рентасы ҳәм оның түрлери. Жердиң баҳасы ҳәм оған тәсир етиўши факторлар
3. Агробизнес ҳәм оның түрлери
4. Өзбекстанда аграр қатнасықлардың раўажланыўы

### Agrar qatnasıqlar ha`m olardın` bazar sistemasındag`ı o`zgeshelikleri

Agrar qatnasıqlar bazar qatnasıqları sistemasında ayrıqsha orındı iyeleydi.

Agarar qatnasıqlar awıl xojalıg`ı o`ndirisi ha`m onın` tiykarg`ı o`ndiris quralı bolg`an jerden paydalanıw boyınsha bolatug`ın qatnasıqlardı an`latadı. Bizge belgili awıl xojalıg`ı sanaat ushın shiyki zat, al xalıq ushın awıl xojalıq o`nimlerin jetkerip beriwshi tiykarg`ı taraw bolıp tabıladı. Sonlıqtanda pu`tkil du`n ya ju`zinde awıl xojalıg`ın rawajlandırıwg`a ayrıqsha itibar berilgen.

Agrar qatnasıqlar ekonokalıq qatnasıqlardın` en` a`yyemgi forması, sebebi insannın` ekonomikalıq xızmeti jerdi isletiwden baslang`an.

Jer awıl xojalıq o`ndirisinin` tiykarg`ı quralı sıpatında o`zinin` bir qatar o`zgesheliklerine iye. Jer ha`r qanday o`ndiristin` ulıwmalıq sha`rti sıpatında tek g`ana awıl xojalıg`ında paydalanılıp qalmastan, al onnan resurs sıpatında sanaatta ha`m qurılısta da paydalanıladı.

Demek, jerge resurs sıpatında talap ku`shli. Biraq jerge talap qansha ku`shli bolıwına qaramastan onın` usınısı sheklengen. Mısalı, O`zbekstan Respublikasının` ulıwma jer fondı n`n`w9w.w mın` gektar, sonnan barlıq awıl xojalıq jerleri g`w9hw mın` gektardı quraydı. Jer sheklengen bolg`anlıqtan biz onı ko`beyte almaymız, biraq olarg`a investitsiya jumsaw arqalı paydalanılatug`ın jerlerdin` mug`darın ko`beytiw mu`mkin.

Jerdin` resurs sıpatındag`ı ekinshi bir o`zgesheligi onın` ornın hesh na`rse basa almaydı. Basqa resurslardı bolsa almastırıw mu`mkin. Mısalı, miynet resursların mashina menen almastırıwg`a boladı. Jerdin` resurs sıpatındag`ı o`nimdarlıg`ı da sheklengen. Eger onın` o`nimdarlıg`ı sheklenbegende edi, azg`antay jer uchastkalarınan paydalanıw arqalı g`ana, pu`tkil du`n ya ju`zi xalqın awıl xojalıq o`nimleri menen ta`miyinlew mu`mkin bolar edi.

Bulardın` ha`mmesi agrar qatnasıqlardın` o`zine ta`n bolg`an o`zgesheligin keltirip shıg`aradı. Bulardan tısqarı awıl xojalıq o`ndirisinin` ta`biyiy jag`daylardan g`a`rezli bolıwı, awıl xojalıg`ında islenetug`ın miynet penen alınatug`ın na`tiyje ortasındag`ı aralıq waqıttın` bolıwı, onın` ma`wsimli xarakteri ta`kirar islep shıg`arıw protsessinde esapqa alınıwı tiyis bolg`an o`zgeshelikler esaplanadı.

Jer ta`biyat o`nimi bolg`anlıqtan onın` o`nimdarlıg`ı da ha`r qıylı. Awıl xojalıq jerleri o`zinin` o`nimdarlıg`ı boyınsha jaqsı, ortasha ha`m to`men hasıldarlı jerler bolıp bo`linedi.

Jaqsı ha`m ortasha hasıldarlıqqa iye bolg`an jerler o`zinin` ko`lemi boyınsha sheklengen ha`m ol xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektler ta`repinen iyelep alıng`an. Bul jerge xojalıq ob`ekti retindegi monopoliyanı keltirip shıg`aradı.

Eger awıl xojalıq o`ndirisinde jaqsı ha`m ortasha hasıldarlı jerlerden paydalanılıp qoyılatug`ın bolsa, ol bazar talapların qanaatlandıra almaydı. Sonlıqtan awıl xojalıq o`ndirisinde to`men hasıldarlıqqa iye bolg`an jerlerde aylanısqa qosıladı. Jerlerden paydalanıw huqıqına keletug`ın bolsaq, ol jer iyesi qolında bolıwı sha`rt emes. Jerler basqa sub`ektlerge ijarag`a da beriliwi mu`mkin. Jer iyesi jerden paydalang`anlıg`ı ushın olardan to`lem aladı ha`m bul to`lemnin` tiykarın awıl xojalıg`ında o`ndirilgen qosımsha o`nim quraydı. Usı qosımsha o`nimnin` bir bo`legin renta formasında jer iyeleri o`zlestirip aladı.

Demek, renta bul jerge menshikliktin` ekonomikalıq jaqtan realizatsiyalanıwı bolıp tabıladı. Renta absolyut, differentsial, monopol renta bolıp ha`r qıylı tu`rlerge bo`linedi.

Absolyut renta jerge jeke menshik monopoliyasına baylanıslı alınatug`ın renta bolıp tabıladı. Jerge menshik huqıqınan paydalana otırıp, jer iyesi en` to`men hasıldarlı jerlerden de absolyut renta aladı.

Differentsial rentanın` o`zi differentsial renta I ha`m differentsial renta II bolıp bo`linedi. Jerlerdin` ta`biyiy o`nimdarlıg`ı ha`m bazarlarg`a jaylasıw jag`dayına baylanıslı alınatug`ın renta differentsial renta I dep ataladı. Joqarıda aytqanımızday jerler ta`biyiy o`nimdarlıg`ı boyınsha ha`r tu`rli boladı. Jerdin` o`nimdarlıg`ı ha`r tu`rli bolg`anlıqtan bul jerlerden alıng`an o`nimnin` individual qunları da ha`r qıylı boladı. Biraq bazarda o`nimler individual bahalar menen emes, al bazar bahası menen satıladı. Awıl xojalıg`ının` tiykarg`ı o`zgesheligi bul jerde to`men hasıldarlı jerlerden alıng`an o`nimnin` bahası bazar bahası xızmetin atqaradı. Bunday bolmag`anda to`men hasıldarlı jerlerde hesh kim xojalıq ju`rgizbegende bolar edi.

Jaqsı ha`m ortasha hasıldarlı jerlerde xojalıq ju`rgiziwshiler o`nimnin` individual bahası menen bazar bahası ortasındag`ı ayırmashılıq esabınan artıqsha tabıs ko`redi. Usı tabıs differentsial renta I-din` tiykarın quraydı.

Rentanın` bul tu`ri xojalıqlardın` iskerligine baylanıslı bolmag`an ta`biyiy sharayatta ju`zege keledi. Sonlıqtan ol ja`miyetlik talaplardı qanaatlandırıw maqsetinde byudjetke toplanadı.

Differentsial renta II jerdin` ekonomikalıq o`nimdarlıg`ına baylanıslı alınadı.

Xojalıqlar jerdin` hasıldarlıg`ın arttırıw ma`qsetinde og`an qosımsha qa`rejetler jumsaydı. Jumsalg`an bunday qa`rejetler tu`rlishe na`tiyje berip, alıng`an tabısta ha`r qıylı boladı.

Differentsial renta II jerdin` ekonomikalıq hasıldarlıg`ı menen baylanıslı bolg`anlıqtan, onın` bir bo`legi xojalıqlardın` o`zlerinin` ıxtıyarına qaldırıladı.

Awıl xojalıq o`ndirisinde monopoliyalıq renta da bolıp, ol ayırım kem ushırasatug`ın o`nim tu`rlerine monopol bahalar belgilew arqalı alınadı. Mısalı, tsitrus o`nimleri, chaydın`, limon h.t. basqalardın` ayırım tu`rleri. Renta tek g`ana awıl xojalıg`ında emes, al qazıp shıg`arıwshı sanaat tarawlarında da alınadı.

Qazılma baylıqlardın` jaylasıw jag`dayı, ka`nlerdin` baylıg`ı, olardı qazıp shıg`arıw ushın sarıplanatug`ın qa`rejetlerdin` de tu`rlishe bolıwına alıp keledi. Bul ayırım ka`rxanalardın` qosımsha tabıs alıwına mu`mkinshilik jaratıp ha`m ol renta tu`rindegi da`ramattı o`zlestiriw imkaniyatın beredi.

## Agrobiznes ha`m onın` tu`rleri

Agrobiznes isbilermenliktin` awıl xojalıg`ı menen baylanıslı bolg`an tu`rin an`latadı.

Biznestin` bul tu`ri rawajlang`an bazar ekonomikası ushın ta`n bolıp, onın` tiykarg`ı ma`qseti bazarg`a kerekli bolg`an awıl xojalıq o`nimlerin jetkerip beriw arqalı payda ko`riwden ibarat. Agrobizneske awıl xojalıg`ı menen baylanıslı bolg`an iskerlik penen shug`ıllanıwshı biznes tu`rleri kiredi.

Basqasha aytqanda agrobiznes awıl xojalıq o`nimlerin qayta islew, onı tutınıwshılarg`a jetkerip beriw ha`m texnikalıq xızmet ko`rsetiw menen baylanıslı bolg`an isbilermenlik xızmeti bolıp tabıladı. Agrobiznes agrosanaat kompleksinin` barlıq buwınların o`z ishine aladı. Onın` qatnasıwshıları bolıp isbilermen fermerler, awıl xojalıq o`nimlerin qayta islew menen shug`ıllanıwshı sanaat isbilermenleri, awıl xojalıq o`nimlerin satıw menen shug`ıllanıwshı isbilermenler, sonday aq olarg`a finanslıq xızmet ko`rsetiwshi komponiyalar esaplanadı.

Agrobiznestin` en` tiykarg`ı buwını fermer (diyxan) xojalıg`ı bolıp tabıladı.

Fermer xojalıg`ı awıl xojalıq o`nimlerin jetkerip beriwshiler bolıp, olar o`zlerinin` jerinde yamasa ijarag`a alıng`an jerinde xojalıq ju`rgizedi.

Fermer (diyxan) xojalıg`ının` tiykarg`ı artıqmashlıg`ı bul jerde mu`lk ha`m miynet o`z-ara birigedi. O`ndiristi rawajlandırıwg`a umtılıwshılıq joqarı boladı ha`m olar bazar talaplarına tez iykemlese aladı. Materiallıq juwapkershilikte joqarı boladı.

Ha`zirgi waqıtta O`zbekstan Respublikasında g`q mın`nan aslam fermer xojalıqları bolıp olarg`a ortasha 19-20 gektardan jer maydanı tuwrı keledi. Biraq fermer (diyxan) xojalıg`ının` rawajlanıwı, onın` sanı menen emes, al sapa ko`rsetkishleri menen belgilenedi. Yag`nıy fermer xojalıqlarının` xalıqtı sapalı awıl xojalıq o`nimleri menen ta`miyinlew da`rejesine itibar qaratılıwı kerek. Bul boyınsha respublikamızda bir qatar ilajlar belgilenip ha`m ol agrar reformalardın` tiykarg`ı bag`darlarınan biri esaplanadı.

Agrobiznestin` a`hmiyetli tu`rlerinen ja`ne biri agrofirmalar bolıp tabıladı. Agrofirmalar - awıl xojalıq o`nimlerin jetistiriw ha`m onı qayta islew menen baylanıslı bolg`an ka`rxanalardın` birigiwi na`tiyjesinde du`ziledi.

Bazar ekonomikası jag`dayında agrobiznestin` jan`a tu`rlerinen biri agrosanaat birlespeleri esaplanadı.

Agrosanaat birlespeleri awıl xojalıq o`nimlerin islep shıg`arıwshı ha`m og`an baylanıslı xızmet tu`rleri menen shug`ıllanıwshı bir neshe xojalıq ha`m ka`rxanalardı o`zinde birlestiredi. Awıl xojalıg`ında bulardan basqa ma`mleketlik ka`rxanalar, ja`ma`a`t xojalıqları ha`m shirketler, qospa ka`rxanalar da iskerlik ko`rsetedi.

## Tiykarg`ı tayanısh so`zler

Agrar qatnasıqlar- awıl xojalıq o`ndirisi ha`m onın` tiykarg`ı o`ndiris quralı bolg`an jerden paydalanıw boyınsha bolatug`ın qatnasıqlar.

Renta-jerge menshikliktin` ekonomikalıq jaqtan realizatsiyalanıwı.

Differentsial renta I -jerdin` ta`biyiy o`nimdarlıg`ına baylanıslı alınatug`ın renta.

Differentsial renta II-jerldin` ekonomikalıq o`nimdarlıg`ına baylanıslı alınatug`ın renta.

Absolyut renta- jerge menshiklik monopoliyası na`tiyjesinde alınatug`ın renta.

Monopol renta- siyrek ushırasatug`ın o`nim tu`rlerine monopol bahalar belgilew jolı menen alınatug`ın renta.

Qazıp shıg`arıwshı sanaat tarawındag`ı renta- qazılma baylıqlardın` jerdin` u`stin`gi qatlamına jaylasıw jag`dayı ha`m ka`nlerdin` baylıg`ına baylanıslı alınatug`ın renta.

Agrobiznes- isbilermenliktin` awıl xojalıg`ı menen baylanıslı bolg`an tu`ri.

## Ta`kirarlaw ushın sorawlar.

1. Bazar qatnasıqları sistemasında agrar qatnasıqlardın` tutqan ornı ha`m onın` o`zgesheligin tu`sindirip berin`.
2. Rentanın` ekonomikalıq ma`nisin ashıp berin`.
3. Differentsial renta I, differentsial renta II ha`m absolyut rentanın` payda bolıw mexanizmin tu`sindirin`.
4. Monopol renta qalay alınadı? Sanaat tarawında renta tu`rindegi da`ramat bolıwı mu`mkin be?
5. Agrobiznes degenimiz ne ha`m onın` tiykarg`ı ma`qsetin aytıp berin`?
6. Agro biznes tu`rlerin atap o`tin` ha`m olardın` tiykarg`ı xızmeti neden ibarat?

## 11-tema. Milliy ekonomika ha’m onın’ tiykarg’ı makroekonomikalıq parametrleri. Ekonomikalın’ o’siw teoriyası

1. Milliy ekonomika tu’sinigi. O’zbekstanda milliy ekonomikanın’ qa’liplesiw o’zgeshelikleri
2. Milliy ekonomikanın’ tiykarg’ı makroekonomi-kalıq ko’rsetkishleri
3. Ekonomikalıq o’siw, onın’ faktorları, tu’rleri ha’m o’lshemleri
4. Ekonomikalıq rawajlanıwdag’ı tsikllı o’zgerisler. TSikl fazaları. Milliy baylıq ha’m ekonomikalıq potentsial

Milliy ekonomika bul ha`r bir ma`mleket shegarasındag`ı ekonomika bolıp, onın` rawajlanıw da`rejesi ulıwmalasqan ko`riniste ulıwma milliy o`nim ko`rsetkishi arqalı sa`wlelendiriledi.

Ulıwma milliy o`nim-bul belgili da`wir ishinde ma`mlekette o`ndirilgen aqırg`ı o`nimnin` bazar bahalarındag`ı qunı bolıp tabıladı.

Ulıwma milliy o`nimdi esaplawda milliy ekonomikada o`ndirilgen tovar ha`m xızmetlerdin` bazar bahalarındag`ı summası alınadı.

Ayırım jag`daylarda ulıwma milliy o`nimdi anıqlawda qayta esaplawlar da ushırasıwı mu`mkin. Sonlıqtan qayta esaplawlardı boldırmaw ushın WMO` di esaplawda qosılg`an qunlar jıyındısı alınadı. Qosılg`an qun-bul ka`rxanada o`ndirilgen o`nimnin` bazar qunınan ag`ımdag`ı materiallıq shıg`ınlardı alıp taslag`annan qalg`an bo`legi bolıp tabıladı.

Ulıwma milliy o`nimdi esaplawda onın` nominal ha`m real mug`darın biliwde ayrıqsha a`hmiyetke iye.

Ag`ımdag`ı bazar bahaları tiykarında esaplang`an milliy o`nim nominal milliy o`nim dep, al o`zgermeytug`ın bahalar tiykarında esaplang`an milliy o`nim bolsa, real milliy o`nim dep ataladı.

Milliy ekonomikada WMO` ko`rsetkishi menen bir qatarda ishki milliy o`nim (i.m.o`) ko`rsetkishi de anıqlanadı.

IMO`- belgili da`wirde ma`mleket ishinde o`ndirilgen tovar ha`m xızmetlerdin` bazar bahalarındag`ı qunı bolıp tabıladı. Onın` WMO` nen ayırmashılıg`ı bul jerde ma`mleket territoriyasında iskerlik ju`rgiziwshi barlıq ekonomikalıq sub`ektlerdin` xojalıq na`tiyjeleri esapqa alınadı. (Mısalı sol ma`mlekettegi shet el investorlarının` da`ramatlarıda esapqa alınadı).

Ulıwma milliy o`nimnen o`ndiriste paydalanılg`an kapital qunın alıp taslag`annan qalg`an bo`legi sap milliy o`nim (SMO`) dep ataladı. SMO` o`zinin` mug`darı boyınsha UMO` nen amortizatsiya ajıratpaları (Aa) summasına az boladı. Yag`nıy:

SMO`= UMO` -Aa

SMO` nin` ja`miyet ag`zalarının` da`ramatı sıpatındag`ı bo`legi “milliy tabıs” dep ju`rgiziledi. Milliy tabıs (MT) bir jılda jan`adan do`retilgen qunlardın` jıyındısı bolıp tabıladı. !melde o`ndirilgen ha`m paydalanılg`an MT ko`rsetkishleri esapqa alınadı. O`ndirilgen MT- bul jan`adan do`retilgen tovar ha`m xızmetlerdin` ulıwma ko`lemi bolıp tabıladı. Paydalanılg`an MT- bul o`ndirilgen MT- tan ha`r qıylı shıg`ınlar ha`m sırtqı sawda qaldıg`ın alıp taslag`annan qalg`an bo`legi esaplanadı. MT- o`z ha`reketi dawamında o`ndiriw, bo`listiriw, qayta bo`listiriw ha`m paydalanıw basqıshlarınan o`tedi.

MT- materiallıq o`ndiris tarawlarında o`ndiriledi ha`m onın` birinshi bo`listiriliwi de usı jerde ju`zege keledi. Onı qayta bo`listiriw byudjet arqalı a`melge asırıladı. Aqırında MT paydalanıw basqıshına kelip tu`sedi.

Milliy tabıstın` paydalanılıwı toplaw ha`m tutınıw fondları ko`rinisinde a`melge asırıladı. Tutınıw fondı-ja`miyetlik o`ndiriste ba`nt bolg`anlar ushın xızmet haqı fondı, sotsial ta`miyinlew fondı, sotsial ja`rdem beriw fondı, sotsial xızmetler ushın ajıratpalar ha`m basqa da bir qatar qa`rejetlerdi de ishine aladı.

Toplaw fondı bolsa o`ndiristi rawajlandırıw, ken`eytiw ha`m jan`alaw ma`qsetlerinde jumsaladı. Milliy tabıstın` toplaw ha`m tutınıw fondlarına bo`liniwi ha`r eldin` o`zinin` ekonomikalıq jag`daylarınan kelip shıg`a otırıp a`melge asırıladı. O`ndiristi rawajlandırıw za`ru`rligi ko`birek bolg`an jerlerde milliy tabıstan toplaw maqsetlerinde paydalanıw za`ru`rligi de ku`shlirek boladı.

Milliy tabıstın` o`siwi to`mendegi bir qatar faktorlarg`a baylanıslı boladı.

1. Miynet o`nimdarlıg`ın arttırıwg`a;
2. Jan`a texnika ha`m texnologiyadan paydalanıw da`rejesine;

3. Fondlardan na`tiyjeli paydalanıw jag`dayına;
4. Islewshilerdin` bilim da`rejesi ha`m qa`nigelik sheberligine;
5. Investitsiyalardın` na`tiyjeliligin arttırıw h.t.b.

Ha`r qanday ja`miyette mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıwdın` tiykarg`ı quralı sıpatında ekonomikalıq o`siw ha`reket etedi. Egerde ekonomikalıq o`siw bolmasa, ja`miyette rawajlanıw bolmaydı. Olay bolsa ekonomikalıq o`siw degen neW Ekonomikalıq o`siw degende adamlardın` talap ha`m mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw ushın za`ru`r bolg`an materiallıq o`nimler ha`m xızmetlerdi islep shıg`arıwdın` ko`beyip barıwı tu`siniledi.

Ekonomikalıq o`siw teoriyası ekonomikalıq rawajlanıwdı ta`miyinlew jolların ha`m onın` faktorların analiz etedi.

Ekonomikalıq o`siwge qaray ja`miyettin` ekonomikalıq jag`dayına baha beriwge boladı. Du`n yadag`ı barlıq ma`mleketlerdi olardın` ekonomikasının` rawajlanıw da`rejelerine qaray toparlarg`a ajıratıwg`a boladı: joqarı rawajlang`an, rawajlanıp atırg`an ha`m to`men rawajlang`an.

Bunday bo`liwde ma`mlekette xalıqtın` jan basına real da`ramatlardın` (ulıwma milliy o`nimnin`) sa`ykes keliw mug`darı tiykar etip alınadı. Bul jerde ne sebep ayırım ma`mleketler basqa ma`mleketlerge salıstırg`anda tez rawajlanadı degen soraw payda boladı.

Bul sorawg`a juwap beriw ushın ekonomikalıq o`siwdin` faktorların analiz etiw kerek. Ha`r qanday ja`miyette ekonomikalıq o`siwge to`mendegi to`rt faktor ta`sir etedi:

1. Ta`biyiy resurslardın` mug`darı ha`m sapası.
2. Miynet resurslarının` mug`darı ha`m sapası.
3. O`ndiristegi tiykarg`ı kapitaldın` mug`darı ha`m du`zilisi.
4. O`ndiristin` texnologiyalıq da`rejesi.

Bul faktorlardın` ha`r bir ekonomikalıq o`siwge belgili da`rejede ta`sir etedi.

Respublikamızda bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde a`melege asırılıp atırg`an {... strukturalı o`zgerisler ekonomikalıq o`siwdin` sheshiwshi faktorına aylanıp barmaqta}[a`]

Ekonomikalıq o`siw eki tu`rde a`melge asırıladı: ekstensiv ha`m intensiv.

Ekstensiv ekonomikalıq o`siwde o`ndiristin` aldın`g`ı texnikalıq tiykarı saqlang`an halda o`ndiris faktorlarının` mug`darın ko`beytiw arqalı ekonomikalıq o`siwge erisiledi. Ekstensiv rawajlanıwda o`ndiris na`tiyjeligi o`zgermey qaladı.

Ekonomikalıq o`siwdin` intensiv tu`rinde o`nim islep shıg`arıw ko`lemin ken`eytiwge o`ndiris faktorların sapa jag`ınan jetilistiriw: ja`ne de progressiv o`ndiris a`sbapların ha`m jan`a texnikanı qollanıw, jumıs ku`shinin` qa`niygeligin arttırıw, bar bolg`an o`ndiris potentsialınan jaqsıraq na`tiyjeli paydalanıw jolı menen erisiledi. Bul jag`dayda o`ndiris na`tiyjeligi o`ndiristin` aldın`g`ı da`rejesine salıstırg`anda artadı, miynet o`nimdarlıg`ı ko`teriledi.

Ha`r bir ja`miyette ekonomikalıq o`siw sol ja`miyettegi o`ndiristin` ko`lemi menen o`lshenedi. Ol ma`mlekettin` real ulıwma o`niminin` yamasa real milliy da`ramattın` o`siwinde sa`wlelendirildi.

Ha`r qanday rawajlanıw qarama-qarsılıqlardın` birliginen turadı. Ekonomikalıq o`siwdin` ha`reketke keltiriwshi ku`shi bolsa, o`ndiriw menen tutınıw arasındag`ı qarama-qarsılıqlardın` birliginen ibarat. Sebebi o`ndiriwsiz tutınıw bolmaydı, tutınıw arqalı o`nimler ha`m xızmetlerdin` real obrazları payda boladı. Tutınıwdın` bolıwı o`ndiristin` keyingi rawajlanıwı ushın tu`rtki boladı.

Ekonomikalıq o`siw investitsiyalıq resurslarsız bolıwı mu`mkin emes. Bul resurslar o`ndiristi rawajlandırıwg`a bag`darlanadı. Investitsiya ekonomikalıq o`siwge ha`r ta`repleme ta`sir etedi: birinshiden, jan`a texnologiyanı engiziw arqalı miynet o`nimdarlıg`ın arttıradı, ekinshiden, qosımsha jumıs orınların payda etip, o`ndiriske jan`a miynet resursların tartadı, u`shinshiden, jan`a ta`biyiy resurslardı xojalıq aylanısına tu`siredi yag`nıy o`ndiristi ta`biyiy resurslar menen ta`miyinlewge xızmet etedi.

Demek, investitsiya o`ndiris faktorlarına ha`r ta`repleme ta`sir ete otırıp ekonomikalıq o`siwge alıp keledi.

## Milliy baylıq ha`m ekonomikalıq potentsial

Ha`r qanday ja`miyettin` ekonomikalıq o`siwi sol ja`miyettin` baylıqlarına su`yenedi. Baylıq tu`sinigi ekonomikalıq teoriyada ken` ma`niste qollanıladı.

Milliy baylıq bul ulıwma ekonomikalıq kategoriya. Ol tek g`ana bir millettin` baylıg`ı bolıp qalmastan pu`tkil ja`miyettin` baylıg`ı. Mine usı ta`repi boyınsha ol ja`miyetlik baylıq dep te ataladı.

Milliy baylıq degen neW

Milliy baylıq dep, a`sirler dawamında a`wladlar miyneti menen do`retilgen ha`m ja`miyette toplanıp kelgen materiallıq ha`m ma`deniy o`nimler, ta`biyat baylıqları, toplang`an bilimler, qa`niyge ha`m ta`jiriybelerdin` jıyındısına aytıladı.

Milliy baylıq o`zine ta`n bolg`an ulıwma adamzatlıq belgilerge iye:

1. Milliy baylıq adam miynetinin` na`tiyjesinde ko`beyip baradı.
2. Milliy baylıq toplanıp baradı.
3. Milliy baylıq do`retiledi, jumsaladı ha`m jan`adan do`retiledi.
4. Milliy baylıq mu`lk sıpatında adamlar biyliginde boladı. Mu`lk bolmag`an jerde baylıq joq.

Milliy baylıq o`zinin` ishki du`zilisine iye. Ol payda bolıw deregine qaray ekige bo`linedi:

1. Miynet o`nimi bolg`an baylıq.
2. Ta`biyat inam etken baylıq.

Ekonomika rawajlang`an sayın ta`biyatqa miynet ko`birek sin`ip baradı, insan ta`biyiy baylıqlardın` qayta payda bolıwında aktiv qatnasadı. Ol tayar zatlardı ta`biyattan alıw menen sheklenbey, ta`biyatqa o`z baylıg`ın do`retiwde ja`rdemlesedi. Na`tiyjede ta`biyiy baylıqlar miynet o`nimine aylanadı. Biraqta ta`biyattag`ı resurslardın` sheklengenligin esapqa alıp milliy baylıqlıqlardan belgili qag`ıydalarg`a tiykarlanıp paydalanıwımız kerek.

Olardan:

1. Milliy baylıqlardan u`nemli ha`m ratsional paydalanıw;
2. Jumsalg`an baylıqlardın` ornın toltırıw;
3. Ta`biyat nızamlarına sa`ykes ha`reket etiw;
4. Ilimnin`, texnikanın` jetiskenliklerine tiykarlanıp milliy baylıqlardan maqsetke muwapıq paydalanıw.

Milliy baylıqtın` ko`beyiwi (toplanıwı) nızam tiykarında a`melge asadı. Bul nızamg`a muwapıq ekonomikalıq o`siw ju`z bergende do`retilgen ulıwma o`nimnin` du`zilisi bolg`an qosımsha o`nimnin` toplanatug`ın bo`legi milliy baylıqqa aylanadı.

Ekonomika o`sip, ja`miyet ag`zalarının` turmıs da`rejeleri artqan sayın Milliy baylıqtın` du`zilisinde tutınıw buyımlarının` u`lesi artadı. Na`tiyjede xalıqtın` mal-mu`lki bolg`an baylıq tez o`sedi.

Milliy baylıq o`ndiris resurslarınan ibarat bolg`anlıqtan, ol ja`miyettin` ekonomikalıq ku`sh-quwatın ko`rsetedi ha`m ekonomikalıq potentsialdı payda etedi. Ja`miyettin` islep shıg`ara biliw qa`bileti ekonomikalıq potentsial dep ataladı. Bul qa`bilet o`ndiris resurslarının` mug`darı ha`m sapası menen belgilenedi, do`retilgen o`nimler ha`m xızmetlerdin` mug`darı menen sa`wlelenedi. Sonın` ushın onın` a`hmiyetli ko`rsetkishi ulıwma miliy o`nim esaplanadı.

Ekonomikalıq potentsial to`mendegishe to`rt bo`limnen turadı:

a) Miynet potentsialı.
b) Ilimiy-ag`artıwshılıq potentsialı.
v) Texnika-texnologiyalıq potentsial
g) Ta`biyiy potentsial.

Miynet potentsialı - ja`miyettegi miynetke jaramlı, bilimge, qa`niygege ha`m islep shıg`ara biliw qa`biletine iye bolg`an adamlardın` jıyındısı.

Miynet potentsialının` mug`darlı o`lshemi jumısqa jaramlı adamlar sanı bolıp, onın` o`sip barıwı xalıqtın` ko`beywinen kelip shıg`adı.

Sapa jag`ınan miynet potentsialı sol xalıqtın` bilim da`rejesin, ka`siplik qa`niygeligin ha`m ta`jiriybesin an`latadı.

Ilimiy-ag`artıwshılıq potentsialı - bul ilim ha`m ag`artıwshılıqqa xızmet etiwshi materiallıq, insaniy resurslar ha`m ilimnin` erisken da`rejesi. Ol tiykarınan to`mendegishe u`sh bo`limnen turadı:

1) Ilimiy mekemeler ha`m olar ushın xızmet etiwshi bilimler toplamı.
2) Ilimiy pedagogikalıq qa`niygeler ha`m olardın` ka`siplik sheberligi, bilim da`rejeleri.
3) Ilim - ag`artıwshılıq ıqtiyarındag`ı materiallıq resurslar (imaratlar, ilimiy u`skeneler, ilimiy miynetler, oqıwlıqlar h.t.b.).

Ekonomikada to`mendegishe nızam bar.

Ilim - ag`artıwshılıq rawajlanıwına qanshelli ko`p qarjı jumsap, onı na`tiyjeli jumsaw ta`miyinlense, ekonomikanın` o`siw sonshelli tezlesip milliy baylıq ko`beyedi.

Texnika-texnologiyalıq potentsial - bul ja`miyettegi mashina - mexanizmler mug`darı, olardın` du`zilisi, texnikalıq da`rejesi ha`m texnologiyalıq sistemalar jıyındısın o`z ishine aladı. Bul potentsial ilim jetiskelliklerinin` jan`a texnika ha`m texnologiyalarda materiallasqanlıg`ın bildiredi.

Ta`biyiy potentsial - ta`biyiy resurslardın` mug`darı ha`m sapasın, o`ndiristin` hawa rayı jag`dayların an`latadı. Bug`an jer, suw, tog`aylar, jer astı baylıqları, suw baylıqları, t.b. kiredi.

Ha`zirgi zaman ta`jiriybesinde ekonomikalıq potentsialdın` o`siwi ha`m na`tiyjeli jumsalıwın ta`miyinlewshi ku`sh erkin bazar mexanizmleri ekenligi ko`rsetilgen.

Ja`miyette ekonomikalıq o`siwdin` ju`z beriwi ekonomikada ha`r qanday jag`daylardın` kelip shıg`ıwına alıp keledi. Ekonomika bir tegis rawajlanbaydı. Ol tolqın ta`rizde terbelisli ha`reket etiledi ha`m bul jag`day belgili da`wirlerde ta`kirarlanıp turadı. Ekonomikalıq dinamikadag`ı ko`teriliw ha`m to`menlew jag`dayların o`z ishine alıwshı ekonomikanın` terbelip turıwı menen xarakterleniwshi da`wir ekonomikalıq o`siwdin` tsikllıg`ı dep ataladı.

Ha`zirgi zaman teoriyasında tsikldın` bar ekenligi ta`n alınadı ha`m ol ekonomikadag`ı terbelisli ha`reket dep tu`sindiriledi. Tsikl bazar ekonomikasına ta`n nızamlardın` biri.

Tsikl o`z ishine to`mendegi to`rt fazanı aladı; o`siw tochkası (bum), krizis (sokrashenie), to`menlewdin` son`g`ı tochkası (spad), ko`teriliw (pod`em).

Bul fazalardın` izbe-iz almasıp turıwı na`tiyjesinde ekonomikada tolqın sıyaqlı ha`reket ju`z beredi. Bul jag`daydı to`mendegi 1- sızılmadan ko`riwimizge boladı.




*1-sızılma. Ekonomikalıq tsikl*

Ha`r bir faza o`zinin` xarakterleniwshi belgisine iye q-fazada o`ndiris jaqsı rawajlanadı, tolıq jumıs penen ta`miyinlew payda boladı, o`nimler ha`m xızmetler ko`plep do`retiledi, olar satıladı, biraqta investitsiyalıq xızmetler ku`shli bolmaydı. Usıg`an baylanıslı o`ndiris to`menleydi, jumıssızlıq artıp baradı. Bul jag`day tsikldın` ekinshi fazasın o`ndiristin` qısqarıwın (to`menlewin), ekonomikalıq krizisti keltirip shıg`aradı. Krizis tsikldın` en` a`hmiyetli fazası bolıp, ol ekonomikanın` to`menlep ketiwi menen xarakterlenedi. Ol eki sebepke baylanıslı kelip shıg`adı: artıqsha islep shıg`arıw ha`m kem islep shıg`arıw.

Bazar ekonomikası ushın artıqsha islep shıg`arıw krizisi ta`n. Bug`an payda izinen quwıp, tovarlardı o`ndiriwdin` o`siwine qarag`anda, xalıqtın` satıp alıw qa`biletinin` to`menlep ketiwi sebepshi boladı.

Ekonomikalıq krizisler waqtı-waqtı belgili aralıqtan keyin ta`kirarlanıp turadı. En` da`slep krizis 1825-jılı Angliyada, son`ınan 1836-jılı Angliya ha`m AQSh ta, 1841-jılı AQSh ta, 1847-jılı AQSh, Angliya, Frantsiya ha`m Germaniyada, al 1857 - jılı birinshi du`n ya ju`zlik tsikllı krizis baslang`an. Ekonomikalıq krizisler dawam etiw waqıtlarına qaray uzaq mu`ddetli, orta mu`ddetli ha`m qısqa mu`ddetli bolıp bo`linedi.

Krizisten son` tsikldın` u`shinshi fazası baslanadı. Bul fazada o`ndiristin` pa`seyiwi toqtaydı. Bazarlarda tovarlardın` bir bo`legi og`ada to`men bahalarda satıla baslaydı. Ekonomika ja`miyetlik o`ndiris penen tutınıwdın` en` to`men da`rejesin talap penen usınıs arasındag`ı ten` salmaqlılıq awhalında boladı. Bunnan son` jan`a basqısh ko`teriliwi fazası baslanadı. Bunda o`ndiristin` ko`lemi a`stelik penen o`se baslaydı. O`ndiristin` ko`lemi krizisten aldın`g`ı da`rejege jetedi, ha`tteki onnan artıp ketiwi mu`mkin. Bul fazada jan`a ka`rxanalar ko`beyip, jumıssızlıq qısqaradı, tovar bahaları ko`terilip, bank protsenti pa`seyedi. Bankler o`ndiristin` barg`an sayın ken`eyiwin quwatlap, sanaat ha`m sawda islerine kredit beriwdi ko`beytedi. Tovarlardın` artıqsha bo`lekleri ko`beye baslaydı. Artıqsha o`ndiriw en` joqarı da`rejege jetkende ja`ne krizis baslanadı. Na`tiyjede tsikl ta`kirarlanadı.

**Milliy baylıq ha`m ekonomikalıq potentsial**

Ha`r qanday ja`miyettin` ekonomikalıq o`siwi sol ja`miyettin` baylıqlarına su`yenedi. Baylıq tu`sinigi ekonomikalıq teoriyada ken` ma`niste qollanıladı.

Milliy baylıq bul ulıwma ekonomikalıq kategoriya. Ol tek g`ana bir millettin` baylıg`ı bolıp qalmastan pu`tkil ja`miyettin` baylıg`ı. Mine usı ta`repi boyınsha ol ja`miyetlik baylıq dep te ataladı.

Milliy baylıq degen neW

Milliy baylıq dep, a`sirler dawamında a`wladlar miyneti menen do`retilgen ha`m ja`miyette toplanıp kelgen materiallıq ha`m ma`deniy o`nimler, ta`biyat baylıqları, toplang`an bilimler, qa`niyge ha`m ta`jiriybelerdin` jıyındısına aytıladı.

Milliy baylıq o`zine ta`n bolg`an ulıwma adamzatlıq belgilerge iye:

1. Milliy baylıq adam miynetinin` na`tiyjesinde ko`beyip baradı.
2. Milliy baylıq toplanıp baradı.
3. Milliy baylıq do`retiledi, jumsaladı ha`m jan`adan do`retiledi.
4. Milliy baylıq mu`lk sıpatında adamlar biyliginde boladı. Mu`lk bolmag`an jerde baylıq joq.

Milliy baylıq o`zinin` ishki du`zilisine iye. Ol payda bolıw deregine qaray ekige bo`linedi:

1. Miynet o`nimi bolg`an baylıq.
2. Ta`biyat inam etken baylıq.

Ekonomika rawajlang`an sayın ta`biyatqa miynet ko`birek sin`ip baradı, insan ta`biyiy baylıqlardın` qayta payda bolıwında aktiv qatnasadı. Ol tayar zatlardı ta`biyattan alıw menen sheklenbey, ta`biyatqa o`z baylıg`ın do`retiwde ja`rdemlesedi. Na`tiyjede ta`biyiy baylıqlar miynet o`nimine aylanadı. Biraqta ta`biyattag`ı resurslardın` sheklengenligin esapqa alıp milliy baylıqlıqlardan belgili qag`ıydalarg`a tiykarlanıp paydalanıwımız kerek.

Olardan:

1. Milliy baylıqlardan u`nemli ha`m ratsional paydalanıw;
2. Jumsalg`an baylıqlardın` ornın toltırıw;
3. Ta`biyat nızamlarına sa`ykes ha`reket etiw;
4. Ilimnin`, texnikanın` jetiskenliklerine tiykarlanıp milliy baylıqlardan maqsetke muwapıq paydalanıw.

Milliy baylıqtın` ko`beyiwi (toplanıwı) nızam tiykarında a`melge asadı. Bul nızamg`a muwapıq ekonomikalıq o`siw ju`z bergende do`retilgen ulıwma o`nimnin` du`zilisi bolg`an qosımsha o`nimnin` toplanatug`ın bo`legi milliy baylıqqa aylanadı.

Ekonomika o`sip, ja`miyet ag`zalarının` turmıs da`rejeleri artqan sayın Milliy baylıqtın` du`zilisinde tutınıw buyımlarının` u`lesi artadı. Na`tiyjede xalıqtın` mal-mu`lki bolg`an baylıq tez o`sedi.

Milliy baylıq o`ndiris resurslarınan ibarat bolg`anlıqtan, ol ja`miyettin` ekonomikalıq ku`sh-quwatın ko`rsetedi ha`m ekonomikalıq potentsialdı payda etedi. Ja`miyettin` islep shıg`ara biliw qa`bileti ekonomikalıq potentsial dep ataladı. Bul qa`bilet o`ndiris resurslarının` mug`darı ha`m sapası menen belgilenedi, do`retilgen o`nimler ha`m xızmetlerdin` mug`darı menen sa`wlelenedi. Sonın` ushın onın` a`hmiyetli ko`rsetkishi ulıwma miliy o`nim esaplanadı.

Ekonomikalıq potentsial to`mendegishe to`rt bo`limnen turadı:

a) Miynet potentsialı.
b) Ilimiy-ag`artıwshılıq potentsialı.
v) Texnika-texnologiyalıq potentsial
g) Ta`biyiy potentsial.

Miynet potentsialı - ja`miyettegi miynetke jaramlı, bilimge, qa`niygege ha`m islep shıg`ara biliw qa`biletine iye bolg`an adamlardın` jıyındısı.

Miynet potentsialının` mug`darlı o`lshemi jumısqa jaramlı adamlar sanı bolıp, onın` o`sip barıwı xalıqtın` ko`beywinen kelip shıg`adı.

Sapa jag`ınan miynet potentsialı sol xalıqtın` bilim da`rejesin, ka`siplik qa`niygeligin ha`m ta`jiriybesin an`latadı.

Ilimiy-ag`artıwshılıq potentsialı - bul ilim ha`m ag`artıwshılıqqa xızmet etiwshi materiallıq, insaniy resurslar ha`m ilimnin` erisken da`rejesi. Ol tiykarınan to`mendegishe u`sh bo`limnen turadı:

1) Ilimiy mekemeler ha`m olar ushın xızmet etiwshi bilimler toplamı.
2) Ilimiy pedagogikalıq qa`niygeler ha`m olardın` ka`siplik sheberligi, bilim da`rejeleri.
3) Ilim - ag`artıwshılıq ıqtiyarındag`ı materiallıq resurslar (imaratlar, ilimiy u`skeneler, ilimiy miynetler, oqıwlıqlar h.t.b.).

Ekonomikada to`mendegishe nızam bar.

Ilim - ag`artıwshılıq rawajlanıwına qanshelli ko`p qarjı jumsap, onı na`tiyjeli jumsaw ta`miyinlense, ekonomikanın` o`siw sonshelli tezlesip milliy baylıq ko`beyedi.

Texnika-texnologiyalıq potentsial - bul ja`miyettegi mashina - mexanizmler mug`darı, olardın` du`zilisi, texnikalıq da`rejesi ha`m texnologiyalıq sistemalar jıyındısın o`z ishine aladı. Bul potentsial ilim jetiskelliklerinin` jan`a texnika ha`m texnologiyalarda materiallasqanlıg`ın bildiredi.

Ta`biyiy potentsial - ta`biyiy resurslardın` mug`darı ha`m sapasın, o`ndiristin` hawa rayı jag`dayların an`latadı. Bug`an jer, suw, tog`aylar, jer astı baylıqları, suw baylıqları, t.b. kiredi.

Ha`zirgi zaman ta`jiriybesinde ekonomikalıq potentsialdın` o`siwi ha`m na`tiyjeli jumsalıwın ta`miyinlewshi ku`sh erkin bazar mexanizmleri ekenligi ko`rsetilgen.

## Tiykarg`ı tayanısh so`zler

Ekonomikalıq o`siw -adamlardın` talap ha`m mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw ushın za`ru`r bolg`an materiallıq o`nimler islep shıg`arıwdın` ha`m xızmetler ko`rsetiwdin` ko`beyip barıwın an`latadı.

Ekstensiv ekonomikalıq o`siw - o`ndiriste qosımsha resurslardı qollanıw (tartıw) arqalı o`ndiris ko`leminin` artıp barıwı.

Intensiv ekonomikalıq o`siw - o`ndiriste bar bolg`an o`ndiris faktorları da`rejesinde, olardan paydalanıw na`tiyjeliligin arttırıw arqalı o`ndiris ko`leminin` ko`beyip barıwı.

Investitsiya - o`ndiris ha`m xızmet ko`rsetiw salaların ken`eyttiriw ushın resurslardın` o`ndiriske bag`darlanıwı.

Ekonomikalıq o`siwdin` tsikllıg`ı- ekonomikalıq dinamikadag`ı ko`teriliw ha`m to`menlew jag`dayların o`z ishine alıwshı ha`m ekonomikanın` terbelip turıwı menen xarakterleniwshi da`wir.

Ekonomikalıq krizis -o`diris ko`leminin` keskin to`menlep ketiwi.

Milliy baylıq- a`sirler dawamında adam miyneti menen do`retilgen ha`m ja`miyette toplanıp kelgen barlıq materiallıq ha`m ruwxıy baylıqlar, paydalanıwg`a qaratılg`an (tartılg`an) ta`biyat o`nimleri.

Ekonomikalıq potentsial- ja`miyettin` ekonomikalıq ku`shi-quwatın ha`m islep shıg`arıw mu`mkinshiligin (qa`biletin) an`latadı.

Ekonomikalıq o`siwdin` tsikllıg`ı- ekonomikalıq dinamikadag`ı ko`teriliw ha`m to`menlew jag`dayların o`z ishine alıwshı ha`m ekonomikanın` terbelip turıwı menen xarakterleniwshi da`wir.

Ekonomikalıq krizis -o`diris ko`leminin` keskin to`menlep ketiwi.

Milliy baylıq- a`sirler dawamında adam miyneti menen do`retilgen ha`m ja`miyette toplanıp kelgen barlıq materiallıq ha`m ruwxıy baylıqlar, paydalanıwg`a qaratılg`an (tartılg`an) ta`biyat o`nimleri.

Ekonomikalıq potentsial- ja`miyettin` ekonomikalıq ku`shi-quwatın ha`m islep shıg`arıw mu`mkinshiligin (qa`biletin) an`latadı.

## Ta`kirarlaw ushın sorawlar

1. Ekonomikalıq o`siw degen ne?
2. Ekonomikalıq o`siwdin` faktorların ta`riyiplep berin`.
3. Ekstensiv ha`m intensiv ekonomikalıq o`siwlerdin` ayırmashılıg`ı nedeW
4. Tsikl degen ne? Ol qanday fazalardan turadı?
5. Ekonomikalıq krizislerdin` sebeplerin tu`sindirin`.
6. O`zbekstanda milliy baylıqlardan paydalanıw o`zgesheligin tu`sindirin`.
7. O`zbekstannın` ekonomikalıq potentsialın mısallar menen ko`rsetin`.
8. Ulıwma milliy o`nim ha`m ishki milliy o`nimnin` ayırmashılıg`ın aytıp berin`?
9. Milliy tabıs degenimiz ne?
10. O`ndirilgen ha`m paydalanılg`an milliy tabıs qalay anıqlanadı?
11. Milliy tabıs o`z ha`reketinde qanday basqıshlardan o`tedi?
12. Tsikl degen ne? Ol qanday fazalardan turadı?
13. Ekonomikalıq krizislerdin` sebeplerin tu`sindirin`.
14. O`zbekstanda milliy baylıqlardan paydalanıw o`zgesheligin tu`sindirin`.
15. O`zbekstannın` ekonomikalıq potentsialın mısallar menen ko`rsetin`.

## 12-tema. Jumıs кu'shi, onın' ba'ntliligi ha'm jumıssızlıq

1. Jumıs кu'shinin' sotsial-eкonomiкalıq mazmunı
2. Jumıs кu'shi ba'ntliligi ha'm onın' da'rejesi. Jumıssızlıq ha'm onın' tu'rleri. Ouкen nızamı
3. Jumıs кu'shi bazarı. O'zbeкstanda jumıs кu'shi bazarın qa'liplestiriw ha'm ta'rtipкe salıw

Jumıs кu'shi – insannın' fiziкalıq ha'm ruwxıy qa'biletlerini jıyındısı esaplanıp, ol bazar sistemasında tovarg'a aylanadı ha'm bazar arqalı o'ndirisкe кirip кeledi. Jumıs islew qa'bileti ha'mmede bola bermegenligi sebepli ulıwma xalıqtın' quramınan miynet resursları ajıratıp alınadı, bul miynetкe qa'biletli adamlar sanınan кelip shıg'adı. Miynet resurslarına miynet etiw jasındag'ı adamlar iredi ha'm olar ma'mleкettin' miynet potentsialın payda etedi.

Miynet resurslarının' o'siwi xalıqtın' sotsial-demografiyalıq du'zilisine baylanıslı. Xalıq tez кo'beygen jerde miynet resurslarıts tez sedi. Mısalı, O'zbeкstanda miynet resursları ha'r jılı 330 mın' adamg'a o'sedi. Son'g'ı on jıl ishinde O'zbeкstanda miynet resursları 24.3 protsentкe кo'beydi.

Miynet resursları mug'darlı ha'm sapa lshemge iye. Onın' mug'darlı o'lshemi miynetкe jaramlılardın' sanın an'latsa, sapa o'lshemi adamlardın' bilim da'rejesi, qa'nigeligi ha'm ta'jiriybesinen ibarat.

Miynet resurslarının' bir bo'legi jumıs penen ba'nt bolsa, eкinshi bo'legi jumıssızlardı payda etedi.

**Ba'ntliliк** miynet etiw qa'biletine iye bolg'an ha'm miynet etiwdi qa'lewshilerdi jumısqa jaylastırıp paydalı miynet penen shug'ıllanıwshılardı alatadı. Mug'darı boyınsha tolıq ha'm tolıq emes ba'ntliliкler bar. Tolıq ba'ntliliк belgilengen jumıs кu'ni, ha'ptesi yamasa jumıs ayı dawamında barlıq waqıtta jumıs penen ba'nt bolıwdı an'latadı. Eger jumıs кu'ni 8 saat, jumıs ha'ptesi 5 кu'n bolsa, 1 ayda 22 jumıs кu'ni bolsa, ja'mi 176 saat (8§22) jumıs islep sog'an sa'yкes haqı alsa, bul tolıq ba'ntliliк boladı, al кu'nige 5 saat, ha'ptesine 4 кu'n, bir ayda 80 saat islese, tolıq emes ba'ntliliкti кeltirip shıg'aradı.

Jumısqa qa'biletli ha'm jumıs islewdi qa'lewshilerdin' qanshasının' a'melde jumıs islep atırg'anlıg'ı ba'ntliliк da'rejesin bildiredi ha'm ol to'mendegishe anıqlanadı:

$$B_d = \frac{N}{M_r} \S 100 \%$$

Bul jerde, N – islewshiler sanı, $M_r$ – miynet resurslarnın' sanı.

Egerde ma'mleкette miynet resurslarının' sanı 120 mın', islewshiler sanı 108 mın' adamdı qurasa, onda

$$B_d = \frac{108\ 000}{120\ 000} \S 100 \% = 90 \%$$

Ba'ntliliк da'rejesi jumıs кu'shinin' qansha bo'legin bazar talap etкenligin bildiredi. Bul ma'mleкettin' eкonomiкalıq potentsialına ha'm eкonomiкanın' jag'dayına baylanıslı boladı. Eкonomiкalıq jaqtan rawajlang'an ma'mleкetler ushın miynetкe qa'biletli xalıqtın' 94 protsentinin' ba'nt bolıwı ba'ntliliкtin' ta'biyiy shegarası dep qabıl etilgen.

Miynet bazarındag'ı talap ha'm usınıs ten' salmaqlaqan jag'dayda tolıq ba'ntlilik ju'zege keledi ha'm bul ba'ntliliktin' ta'biyiy shegarada bolıwın bildiredi. Biraq bul ten' almaqlılıq ma'n'gi emes, sonlıqtan ba'ntlilik ha' jumıssızlıqtın' bolıwı bazar ekonomiasın xarakterlewshi ta'biyiy jag'day esaplanadı.

**Jumıssızlıq** miynet bazarında jumıs ku'shi usınısının' og'an bolg'an talaptan artıp ketiwi na'tiyjesinde jumısqa qa'biletli ha'm jumıs islewdi qa'lewshi adamlardın' bir bo'leginin' jumıs taba almay qalıwın an'latadı.

Jumssızlıq miynet bazarındag'ı ten'salmaqlılıqtın' buzılıwı na'tiyjesinde ju'zege keledi.

Jumıssızlıq zinin' kelip shıg'ıw sebepleri ha'm dawam etiwine qaray to'mendegi tu'rlerge blinedi:

1. **Friktsion jumıssızlıq** – bul miynetke qa'biletli adamlardın' jumıs ornın almastırıw jag'dayında waqtınsha jumıssız qalıwı

2. **Strukturalı jumıssızlıq** – bul o'ndiriste strukturalıq o'zgeriler sebepli payda bolatug'ın jumıssızlıq.

3. **Ma'wsimli jumıssızlıq** – bul jumıs ma'wsimi tamamlang'annan keyin aldın jumıs islep turg'anlardın' jumıssız qalıwı. Mısalı, wıl xojalıg'ında, qurılısta, turizmde t.b.

4. **Jasırın jumıssızlıq** – bul qısqartılg'an jumıs ku'ni yamasa jumıs ha'ptesinde ba'nt bolg'anlr.

5. **TSiklı jumıssızlıq.** Bul ekonomikalıq krizisler da'wirinde o'ndiristi qısqarıwına bylanıslı kelip shıg'atug'ın jumıssızlıq.

Fritsion ha'm strukturalı jumıssızlıq barlıq waqıtta bar bolıp, ol ta'biyiy jumıssızlıq dep ju'rgiziledi ha'm sog'an qaray jumıssızlıqtın' qanday ekenligi anıqlanadı. Jumıssızlıq mug'darlı o'lshemge iye bolıp, ol jumıızlıq da'rejesi dep ju'rgiziledi ha'm to'mendegishe anıqlanadı:

$$J_d = \frac{n}{M_r} \text{ § } 100\ \%$$

Bul jerde, n – jumıssızlar sanı, $M_r$ – jumısqa qa'biletliler sanı

Mısalı, miynetke qa'biletliler sanı 10 mln. adam, jumıssızlar sanı 0.5 mln. adam qurasa, onda jumıssızlıq da'rejesi 5 protsentti quraydı.

Jumıssızlıqtın' normativ shegaraı bar bolıp, rawajlang'an ma'mleketlerde onın' mug'darı 6 protsent dep belgilengen. Egerde ma'mlekette jumıızlıqtın' haqıyqıy da'rejesi, onın' ta'biyiy da'rejesinen 1 protsentke artıp ketse, onda ma'mleet jalpı ishki nimi 2.5 protsentke kemeyip ketedi (Ouken nızamına muwapıq).

## 13-tema. Finans, кredit-banк sisteması

1. Finanstın' ma'nisi ha'm wazıypaları. Ma'mleкetliк byudjet ha'm onın' finanslıq resurslardı qa'liplestiriwdegi a'hmiyeti
2. Salıq sisteması. Salıqlardı tu'rleri ha'm wazıypaları
3. Kredit ha'm banк sisteması

Ekonomikalıq qatnasıqlar sistemasında finans qatnasıqları ayırıqsha orındı iyeleydi. Sebebi bazar ekonomikası jag`dayında ekonomikalıq xızmettin` ha`r qanday tu`ri, aqsha qarjıları menen baylanıslı bolıp, ol finans qatnasıqların payda etedi.

Finans ekonomikalıq kategoriya sıpatında ken`eytirilgen udayı o`ndiriw protsessin ta`miyinlew ushın za`ru`r bolg`an aqsha resurslarının` fondın payda etiw, onı bo`listiriw ha`m paydalanıw boyınsha bolatug`ın ekonomikalıq qatnasıqlar sistemasın sa`wlelendiredi.

Ha`r qanday ekonomikalıq qatnasıq sıyaqlı finansta o`zinin` ob`ekti ha`m sub`ektlerine iye. Finanstın` ob`ekti aqsha resursları bolsa, onın` sub`ektleri bolıp ka`rxana, sho`lkemler, birlespeler, ma`mleket ha`m ayırım puxaralar esaplanadı.

Usı sub`ektler ortasında finans resurslarınan paydalanıw boyınsha ju`zege keletug`ın qatnasıqlar finans qatnasıqları bolıp tabıladı. Finans qatnasıqları ha`m olarg`a xızmet qılıwshı arnawlı sho`lkemler birgelikte ma`mlekettin` finans sistemasın quraydı.

Finans sisteması ma`mleketlik ha`m ma`mleketlik emes finanstan ibarat bolıp, bunda ulıwma ma`mleketlik finansqa ma`mleketlik byudjet ha`m ayırıqsha ma`mleketlik fondlar qiredi. Ekinshi tu`rdegi finansqa bolsa ekonomikanın` ma`mleketlik emes sektorındag`ı finanslar kiredi.

Finanslıq qatnasıqlarg`a ta`n bolg`an belgiler ha`m qa`siyetler finanstın` atqaratug`ın xızmetlerinde sa`wlelenedi. Finans tiykarınan to`mendegi xızmetlerdi atqaradı.

**Bo`listiriwshilik xızmeti.** Bunda finans quralları ja`rdeminde ha`r jılı ja`miyette do`retilgen ulıwma milliy o`nim, onın` tiykarg`ı bo`legi bolg`an milliy da`ramat ha`m toplang`an milliy baylıq xojalıq sub`ektleri ortasında bo`listirilip, aqsha fondlarına aylandırıladı. Bo`listiriw en` da`slep ka`rxana ha`m sho`lkemler ishinde a`melge asırılıp, xızmet haqı, payda, amortizatsiya sıyaqlı bir qatar fondlar ju`zege keledi. Ekinshi bo`listiriw ka`rxana, sho`lkemler ha`m ma`mleket ortasında bolıp o`tedi. Ma`mleket o`zinin` ha`r qıylı mexanizmleri ja`rdeminde ka`rxana qarjılarının` bir bo`legin o`z ıqtıyarına alıp, onı qayta bo`listiredi.

**Qızıqsındırıwshılıq xızmeti.** Bunda finans quralları arqalı xojalıq sub`ektlerin ekonomikalıq na`tiyjelilikke erisiwge, miynet o`nimdarlıg`ın arttırıwg`a umtıldıradı.

**Ja`miyetlik qorg`aw xızmeti.** Bul xızmeti aqsha fondları ja`rdeminde a`melge asırıladı. Xalıqtın` kem ta`miyinlengen bo`legi yag`nıy mayıplar, jetim balalar, qariyalar ja`rdemge mu`ta`j bolıp, olardı sotsiallıq jaqtan qorg`aw ma`selesi ma`mleket ta`repinen a`melge asırıladı. Ma`mleket ha`r qıylı arnawlı fondlar du`zip, bul fondlar arqalı ja`rdemge mu`ta`j ja`miyet ag`zaların minimal tirishilik qa`rejetleri menen ta`miyinleydi. Bul maqsette ka`rxana, sho`lkemlerdin` arnawlı fondlarınan, qayır saqawat fondlarınanda paydalanıladı.

**Ekonomikalıq xabar beriw xızmeti.** Bul xızmetinde xojalıq sub`ektleri ha`m ulıwma ja`miyettegi ekonomikalıq xızmetlerdin` finanslıq juwmaqları haqqında mag`lıwmat ha`m xabarlar berip barıladı.

**Auditorlıq xızmeti.** Bul xızmetinde ka`rxanalar, firmalar, kompaniyalardın` xojalıq finanslıq xızmetleri tekserilip, statistikalıq ekspertizadan o`tkerilip, olardın` finanslıq jag`dayı haqqında juwmaqlar islenedi. Bul xızmetlerdin` barlıg`ı da ha`r qıylı finanslıq qurallar ja`rdeminde iske asırılıp, bul qurallardın` jıyındısı finans mexanizmi ju`zege keltiredi.

Ma`mlekettin` finans sistemasında ma`mleketlik byudjet ayrıqsha orındı iyeleydi.

Ma`mleketlik byudjet ma`mlekettin` tiykarg`ı finanslıq jobası esaplanıp, onda ma`mlekettin` sotsial - ekonomikalıq rawajlanıwı ushın za`ru`r bolg`an aqshalay fondlardın` kelip tu`siwi, olardın` derekleri ha`m jumsalıwı ko`rsetiledi.

Ma`mleketlik byudjet-ma`mlekettin` oraylastırılg`an aqsha resurslarının` fondı bolıp, onın` tiykarg`ı xızmeti finanslıq qurallar ja`rdeminde ekonomikanın` na`tiyjeli rawajlanıwı ushın qolaylı jag`daylar jaratıp beriw ha`m ma`mlekettin` finanslıq bag`darlamasının` orınlanıwın sho`lkemlestiriwden ibarat.

Ma`mleketlik byudjet o`zinin` du`zilisi boyınsha eki bo`limnen turadı:

1. Da`ramatlar bo`limi.
2. Qa`rejetler bo`limi.

1-bo`limde da`ramatlardın` kelip tu`siw derekleri ha`m da`ramatlardın` summaları ko`rsetiledi.

Byudjet da`ramatları ka`rxana, sho`lkem ha`m puxaralardan kelip tu`setug`ın salıqlar, eksport ha`m importtan kelip tu`setug`ın da`ramatlar, bajı to`lemleri ha`m basqada da`ramatlar esabınan quraladı.

Byudjettin` 2-bo`liminde da`ramatlardın` jumsalıwı ko`rsetiledi. Ma`mleketlik byudjet qa`rejetleri to`mendegi bag`darlar boyınsha jumsaladı:

1. O`ndiristi rawajlandırıw;
2. Ma`mleketke qaraslı bolg`an o`ndirislik emes tarawlardı rawajlandırıw (bilimlendiriw, den sawlıqtı saqlaw, ma`deniyat h.t.b.);
3. Ma`mleketlik basqarıw uyımları ushın jumsalatug`ın shıg`ınlar;
4. Ma`mleket qa`wipsizligin saqlap turıwg`ajumsalatug`ın shıg`ınlar.

Byudjetke kelip tu`setug`ın da`ramatlar menen onın` shıg`ınları ortasında belgili bir ten`salmaqlıq saqlanıwı kerek!

Eger byudjet shıg`ınları onın` da`ramatınan artıp ketse byudjet qıtshılıg`ı kelip shıg`adı.

Byudjet qıtshılıg`ının` kelip shıg`ıwının` bir qatar sebepleri bar. Bul en` da`slep ma`mlekettin` ekonomikalıq ha`m ja`miyetlik wazıypalarının` ken`eyip barıwı menen baylanıslı. A`sirese bazar qatnasıqları jag`dayında ma`mlekettin` sotsiallıq sferadag`ı roli ku`sheyip baradı. Ma`mleketlik byudjet qarjıları esabınan ekonomikanın` jetekshi tarawların saqlap turıw, olardı investitsiyalar menen ta`miyinlew ma`seleleri de byudjet shıg`ınlarının` o`siwine ta`sir ko`rsetedi. O`ndiristin` tsikllıq to`menlewi jag`dayında ma`mleket byudjet qarjıları esabınan o`ndiristi investitsiyalap turıwg`a ma`jbu`r boladı. Sonlıqtan bunday sebeplerge baylanıslı kelip shıqqan qıtshılıqtı tsikllıq qıtshılıq dep aytıwg`a boladı. Ma`mleket ayırım jag`daylarda o`ndiristin` to`menlep ketiwinin` aldın alıw maqsetinde salıqlardı azaytıw ha`m ma`mleketlik shıg`ınlardı ko`beytiw ilajların da ko`riwi mu`mkin. Bunday jol menen payda bolg`an byudjet qıtshılıg`ı strukturalıq qıtshılıq bolıp tabıladı.

Byudjet qıtshılıg`ının` ekonomika ushın qanday ta`siri bar ekenligin anıqlaw ushın, onın` da`rejesin biliw kerek. Eger byudjet qıtshılıg`ı ma`mlekette o`ndirilgen ulıwma milliy o`nimge salıstırg`anda 2-5 protsentti qurasa, ol ekonomika ushın qa`wipli jag`day esaplanbaydı. Ha`zirgi waqıtta O`zbekstan Respublikası ma`mleketlik byudjetinin` qıtshılıg`ı eki protsentti quraydı.

Byudjet qıtshılıg`ın finanslastırıw salıqlar ha`m ma`mleketlik zaemlar ja`rdeminde a`melge asırıladı.

Salıq sisteması qa`dim zamanlardan baslap-aq ju`zege kelip, ol o`zinin` rawajlanıw tariyxında ha`r qıylı basqıshlardan o`tti. Salıqtın` kelip shıg`ıw tariyxına na`zer taslaytug`ın bolsaq ha`r qıylı da`wirlerde onın` ha`r qıylı formalarda ha`m ha`r qıylı usıllar ja`rdeminde o`ndirilgenligin ko`riwimizge boladı. Salıqtın` kelip shıg`ıw tariyxı qansha uzaq bolıwına qaramastan, salıq teoriyasının` qa`liplesip baslawı XVII - a`sirlerge tuwrı keledi.

Salıq - belgilengen nızamlar tiykarında byudjetke kelip tu`setug`ın ma`jbu`riy to`lew forması bolıp tabıladı.

Salıq ja`rdeminde milliy tabıstın` tiyisli bo`legi bo`listiriledi ha`m qayta bo`listiriledi. Salıqtın` a`hmiyeti onın` atqaratug`ın xızmetlerinde ko`rinedi ha`m bul wazıypalar to`mendegilerden ibarat:

1. Fiskallıq xızmeti bolıp, ol ma`mleket shıg`ınların finanslastırıw menen baylanıslı.
2. Ekonomikanı retlestiriw. Salıq ja`rdeminde ayırım tarawlarda o`ndiristi rawajlandırıwg`a ta`sir ko`rsetiw mu`mkin.
3. Bo`listiriwshilik xızmeti. Salıqlar o`ndiriwde ha`m onnan paydalanıwda bo`listiriw ha`m qayta bo`listiriw qatnasıqları payda bolıp, ol ma`mleket ta`repinen basqarılıp turıladı.
4. Ja`miyetlik qorg`aw xızmeti. Bul salıq jen`illikleri - yag`nıy salıqtan azat etiw, salıq stavkaların to`menletiw, salıq to`lew sha`rtlerin jen`illestiriw arqalı ju`zege keledi.

Salıq belgilew to`mendegi printsiplerge tiykarlanadı:

- salıq o`ndiriwdin` ma`jbu`riyligi, yag`nıy da`ramatlar qanday dereklerden kelip tu`siwine qaramastan olardan salıq o`ndiriledi;
- salıq o`ndiriwdin` ulıwma ja`miyetlik printsipi;
- salıq to`lewge uqıplılıq printsipi;
- sotsial a`dalatlıq printsipi.

Salıq sistemasın analizlewde olardı ha`r qıylı belgileri boyınsha tu`rlerge ajıratıp u`yreniw u`lken a`hmiyetke iye. Ekonomikalıq ma`nisi boyınsha salıqlar tuwrı ha`m janapay salıqlarg`a bo`linedi.

Tuwrı salıqlar bul tikkeley da`ramat yamasa mu`lkten alınatug`ın salıqlar. Bunday salıqlar tuwrıdan - tuwrı salıq sub`ektinin` o`zinen o`ndiriledi. Mısalı jer salıg`ı, mu`lk salıg`ı h.t.b.

Salıq ob`ekti iyesi emes, al tutınıwshılar to`leytug`ın salıq janapay salıqlar dep ataladı. Mısalı aktsiz salıg`ı. Byudjetke kelip tu`siwine qaray ma`mleketlik ha`m jergilikli salıqlar boladı.

Ma`mleketlik byudjetke kelip tu`setug`ın salıqlarg`a qosılg`an qun salıg`ı, aktsiz salıg`ı, ta`biyg`ıy resurslardan paydalang`anı ushın to`lemler, ka`rxanalar da`ramatınan alınatug`ın salıqlar, fizikalıq ta`replerdin` da`ramat salıqları kiredi.

Jergilikli byudjetke jer salıg`ı, fizikalıq ta`replerdin` mu`lk salıg`ı, turaq jay fondın saqlap turıw ushın alınatug`ın salıqlar ha`m ha`r qıylı jergilikli a`hmiyetke iye bolg`an to`lemler kelip tu`sedi. Salıq stavkalarının` xarakterine qaray proportsional, progressiv ha`m regressiv salıqlarg`a bo`linedi. Da`ramatlardın` ko`beyiwine qaray o`sip barıwshı stavkalarda belgilenetug`ın salıqlar progressiv salıqlar dep ataladı. Da`ramattın` ko`beyiwi menen protsent stavkası to`menlep barsa regressiv salıq boladı.

Proportsional salıq tu`rinde da`ramat ko`leminin` qanday bolıwına qaramastan salıq stavkası o`zgermeydi.

Paydalanıw xarakterine ko`re salıqlar ulıwmalıq ha`m arnawılı tu`rlerge bo`linedi.

Ulıwmalıq salıqlar byudjettin` ag`ımdag`ı ha`m kapital shıg`ınların finanslastırıwg`a bag`darlang`an salıqlar bolsa, arnawlı salıqlar belgili maqsetler ushın paydalanıladı.

Salıqtın` o`z xızmetlerin tolıq orınlawına erisiw ha`m salıq mexanizminen na`tiyjeli paydalanıw ma`mleket ekonomikasın turaqlastırıwg`a u`lken a`hmiyetke iye. Usını esapqa alg`an jag`dayda bazar qatnasıqlarına o`tiwdin` da`slepki basqıshlarınan baslap - aq ma`mleketimizde salıq reformaları a`melge asırıla basladı.

Salıq reformaların a`melge asırıwdag`ı en` tiykarg`ı printsiplerden biri - ka`rxanalar moyınındag`ı salıq awırlıg`ın jen`illetiwden ibarat.

Usıg`an muwapıq ha`r jılı ka`rxanalar da`ramatınan alınatug`ın salıq stavkalarının` mug`darı to`menletilip kiyatır. Bul o`z gezeginde ka`rxanalar qolında payda mug`darın ko`beytip, olarda o`ndiristi ken`eytiw mu`mkinshiligin beredi. Salıq reformaların a`melge asırıwda resurslardan alınatug`ın salıqlar, mu`lk salıg`ı, jer ha`m jer astı baylıqlarınan paydalang`anlıq ushın alınatug`ın salıqlar rolin ku`sheytiwde, bul tarawdag`ı a`hmiyetli ma`selelerden biri bolıp tabıladı.

Bazar ekonomikasının` en` a`hmiyetli mexanizmlerinen biri kredit sisteması bolıp tabıladı. Sebebi ha`zirgi zaman bazar ekonomikasın kredit - bank sistemasısız ko`z aldına keltiriw mu`mkin emes.

Kredit latın so`zinen alıng`an bolıp {**qarız**} degen ma`nisti an`latadı. **Ekonomikalıq kategoriya sıpatında kredit bos turg`an aqsha qarjıların ssuda fondı formasında belgili mu`ddetke haqı to`lew ha`m qaytarıp beriw sha`rti menen qarızg`a beriwdi ko`rsetedi.**

Kreditten paydalanıw boyınsha ju`zege keletug`ın qatnasıqlar kredit qatnasıqları dep ataladı ha`m ol qarız alıwshı menen qarız beriwshi ortasında ju`zege keledi.

Kredittin` ha`reket etiwinin` za`ru`rligi udayı o`ndiriw protsessinde kapitaldın` shen`berli aylanıs jasawı da`wirinde waqtınsha bos aqsha resurslarının` ju`zege keliwi bolıp tabıladı. Sonın` menen birge ekonomikanın` ayırım buwınlarında qosımsha aqsha qarjılarına za`ru`rlik seziledi. Bir ta`repten waqtınsha bos aqsha qarjılarının` hasıl bolıwı ha`m ekinshi ta`repten og`an mu`ta`jliktin` payda bolıwı kredittin` ha`reket etiwi ushın jag`day jaratıp beredi.

Kredittin` tiykarg`ı derekleri to`mendegilerden ibarat:

- o`nimlerdi satıw ha`m shiyki zat satıp alıw waqıtları arasında waqtınsha bos turg`an aqsha resursları;
- ka`rxanalardın` amortizatsiya fondları;
- ka`rxanalardın` o`ndiristi rawajlandırıw menen baylanıslı bolg`an ha`r qıylı fondları;
- xızmet haqı fondı;
- ka`rxanalardın` banklerdegi esap betinde saqlanatug`ın paydası;
- puxaralardın` bos aqsha qarjıları;
- ha`r qıylı rezerv fondları h.t.b.

Kredit o`zinin` bir qatar belgilerine iye bolıp, olardın` en` a`hmiyetlileri to`mendegilerden ibarat:

- qaytımlılıg`ı;
- mu`ddetliligi;

- to`lemliligi;
- maqsetliligi.

Yag`nıy kredit belgili mu`ddetke qaytarıp to`lew sha`rti menen, belgili bir maqsetke ha`m protsent norması tiykarında beriledi.

Beriliw mu`ddetine qaray kredit qısqa ha`m uzaq mu`ddetli boladı. Protsent norması - ssuda protsentinin` ssuda kapitalı mug`darına qatnası bolıp esaplanadı.

Kredittin` ma`nisin ha`m onın` o`ndiristi rawajlandırıwdag`ı a`hmiyetin tolıq tu`siniw ushın, kredittin` xızmetlerin ko`rip o`tiw talap etiledi.

Kredit birinshiden, qarjılardı qayta bo`listiriw arqalı o`ndiristi ken`eytiw ha`m rawajlandırıwg`a ta`sir ko`rsetedi.

Ekinshiden, o`ndiristin` u`zliksizligin ta`miyinleydi.

:shinshiden, aylanısqa kredit aqshaların shıg`arıw arqalı, naq aqshalardın` paydalanılıwın u`nemleydi. Mısalı, aqshag`a ten`lestirilgen to`lew quralları esaplang`an chek, veksel , sertifikatlardı aylanısqa shıg`arıp, bul arqalı aylanıs shıg`ınların da kemeytedi.

To`rtinshiden kredit ekonomikanı retlestiriw xızmetin atqaradı. Bunda ma`mleket kredit mexanizminen paydalana otırıp, xalıq xojalıg`ının` ayırım tarawları ha`m buwınlarının` rawajlanıwın ta`rtipke salıp otıradı.

Besinshiden, kredit tek g`ana aqsha qarjıların qayta bo`listirip qoymastan, kredit resurslarınan na`tiyjeli paydalanıwdı qadag`alaw xızmetinde atqaradı. Kredittin` bul xızmeti arnawlı kredit sho`lkemleri arqalı a`melge asırıladı.

Xalıq xojalıg`ında kredittin` ha`r qıylı formalarınan paydalanıladı: kommertsiyalıq kredit, bank krediti, tutınıwshılar krediti, ipotekalıq, ma`mleketlik, ma`mleketler ara kredit h.t.b.

**Kommertsiyalıq kredit** tiykarınan tovar formasında beriletug`ın kredit bolıp, ol ka`rxanalar ha`m sho`lkemler ortasında tovarlar haqısın belgili mu`ddetten keyin to`lew sha`rti menen beriledi.

**Bank krediti** bankler ta`repinen aqshalay tu`rde beriletug`ın kredit bolıp tabıladı. Kredittin` bul tu`ri ken` tarqalg`an bolıp, onın` bag`darı ha`m kredit kelisimlerinin` summaları sheklenbeydi.

**Tutınıwshılar krediti** - uzaq mu`ddette paydalanılatug`ın tutınıw tovarların satıp alıw ushın beriletug`ın kredit bolıp, ol kommertsiyalıq ha`m bank krediti formasında a`melge asırıladı.

**Ipoteka krediti** - ko`shpes mu`lkti girewge alıw arqalı uzaq mu`ddetke beriledi. Mısalı jer, o`ndirislik ha`m turaq jay imaratları.

**Ma`mleketlik kredit** - kredit qatnasıqlarının` o`zine ta`n forması bolıp bunda qarız alıwshı yamasa qarız beriwshi bolıp ma`mleket esaplanadı. Bunda ma`mleket byudjet qıtshılıg`ın qaplaw ushın ma`mleketlik zaemlardı aylanısqa shıg`aradı ha`m belgili mu`ddetten keyin olardı qaytarıp satıp aladı.

**Ma`mleketler ara kredit** - ssuda kapitalının` xalıq aralıq qatnasıqlar sferasındag`ı ha`reketin ko`rsetedi. Qarız alıwshı ha`m qarız beriwshiler bolıp bankler, ka`rxanalar, ma`mleket ha`m xalıq aralıq sho`lkemler esaplanadı.

Kredit qatnasıqların sho`lkemlestiriw ha`m rawajlandırıwda bankler tiykarg`ı orındı iyeleydi. Bank sisteması eki basqıshlı bolıp, ol Oraylıq bank ha`m kommertsiyalıq banklerdi o`z ishine aladı.

Kredit qatnasıqları sistemasında Oraylıq bank ayrıqsha a`hmiyetke iye bolıp, ol ekonomikanı makroekonomikalıq retlestiriw ha`m ma`mlekettin` kredit siyasatın a`melge asırıw wazıypasın atqaradı. Oraylıq bank qalg`an barlıq tu`rdegi banklerdin` jumıslarında ta`rtipke salıp otıradı. Sonlıqtanda onı banklerdin` banki dep te ataydı. Kommertsiyalıq bankler - universal xarakterdegi kredit sho`lkemleri bolıp, ol ka`rxanalar ortasındag`ı esap - sanaqlardı a`melge asıradı, da`ldalshılıq xızmetin, valyuta operatsiyaların orınlaydı.

Bulardan basqa qa`nigelestirilgen komertsiyalıq banklerde bolıp, olar xalıq xojalıg`ının` belgili bir sferası ha`m tarawlarına kredit xızmetlerin ko`rsetedi. Mısalı investitsiyalıq bankler, amanat saqlaw sho`lkemleri, ipoteka bankleri h.t.b.

Bankler aktiv ha`m passiv operatsiyalardı orınlaydı.

Passiv operatsiyası arqalı - ka`rxana, sho`lkem ha`m puxaralar qolındag`ı waqıtsha bos aqsha resursların banklerde ja`mleydi.

Aktiv operatsiyası arqalı bul resurslardı qayta jaylastıradı. Bank resursları olardın` o`zlerinin` qarjıları ha`m shetten tartılg`an resurslar esabınan qa`liplesedi. Bank resurslarının` tiykarg`ı bo`legin shetten tartılg`an depozit qarjılar quraydı.

Banklerdin` aktiv operatsiyalarında tiykarg`ı u`les kredit operatsiyaları ha`m bahalı qag`azlar menen bolatug`ın operatsiyalarg`a tuwrı keledi.
Ha`zirgi waqıtta bankler ta`repinen ko`rsetiletug`ın xızmet tu`rleri ha`m shegarası ken`eyip, bunda lizing ha`m faktoring xızmetleri de ken` tarqalmaqta

## Tiyкarg'ı tayanısh so'zler

Finans - aqsha resursları fondın qa'liplestiriў ha'm onnan paydalanıў boyınsha ju'zege кeletug'ın qatnasıqlar.

Ma'mleкetliк byudjet - ma'mleкettin' oraylastırılg'an aqsha resurslarının' fondı.

Byudjet qıtshılıg'ı - byudjet shıg'ınlarının' onın' da'ramatlarlarınan artıp кetiwi.

**Ma`mleketlik byudjet** - ma`mlekettin` oraylastırılg`an aqsha resurslarının` fondı.
**Byudjet qıtshılıg`ı** - byudjet shıg`ınlarının` onın` da`ramatlarlarınan artıp ketiwi.
**Salıq** - belgili nızam tiykarında byudjetke to`lenetug`ın ma`jbu`riy to`lem.

Aqsha aylanısı - tovar aylanısı ha'm tovar emes xaraкterdegi to'lewlerge xızmet кo'rsetiwshi naq aqshalar.

İnflyatsiya - qag'az aqshanın' qa'dirsizleniwi, onın' qunının' to'leniwi

Kredit - bos turg'n aqa qrjıların ssuda fondı formasında qrızg' beriw

Protsent norması - ssuda protsentinin' qarızg'a berilgen aqsha summasına qatnası.

Banкler - кredit qatnasıqlarına xızmet кo'rsetiwshi tiyкarg'ı sho'lкem.

Banк operatsiyaları - bos aqsha resursların jıynaw ha'm onı qayta bo'listiriw menen baylanıslı bolg'an operatsiyalar.

## Ta'кirarlaw ushın sorawlar

Finans degenimiz ne ha'm ol qanday wazıypalardı atqaradıW

Ma'mleкetliк byudjettin' finans sistemasında tutqan ornı qandayW

Byudjettin' da'ramatlar bo'liminin' tiyкarg'ı dereкleri nelerden ibaratW

Ma'mleкetliк byudjet qarjıları qanday bag'darlarda jumsaladıW

Byudjet qıtshılıg'ı degen ne ha'm onı кeltirip shıg'arıwshı tiyкarg'ı sebeplerdi aytıp o'tin'W

Byudjet qıtshılıg`ı degen ne ha`m onı keltirip shıg`arıwshı tiykarg`ı sebeplerdi aytıp o`tin`?
Salıq degenimiz ne ha`m ol qanday xızmetlerdi atqaradı?
Salıq tu`rlerin atap o`tin`?

Aqsha aylanısının' ma'nisin tu'sindirin'

Aylanıs ushın za'ru'r bolg'an aqshanın' mug'darı qanday faкtorlarg'a baylanıslı boladı

Aqsha aylanısı nızamının' ma'nisin tu'sindirin'

İnflyatsiyanı qanday sebepler кelitrip shıg'aradıW

İnflyatsiyanın' sotsial-eкonomiкalıq aqıbetlerin tu'sindirin'

Kredittin' ha'reкet etiw za'ru'rligin ha'm onın' ma'nisin tu'sindirip berin'

Kredittin' tiyкarg'ı xızmetleri nelerden ibaratW

Kredittin' tiyкarg'ı belgilerin кo'rsetin'W

Kredit qatnasıqların rawajlandırıwda banк sistemasının' tutqan ornın кo'rsetin'W

Banкler qanday operatsiyalardı atqaradıW Oraylıq banкtin' tiyкarg'ı xızmeti nelerden ibaratW

## 14-tema. Aqsha aylanıs ha'm inflyatsiya

1. Aqshanın' ma'nisi, tu'rleri ha'm wazıypaları
2. Aqsha aylanısıs ha'm onın' nızamı
3. İnflyatsiya,onın' кelip shıg'ıw sebepleri, tu'rler ha'm sotsial-eкonomiкalıq aqıbetleri.
4. Ma'mleкettin' inyalyatsiyag'a qarsı siyasatı

Ha`zirgi waqıtta ma`mleketimizde ekonomikalıq reformalardı tabıslı ju`rgiziwde aqsha siyasatı ayrıqsha a`hmiyetke iye.

Sebebi bazar ekonomikası jag`dayında ha`r qanday ekonomikalıq xızmet tu`ri aqsha menen baylanıslı bolıp, ol aqsha aylanısı nızamına say ha`reket etiwdi talap qıladı. Aqsha aylanısının` buzılıwı ma`mlekettegi makroekonomikalıq ten`salmaqlıqtın` buzılıwına alıp keledi.

Aqsha aylanısı nızamına muwapıq aylanısqa aqsha belgili mug`darda shıg`arılıwı kerek.

Aylanısqa kerekli bolg`an aqshanın` mug`darı to`mendegilerge baylanıslı boladı:

1. Almasıw ushın shıg`arılg`an tovarlar ha`m olardın` bahasının` summasına;
2. Aqshanın` aylanıs tezligine;
3. Qarızg`a satılg`an tovarlar summasına.

Aytılg`anlardı formula ja`rdeminde to`mendegishe ko`rsetiwge boladı:

$$A_a = \frac{T_б - X_k + X_T}{A_{a.T}}$$

Bunda:

$A_a$ - aylanısqa kerekli bolg`an aqshanın` mug`darı;

$T_b$ - almasıwg`a shıg`arılg`an tovarlar bahasının` summası;

$H_k$ - haqısı belgili mu`ddetten keyin to`lenetug`ın tovarlar bahasının` summası;

$X_t$ - haqısın to`lew mu`ddeti jetip kelgen tovarlar bahasının` summası;

$A_{a.t.}$ - aqshanın` aylanıs tezligi.

Eger aqsha aylanısqa kerekli bolg`an mug`dardan ko`p shıg`arılıp jiberilse, inflyatsiya payda boladı.

Inflyatsiya - qag`az aqshalardın` qa`dirsizleniwi, onın` qunının` to`menlewi bolıp esaplanadı. Inflyatsiyanı to`mendegi bir qatar sebepler keltirip shıg`aradı:

1. O`ndiristin` qısqarıwı;
2. Qa`rejetlerdin` ekonomikalıq mu`mkinshilikler shegarasında bolmawı;
3. Import tovarlar bahasının` o`siwi;
4. Aqsha arqalı inflyatsiyanın` kirip keliwi.

Inflyatsiya ma`mleket ekonomikası ushın qanday qa`wipti keltirip shıg`aratug`ınlıg`ın anıqlaw ushın inflyatsiyanın` o`siw pa`ti esaplanıladı. Inflyatsiya bahalar indeksi arqalı anıqlanadı.

Mısalı 2010 jılda 2000 jılg`a salıstırg`andag`ı inflyatsiya da`rejesin biliw ushın ag`ımdag`ı jıldag`ı bahalar indeksi menen bazis jıldag`ı bahalar indeksinin` ayırmasın bazis jıldag`ı bahalar indeksine salıstırıp ha`m onı 100% ke ko`beytiw arqalı esaplaymız.

O`siw da`rejesine qaray inflyatsiya: a`stelik penen o`siwshi, tez pa`t penen o`siwshi ha`m giperinflyatsiya tu`rlerine bo`linedi. Eger bahalardın` jıllıq o`siwi 10% ke shekemgi aralıqta bolsa a`stelik penen o`siwshi, 20% ten 200% ke shekem tez pa`t penen o`siwshi inflyatsiya boladı. Al bahalardın` ha`dden tıs o`siwi giperinflyatsiyag`a alıp keledi. Bunda milliy aqsha birliklerinin` qunı ju`da` to`menlep, og`an qızıg`ıwshılıq qalmaydı. Shet el valyutaların jıynaw, tovar sıpatındag`ı baylıqlardı toplaw sıyaqlı ha`reketler ku`sheyedi.

Kelip shıg`ıw sebeplerine qaray:

1. Talap inflyatsiyası;
2. Usınıs inflyatsiyası boladı.

Talap inflyatsiyasında almasıwdag`ı tovarlarg`a salıstırg`anda, aylanıstag`ı aqsha mug`darı ko`beyip ketedi.

Usınıs inflyatsiyası qa`rejetler inflyatsiyası depte ataladı ha`m ol resurslardın` qımbatlawı na`tiyjesinde, tovarlar usınısının` azayıwında ko`rinedi.

Inflyatsiya bahalardın` o`siwine alıp kelip, miyetkeshler massası awhalının` to`menlewine ta`sir ko`rsetedi.

## Tiyкarg'ı tayanısh so'zler

Aqsha aylanısı - tovar aylanısı ha'm tovar emes xaraкterdegi to'lewlerge xızmet кo'rsetiwshi naq aqshalar.

İnflyatsiya - qag'az aqshanın' qa'dirsizleniwi, onın' qunının' to'leniwi

Kredit - bos turg'n aqa qrjıların ssuda fondı formasında qrızg' beriw

Protsent norması - ssuda protsentinin' qarızg'a berilgen aqsha summasına qatnası.

Banкler - кredit qatnasıqlarına xızmet кo'rsetiwshi tiyкarg'ı sho'lкem.

Banк operatsiyaları - bos aqsha resursların jıynaw ha'm onı qayta bo'listiriw menen baylanıslı bolg'an operatsiyalar.

## Ta'кirarlaw ushın sorawlar

Aqsha aylanısının' ma'nisin tu'sindirin'

Aylanıs ushın za'ru'r bolg'an aqshanın' mug'darı qanday faкtorlarg'a baylanıslı boladı

Aqsha aylanısı nızamının' ma'nisin tu'sindirin'

İnflyatsiyanı qanday sebepler кelitrip shıg'aradı?

İnflyatsiyanın' sotsial-eкonomiкalıq aqıbetlerin tu'sindirin'

Kredittin' ha'reкet etiw za'ru'rligin ha'm onın' ma'nisin tu'sindirip berin'

Kredittin' tiyкarg'ı xızmetleri nelerden ibarat?

Kredittin' tiyкarg'ı belgilerin кo'rsetin'?

Kredit qatnasıqların rawajlandırıwda banк sistemasının' tutqan ornın кo'rsetin'?

Banкler qanday operatsiyalardı atqaradı?

Oraylıq banкtin' tiyкarg'ı xızmeti nelerden ibarat?

## 15-tema. Bazar екonomiкasın ta’rtipкe salıw. Ma’mleкettin’ екonomiкalıq roli

1. Екonomiкanı retlestiriwdin’ za’ru’rligi, ma’nisi ha’m maqseti
2. Bazar екonomiкasın retlestiriwdin’ teoriyalıq tiyкarları
3. Ha’zirgi zaman bazar екonomiкası jag’dayında ma’mleкettin’ екonomiкalıq wazıypaları

Ha`r qanday ekonomika o`zine ta`n bolg`an nızamları tiykarında rawajlanıp baradı. Bul protsess ja`miyetlik progressti ta`miyinlep otıradı. Egerde ekonomikalıq nızamlardın` ha`reket etiw mexanizmi buzılsa, olar burmalansa, onda ja`miyettin` rawajlanıwına keri ta`sir etiwshi mashqalalar kelip shıg`adı. Bul jag`day ekonomikanın` to`menlewine alıp keledi.

Ekonomikalıq turaqlılıqtı ta`miynlew ha`m ekonomikanın` rawajlandırıw ushın ekonomikanı retlestiriw za`ru`r.

Ekonomikanı retlestiriw - bul ekonomikadag`ı ha`r qıylı tarmaqlar xızmetlerinin` bir-birine baylanısıwın ha`m sa`ykes rawajlanıp barıwın ta`miyinlewdi an`latadı. Ekonomikanı retlestiriw eki usılda ju`z berdi: jobalı retlestiriw ha`m bazar mexanizmi (bazar usılı).

Birinshi usılda xojalıq xızmetleri (mayda - shu`ydesine shekem) bir oraydan jobalastırıladı. Bunda tiykarg`ı ekonomikalıq mashqalalar ( ne islep shıg`arıw? qalayınsha ha`m qansha islep shıg`arıw? kimler ushın?) dın` sheshiliwi ma`mleketlik jobada ko`rsetiledi. Bul joba xojalıq sub ektlerinin` barlıg`ı ushın ma`jbu`riy bolıp, onnan shetke shıg`ıw mumkinshiligi bolmaydı. Jobalı ekonomikada mu`ta`jlik (talap), o`ndiris ha`m resurslardı baylanıstırıwg`a umtılıw bolsa da, ol ku`tilgen na`tiyje bermeydi. Sebebi jobalastırıw arqalı ka`rxana xızmetin ja`miyet talabı (mu`ta`jligi) menen baylanıstırıw qıyın. Retlestiriwdin` bul usılı totalitar ekonomikalıq sistemag`a ta`n.

Retlestiriwdin` ekinshi usılı - bazar mexanizmi bazar regulyatorına (retlestiriw quralına) tiykarlanadı. Regulyatorlar arasında baha jetekshi orındı iyeleydi. Baha o`zgerislerine xojalıq xızmetlerinin` sa`ykeslesip barıwı ekonomikanı retlestirip turadı. Baha ekonomikalıq ha`reketlerdi o`z-ara baylanıstırıp, ekonomikada sa`ykeslestiriw wazıypasın atqaradı. Sonday aq baha o`ndiriwshiler menen tutınıwshılardı o`z-ara ba`sekelesiwge ma`jbu`rleydi, talap ha`m usınıstı bir-birine sa`ykeslestirip, bazar ten`salmaqlılıg`ının ornatadı. Biraqta, bazar mexanizmi ekonomikanı retlestiriwdi tolıq ta`miyinley almaydı. Sebebi, ha`r qıylı ob ektiv sebeplerge baylanıslı, mısalı, bahanın` ha`dden tıs joqarılap ketiwi, bazarda unamsız ha`reketlerdin` kelip shıg`ıwına, aylanısta zıyat aqshalardın` payda bolıwına, inflyatsiyanın` ku`sheyiwine alıp keliwi mumkin. Usıg`an baylanıslı ekonomikanı retlestiriwge ma`mleket aralasadı.

Ekonomikanı ma`mleketlik retlestiriw degende ma`mlekettin` o`z ilajları, o`zinin` ekonomikalıq siyasatları arqalı ta`kirar o`ndiris protsessine ta`sir etiwi tu`siniledi. Bul jag`day ekonomikalıq o`siwge ha`m xalıqtın` turmıs da`rejesinin` joqarılawına alıp keledi.

Bazar ekonomikasına tiykarlang`an ma`mleketlerde ekonomikanın` ma`mleket ta`repinen retlestiriliw sebeplerin biliw ushın tariyxqa ko`z jiberip o`teyik.

XIX a`sirdin` aqırlarında erkin ba`seke gu`resi u`lken korporatsiyalardın` ju`zege keliwine alıp keldi. Iri firmalar mayda ku`shsiz firmalardı gu`reste jen`ip shıg`ıp ha`m olardı jutıp jiberip ja`ne de u`lkeye berer edi. Bul ekonomikanın` bir qatar a`hmiyetli tarmaqlarında jag`daylardın` shiyelenisiwine, bir pu`tin tarmaqtı qadag`alawshı monopoliyalardın` ju`zege keliwine alıp keldi. Monopoliyalar basqa firmalardın` rawajlanıwına tosqınlıq jasap, bazarda joqarı monopol bahalardı keltirip shıg`ardı.

Solay etip, monopoliyalar erkin isbilermenlikke ha`m ekonomikada bazar qatnasıqlarına keri ta`sir ete basladı.

Tek g`ana monopoliyalar emes, al xalıqtın` erkin ba`seke gu`resi na`tiyjesinde ju`zege kelgen bay ha`m jarlılıq da`rejesinin` o`sip ketiwi ekonomikanı ma`mleket ta`repinen qadag`alaw za`ru`rligin keltirip shıg`ardı.

Ha`zirgi waqıtta ko`plegen ma`mleketlerde ekonomika ma`mleket ta`repinen retlestiriledi. Biraq ta onın` ku`shi ha`m qollanılıw da`rejesi ha`r qıylı. Mısalı, Frantsiya, Shvetsiya ha`m Avstriyada ku`shli bolsa, Germaniya ha`m AQSh ta ma`mlekettin` ekonomikag`a aralasıw joqarıdag`ı ma`mleketlerge salıstırg`anda ha`lsizlew. O`zbekstanda bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde ma`mleket o`zinin` ha`r qıylı ilajları ha`m siyasatları arqalı ekonomikag`a ko`birek (ku`shlirek) aralasadı. Sebebi bazar ekonomikasına o`tiwde basshılıqqa alınatug`ın printsiplerdin` birinde {ma`mleket - bas reformator bolıwı tiyis}, dep ko`rsetilgen.

## Bazar ekonomikasın retlestiriwdin` teoriyalıq tiykarları

Ekonomikanı retlestiriw boyınsha bazar ekonomikası teoriyasının` alımların sha`rtli ra`wishte u`sh ag`ımg`a ajıratıwımız mumkin. Olar keynsshiler, monetaristler ha`m sotsial liberalizm teoriyasının` ta`repdarları.

Keynsshiler ta`liymatında bazar ekonomikasının` teoriyası a`hmiyetli orın iyeleydi. Bul ag`ımnın` tiykarın salıwshı XX a`sirdin` ullı ekonomisti anglichan alımı Djon Meynard Keyns (1883-1943) esaplanadı. Onın` tiykarg`ı miyneti {Jumıs penen ba`nt bolıw, protsent ha`m aqshanın` ulıwmalıq teoriyası} (1936j) dep atalg`an. Bul miynet makroekonomikalıq ma`selelerge bag`ıshlang`an.

Keynsshiler ta`liymatında ekonomikanın` normal rawajlanıp turıwı ushın onı bazar mexanizmi arqalı retlestiriw jeterli emes. Sonlıqtan ma`mleket ekonomikag`a aralasıwı za`ru`r, sebebi ol talapqa ta`sir etiwi menen onın` da`rejesin ko`teriwi mumkin dep ko`rsetilgen. Olar talap da`rejesinin` ko`teriliwi degende ma`mleketlik ilajlar na`tiyjesinde talaptın` ken`eyiwin na`zerde tutqan.

Monetarizm ekonomikalıq teoriyada ken` tarqalg`an ag`ımlardın` biri. Bul ag`ımnın` ko`rnekli wa`killerinin` biri Miltan Fridman (1912 j) esaplanadı. Ha`zirgi zaman monetarizmine bir topar ekonomistler ta`repinen jazılg`an {Aqshanın` mug`darlı teoriyasına ta`n analizler (tadqiqotlar)} dep atalg`an miynet penen tiykar salıng`an. Bul ag`ımnın` tiykarg`ı ideyası-ekonomikalıq o`siwdi bazar mexanizmi ta`miyinleydi, bul mexanizmnin` tiykarg`ı quralı aqsha degen juwmaqtan ibarat.

Olardın` pikiri boyınsha ma`mlekettin` ekonomikag`a aralasıwı lektsiyanın` ku`sheyip ketiwine sebep boladı, sonın` ushın ma`mlekettin` ekonomikalıq xızmeti aqsha aylanısın retlestiriw menen shekleniwi kerek.

Bul eki teoriyalıq ag`ımlar ekonomikanı retlestiriw za`ru`rliginen kelip shıg`adı. Biraqta keynsshiler tiykarg`ı itibardı ma`mlekettin` ekonomikanı retlestiriw ku`shine qaratqan bolsa, monetaristler ekonomikanın` o`zin-o`zi retlestiriwshi ku`shi bolg`an bazar quralları bar, ma`mleket solarg`a jol berip ekonomikag`a kem (az) aralasıwın maqullaydı.

Sotsiallıq bazar xojalıg`ı yamasa sotsial-liberalizm ag`ım ekonomikalıq o`siwdin` u`shinshi jolına tiykar salg`an. Onın` ta`repdarları (wa`killeri) - T.Veblen,Dj.Gelbreyt, U.Mitchell, Dj.Kommans ha`m basqalar.

Bul ag`ımnın` kontseptsiyası bazar nızamlarına u`stemlik bergen halda ma`mlekettin` ekonomikanı retlestiriwden ibarat bolg`an jumısına to`mendegishe analiz beredi: ma`mlekettin` ekonomikalıq protsesslerge tikkeley aralasıwı qadag`an etiledi, biraqta ma`mlekettin` nızamshılıq xızmetleri arqalı bazar qatnasıqlarına jol ashıp beriw za`ru`rligin ta`n aladı.

Biz so`z etken teoriyalardın` barlıg`ı ju`da` a`hmiyetli teoriyalar bolıp, olardan kelip shıg`atug`ın a`meliy usınıslar tu`rli ma`mleketlerde tu`rlishe qollanıladı. Bul teoriyalar totalitar sistemasınan bazar ekonomikasına o`tip atırg`an ma`mleketlerde reformalardı o`tkeriw da`stu`rlerine tiykar bolıp xızmet etedi.

Ko`pshilik jag`daylarda tiykarg`ı itibar monetarizm kontseptsiyasına qaratılıp atır. Sebebi bul teoriya liberalizm sıyaqlı bazar mexanizmin tiykarlap beredi. Biraqta reformalar da`stu`rinde basqa teoriyalardın` usınısları da orın aladı. Mısalı, O`zbekstannın` bazar ekonomikasına o`tiw kontseptsiyasında u`sh teoriyalıq ag`ımdag`ı ilimiy juwmaqlar ha`m qag`ıydalardan ma`mleketimiz sha`rayatına sa`ykes keletug`ın ta`repleri tan`lap alınıp olardan unamlı paydalanıwg`a tiykarlanadı. Biraqta bul kontseptsiya bul teoriyalardın` ko`shirmesi emes. Onın` o`zine ta`n o`zgeshelikleri bar

## Ha`zirgi bazar ekonomikası jag`dayında ma`mlekettin` roli ha`m wazıypaları

Ma`mlekettin` menshik iyesi sıpatındag`ı belgisi bazar ekonomikası jag`dayında da belgili da`rejede saqlanıp qaladı. Biraqta onın` ekonomikadag`ı ornın menshiktegi u`lesi menen o`lshep bolmaydı. Sebebi ma`mlekettin` ekonomikanı basqarıwdag`ı a`hmiyeti, menshiktegi u`lesine qarag`anda joqarıraq. Sonın` ushın bazar mexanizmi orınlay almag`an wazıypalardı ma`mleket o`z moynına aladı ha`m ekonomikag`a aralasadı. Ma`mlekettin` ekonomikag`a aralasıwı onın` a`hmiyetli xızmetlerinin` birine aylanadı.

Bazar ekonomikası jag`dayında ma`mleket ekonomikanı retlestiriwge aralasa otırıp, bir qatar wazıypalardı orınlaydı. Bul wazıypalardın` tiykarları bolıp to`mendegi wazıypalar esaplanadı.

1. Ekonomikanın` rawajlanıwı ushın huqıq tiykarların du`ziw. Bul wazıypasında ma`mleket bazar ekonomikasın rawajlandırıw ushın ha`r bir taraw boyınsha o`z nızamların qabıl etip, ja`miyettin` ha`r bir ag`zasının` huqıq ha`m erkinliklerin qorg`ap baradı.

2. Ekonomikanı turaqlastırıw. Bunda ma`mleket inflyatsiya, monopoliya, jumıssızlıq sıyaqlı mashqalalarg`a qarsı ilajlar islep shıg`aradı.

3. Resurslardı bo`listiriw ha`m qayta bo`listiriw. Bul wazıypası arqalı ma`mleket milliy baylıqlarda (resurslarda) xojalıq sub ektleri arasında bo`listirip otıradı.

4. Milliy qa`wipsizlikti ta`miynlew ha`m xalıqtı sotsiallıq qorg`awg`a kepillik beriw.

Ma`mleket o`zinin` bul wazıypaların orınlay otırıp, ekonomikanı to`mendegi usıllar arqalı retlestirip otıradı: nızam shıg`arıw, salıq salıw, subsidiyalar beriw ha`m kredit arqalı . Bul jumıslar menen ma`mlekettin` ayrıqsha sho`lkemleri (nızam shıg`arıwshı, atqarıwshı t.b.) shug`ıllanadı.

Ma`mleket menshik ha`m isbilermenlik qatnasıqları, finans-kredit xızmetleri sıyaqlı jumıslardı rawajlandırıw boyınsha ha`r qıylı nızamlar shıg`arıp ekonomikanı retlestirip baradı. Qabıl etilgen nızamlar ha`reketi ma`mleketlik sho`lkemler ta`repinen qadag`alap barıladı.

Ma`mleket salıqlar arqalı da ekonomikanı retlestiredi. Salıqlar ma`mleketlik byudjettin` da`ramatlar bo`legin toltırıw menen sheklenbey, o`ndiristin` o`siwin yamasa qısqarıwın ta`miyinleydi. Salıqlardın` mug`darı ekonomikalıq jag`daylarg`a qarap o`zgerip turadı. (Bul haqqında o`tken temada aytılg`an edi).

Ma`mleket ekonomikanı retlestiriwge byudjet qa`rejetleri arqalı da erisedi. Bul protsess subsidiya beriw arqalı a`melge asırıladı. Subsidiya - bul ma`mleketlik byudjetten isbilermenlerge anıq maqset jolında jumsaw ushın beriletug`ın qarjılar. Subsidiya ma`mlekettin` finanslıq ja`rdemi bolıp, byudjetke qaytarıp berilmeydi. Subsidiyalar arqalı ma`mleket ka`rxanalardın` finanslıq jag`dayların jaqsılaydı. Subsidiya finanslıq sanatsiya quralı sıpatındı a`hmiyetli rol atqaradı.

Sanatsiya - bul firmalardı bankrotlıqtan qutqarıw maqsetinde, olardı finanslıq salamatlastırıw.

Sanatsiya ma`mleket ekonomikası ushın a`hmiyetli bolg`an firmalarg`a beriledi.

Ma`mleket bajı to`lemleri ha`m eksport litsenziyaları arqalı da ekonomikag`a ta`sir etedi. Import ushın bajı to`lemlerin joqarılatıp, ma`mleket ishki bazarg`a sırt el tovarlarının` keliwin sheklep, olardın` ba`seke gu`resinen milliy bazardı qorg`aydı.

Mısalı, AQSh hu`kimeti o`zinin` avtomobil sanaattın qorg`aw ushın Yaponiya avtomobil lerine ko`p mug`darda bajı to`lemlerin belgilegen.

Eksport litsenziyaları bazardın` ken`eyiwin bildiredi. Eksport o`sse ma`mleketke keletug`ın valyuta tu`simi ko`beyedi. Kelip tu`sken valyuta ekonomikanı bekkemlewge xızmet etedi.

Sonday-aq ma`mleket ekonomikag`a kredit sisteması arqalıda ta`sir etedi. Bunda ssudag`a beriletug`ın aqsha mug`darın o`zgertiw ushın protsent quralınan paydalanıladı. Kredit qatnasıqlarında Oraylıq bankler Oraylıq rezerv ssiteması wazıypasın atqaradı. Ma`mleket kreditke bolg`an talap ha`m usınıstı oraylıq rezerv sisteması arqalı o`zgertedi.

Bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde O`zbekstanda ma`mleket bas reformator sıpatında ekonomikanın` barlıq tarawlarında ekonomikalıq reformalardı izbe-izlik penen a`melge asırıp atır. Reformalardın` tiykarg`ı maqseti ekonomikanı turaqlastırıw ha`m xalıqtın` sotsiallıq turmıs da`rejesin ko`teriwden ibarat.

**<u>Tiykarg`ı tayanısh so`zler</u>**

<u>Ekonomikanı retlestiriw</u> - ekonomikadag`ı ha`r qıylı tarmaqlar xızmetlerinin` bir-birine baylanısıwı ha`m sa`ykes rawajlanıp barıwın ta`miynlew.

<u>Ekonomikanı ma`mleketlik retlestiriw</u> - ma`mlekettin` o`z ilajları, o`zinin` ekonomikalıq siyasatları arqalı udayı o`ndiris protsessine ta`sir etiwi.

<u>Keynsshiler ideyası</u> - ekonomikanın` normal rawajlanıwı ushın onı bazar mexanizmi arqalı retlestiriw jetkiliksiz. Sonlıqtan ma`mleket ekonomikag`a aralasıwı za`ru`r, sebebi ol talapqa ta`sir etiw arqalı onın` da`rejesin ko`teriwi mumkin dep ko`rsetilgen.

<u>Monetarizm ideyası</u> - ekonomikalıq o`siwdi bazar mexanizmi ta`miyinleydi, bul mexanizmnin` tiykarg`ı quralı aqsha degen juwmaqtan ibarat.

<u>Sotsial-liberalizm ag`ımının` kontseptsiyası</u> - ma`mlekettin` ekonomikalıq protsesslerge tikkeley aralasıwı qadag`an etiledi, biraqta ma`mlekettin` nızamshılıq xızmetleri arqalı bazar qatnasıqlarına jol ashıp beriw za`ru`rligin ta`n aladı.

<u>Subsidiya</u> - ma`mleketlik byudjetten isbilermenlerge anıq maqset jolında jumsaw ushın beriletug`ın qarjılar.

<u>Sanatsiya</u> - firmalardı bankrotlıqtan qutqarıw maqsetinde olardı finanslıq salamatlastırıw.

**<u>Ta`kirarlaw ushın sorawlar</u>**

1. Ekonomikanı retlestiriw za`ru`rligi neden ibarat ha`m retlestiriwdin` qanday usılların bilesiz?
2. Ekonomikanı ma`mleketlik retlestiriw degende neni tu`sinesiz? Mısallarda tu`sindirin`.
3. Keynsshiler, monetaristler ha`m sotsial-liberalizm ag`ımlarının` ideyalarının` ma`nisin ha`m olardın` bir-birinen o`zgesheliklerin ta`riyplep berin`?
4. Bazar ekonomikası jag`dayında ma`mlekettin` wazıypaları nelerden ibarat?
5. Ekonomikanı ma`mleketlik retlestiriw usılların tu`sindirin`.
6. O`zbekstandag`ı ma`mlekettin` ekonomikag`a aralasıw da`rejesin mısallarda tu`sindirin`.

## 16-tema. Xalıq da’ramatları ha’m ma’mleкettin’ sotsiallıq wazıypaları

1. Xalıq da’ramatları, onın’ tu’rleri ha’m dereкleri. Da’ramatlar ten’sizligi
2. Xalıqtın’ turmıs da’rejesi ha’m onın’ кo’rsetкishleri
3. Ma’mleкettin’ sotsiallıq siyasatı. O’zbeкstanda sotsiallıq siyasattın’ tiyкarg’ı bag’darları

Bazar ekonomikası jag`dayında kapital, isbilermenlik qa`bileti, jer ha`m jumıs ku`shi sıyaqlı resurs iyeleri o`z resurslarının` o`ndiris faktorı sıpatında paydalanıwına qaray da`ramat aladı. Bazar ekonomikasına ta`n bolg`an bo`listiriw nızamına muwapıq materiallıq o`nimler ha`m xızmetler resurslardın` bergen aqırg`ı na`tiyjesine qaray olardın` iyeleri ortasında bo`listirildi.

Jumıs ku`shinin` iyesi xızmet haqı, kapital iyesi payda, aqsha iyesi protsent, aktsiya iyesi dividend, jer iyesi renta tu`rindegi da`ramatlardı aladı.

Bir sub`ekttin` o`zi bir waqıttın` o`zinde ha`r qıylı dereklerden da`ramat alıwı mu`mkin. Mısalı, jumıs ku`shi bir waqıttın` o`zinde xızmet haqı ha`m aktsiya iyesi bolsa dividend tu`rindegi sonday-aq qarızg`a aqsha qoyg`an bolsa protsent tu`rindegi da`ramatlardı aladı.

Da`ramatlar aqshalay tu`rde ha`m natural formada boladı. Xızmet haqı, payda, protsent, pensiya , stipendiya sıyaqlı da`ramatlar aqshalay tu`rde alınadı. Da`ramatlar xızmet haqı esabına zatlay formada da alınıwı mu`mkin. Sonday-aq u`y xojalıg`ında o`zlerinin` tutınıwı ushın islep shıg`arılg`an o`nimler de natural tu`rdegi da`ramatlar boladı. Kelip tu`siw deregine qaray da`ramatlar miynet penen alıng`an da`ramatlar (xızmet haqı, isbilermenlik payda h.t.b) ha`m mu`likten alınatug`ın da`ramat (renta, protsent, dividend) bolıp bo`linedi.

Bazar ekonomikası jag`dayında bo`listiriwdin` ekvivalentlik printsipi ha`reket etedi. Demek, ha`r kim o`zinin` ja`miyetlik o`ndiriske qosqan u`lesine qaray da`ramat alıwı tiyis. Biraq bazar qatnasıqları jag`dayında bo`listiriwdin` insanıylıq qag`ıydalarıda ha`reket etedi. Bul qag`ıydanın` tiykarında ja`miyettin` ja`rdemge mu`ta`j ag`zaların ma`mleket ta`repinen qorg`aw ila`jları jatadı. Bunday ila`jlar tiykarındaqa`liplesetug`ın da`ramatlar bazarg`a ta`n bolmag`an da`ramatlar bolıp, og`an ma`mleketlik byudjetten beriletug`ın ja`rdemler, napaqalar kiredi.

Da`ramatlardın` quramına keletug`ın bolsaq, bunda tiykarg`ı orındı xızmet haqı tu`rindegi da`ramat quraydı. Rawajlang`an ma`mleketlerde onın` u`lesine ja`mi da`ramatlardın` 70-80 protsenti tuwrı keledi. O`zbekstan jag`dayında bolsa bul ko`rsetkish a`dewir to`men. Respublika xalqının` aqsha da`ramatlarının` quramında xızmet haqıdan kelip tu`setug`ın da`ramatlardın` to`men bolıwı bir qatar sebeplerge baylanıslı. En` da`slep ol respublika xalqının` ko`pshilik bo`legin ja`miyetlik qorg`awg`a mu`ta`j bolg`anlardın` qurawı ha`m xalıqtın` ishinde ja`miyetlik paydalı miynet penen shug`ıllanıwshılardın` az bolıwı menen tu`sindiriledi. Respublikada miynet resurslarınan paydalanıw koeffitsienti ele de to`men. Awıl ha`m qala xalqının` da`ramatlarının` qa`liplesiwinde de o`zgeshelikler bar. Qala xalqının` da`ramatlar quramında miynet da`ramatları joqarı bolsa, awıl xalqında awıl xojalıq o`nimlerin satıwdan kelip tu`setug`ın da`ramatlar joqarı u`lesti quraydı.

Keyingi jıllarda isbilermenlik xızmetinin` rawajlanıwına baylanslı isbilermenlik paydası tu`rindegi da`ramatlarda ko`beyip barmaqta.

Ulıwma aytqanda, da`ramatlar quramı ha`m ondag`ı ha`r qıylı da`ramatlar salmag`ı ha`r bir eldin` ekonomikalıq rawajlanıw jag`dayına, xalqının` quramına ha`m ma`mlekettin` alıp barıp atırg`an ja`miyetlik siyasatına baylanıslı boladı.

Bazar ekonomikası jag`dayında nızamg`a qarsı kelmeytug`ın ha`r qıylı iskerlik tu`ri menen shug`ıllana otırıp da`ramat tabıw mu`mkin.

Rejeli ekonomikadag`ı sıyaqlı bul jerde da`ramatlardın` joqarı shegarası da belgilenbeydi. Bul bazar ekonomikası jag`dayında da`ramatlar ten`sizligin keltirip shıg`aradı. Da`ramatlar ten`sizliginin` kelip shıg`ıwı ta`biyiy jag`day bolıp, ol to`mendegi sebeplerge baylanıslı:

1. Ta`biyiy-biologiyalıq faktorlar yag`nıy adamlardın` tuwma qa`biletleri, ku`sh quwatı, aqılı, jumısqa uqıplılıg`ı ha`rqıylı bolıwı sebepli, olar ha`r tu`rli mug`dardag`ı da`ramatlardı aladı.
2. Sotsiallıq faktorlar.

Adamlardın` bilim alıw, ka`sip iyelew, ha`r qıylı xızmetlerden paydalanıw ha`m o`z qa`biletlerin iske qosıw imkaniyatlarına baylanıslı, da`ramatlarda kelip shıg`atug`ın o`zgeshelikler.

3. Ekonomikalıq faktorlar. Ekonomikadag`ı qa`wip-qa`ter, krizislik jag`daylar, jumıssızlıq da`rejesi h.t.b.

4. Da`ramatlardag`ı ten`sizlik sem ya strukturasına da baylanıslı. Mısalı, sem yada jumıs islewshiler ko`p bolıp, aqsha tappaytug`ınlar az bolsa, olardın` da`ramatları ko`p boladı.

Xalıqtın` da`ramatlarındag`ı parıqlardı jan basına tuwrı keletug`ın da`ramat summasına qaray anıqlawg`a boladı. Da`ramatlardag`ı kelip shıg`atug`ın bunday ten`sizlikler da`ramatı azlardı jaqsı islep aqsha tabıwg`a iytermelep turadı.

**Xalıqtın` turmıs da`rejesi ha`m onın` ko`rsetkishleri**

Da`ramat tabıw tirishiliktin` quralı esaplanıp, ol turmıs da`rejesinde sa`wlelendiredi.
Turmıs da`rejesi- bul adamlardın` turmıslıq mu`ta`jliklerinin` qanaatlandırıw mug`darı bolıp tabıladı.
Turmıs da`rejesin anıqlaw ushın tirishilik minimumın biliw kerek.

Tirishilik minimumı adamlardın` ku`n ko`risi ushın za`ru`r bolg`an tutınıw buyımları ha`m xızmetlerdin` qunı menen belgilenedi.

Eger kimnin` da`ramatı jan basına esaplag`anda tirishilik minimumınan to`men bolsa, ol ka`mbag`al esaplanadı.

Ka`mbag`allıq mashqalası ma`mlekettin` rawajlanıw da`rejesine baylanıslı ha`m onın` shegarası ha`r bir eldin` jag`dayına qaray o`zinin` o`zgesheligine iye. Mısalı, Germaniya ushın 3000 marka alatug`ın sem ya ka`mbag`al dep esaplansa, al bunday sem ya Hindistanda toq sem ya bolıp esaplanadı.

Ka`mbag`allıq mashqasının` bolıwı ma`mleket ta`repinen ja`miyetlik qorg`aw ilajlarının` a`melge asırılıwın talap qılıp qoyadı. Xalıqtın` turmıs da`rejesi ju`da` to`menlep ketpewi, onın` ju`da` bay ha`m ju`da` jarlı qatlamlarg`a ajıralıp qalmawı ushın ma`mleket baylar da`ramatı esabınan ka`mbag`allar da`ramatın ko`beytip baradı.

A`dette turmıs da`rejesi degende biz adamlardın` a`melde tutıng`an o`nimlerin ha`m xızmetlerin tu`sinemiz. Sonlıqtan turmıs da`rejesinin` ko`rsetkishleri haqqında aytqanda onın` aqshalay - qunlay ha`m natural ko`rsetkishlerine toqtalıw kerek. Natural ko`rsetkishlerge jan basına tuwrı keletug`ın azıq-awqat o`nimleri, kiyim-kenshek, turaq jay maydanı, tutınıw buyımları kiredi. Turmıs da`rejesi ushın usı ko`rsetkishlerdin` mug`darı ha`m sıpatı u`lken a`hmiyetke iye. Biraq bul ko`rsetkishlerge tiykarlanıp turmıs da`rejesi haqqında anıq juwmaq shıg`ara almaymız. Sebebi qansha tovar ha`m xızmetler paydalanılg`anlıg`ı bahag`a da baylanıslı.

Sonlıqtan turmıs da`rejesin anıqlawda qunlay ko`rsetkishler de esapqa alınadı. Aqshalay ko`rsetkishlerde ju`da` ko`p, biraq en` a`hmiyetlisi real da`ramat bolıp tabıladı.

Real da`ramat-turmıs da`rejesin ulıwmalasqan tu`rde sa`wlelendiriwshi ko`rsetkish bolıp, ol da`ramattın` satıp alıwshılıq uqıplılıg`ın ko`rsetedi. Basqasha aytqanlda real da`ramat tutınıw tovarları ha`m ha`r qıylı xızmetlerde sa`wlelengen da`ramat bolıp tabıladı.

Jan basına tuwrı keletug`ın real da`ramattın` da`rejesi qansha ko`p bolsa, turmıs da`rejesi de sonsha joqarı boladı.

Xalıqtın` turmıs da`rejesinin` sapa ko`rsetkishleri de bar bolıp, og`an:

- -den sawlıqtı saqlaw jag`dayı;
- -ortasha o`mir ko`riw jası;
- -bilim da`rejesi;
- -xalıqtın` jumıs penen ba`ntligi;

ha`m basqada bir qatar ko`rsetkishler kiredi.

Xalıqtın` turmıs da`rejesin jaqsılaw, onın` mug`dar ha`m sapa ko`rsetkishlerin arttırıp barıw ma`mlekette alıp barılatug`ın sotsiallıq siyasatqa da baylanıslı.

Sotsiallıq siyasat -bul ma`mlekettin` da`ramatlardı bo`listiriwdegi ten`sizlikti jumsatıwg`a ha`m xalıqtın` kem ta`miyinlengen qatlamın ja`miyetlik qorg`awg`a qaratılg`an siyasatı bolıp tabıladı.

O`zbekstan Respublikasında bazar reformaları da`wirinde alıp barılatug`ın sotsiallıq siyasattın` tiykarg`ı bag`darları Prezidentimiz I.A.Karimovtın` "O`zbekstan ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw jolında" atlı miynetinde ha`r ta`repleme tolıq bayan etip berilgen.

**Tiykarg`ı tayanısh so`zler.**

Xalıq da`ramatları-xalıqtın` belgili da`wir ishinde aqshalay ha`m natural tu`rde alg`an da`ramatları.
Da`ramat ten`sizligi- ja`miyet ag`zaları da`ramatlarının` mug`darı boyınsha parıqlanıwı.
Tirishilik minimumı- adamlardın` ku`n ko`risi ushın za`ru`r bolg`an tutınıw buyımları ha`m xızmetlerdin` qunı.
Turmıs da`rejesi- adamlardın` turmıslıq mu`ta`jliklerinin` qanaatlandırılıw mug`darı.

Ka`mbag`al mashqalası-da`ramattın` jan basına esaplag`anda tirishilik minimumınan to`men bolıwı aqıbetinde kelip shıg`adı.

Sotsiallıq siyasat-ma`mlekettin` da`ramatlardı bo`listiriwdegi ten`sizlikti jumsatıwg`a ha`m xalıqtın` kem ta`miyinlengen ag`zaların ja`miyetlik qorg`awg`a qaratılg`an siyasatı.

**Ta`kirarlaw ushın sorawlar**

1. Xalıq da`ramatları degenimiz ne ha`m ol qanday dereklerden quraladı?
2. Da`ramatlar quramında tiykarg`ı u`lesti qaysı da`ramat quraydı?
3. Ne sebep da`ramatlar ten`sizligi kelip shıg`adı?
4. Turmıs da`rejesi qalay anıqlanadı? Onın` tiykarg`ı ko`rsetkishlerin atap o`tin`.
5. Tirishilik minimumı degenimiz ne?
6. Ne sebep ka`mbag`allıq mashqalası saqlanıp qaladı?
7. Ma`mlekettin` sotsiallıq siyasatı nege bag`darlang`an?

## 17-tema. Jer ju'zlik xojalıq ha'm xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlar

1. Jer ju'zlik xojalıq ha'm onın' rawajlanıw basqıshları
2. Xalıq aralıq ekonomikalıq integratsiya. O'zbekstan Respublikasının' jer ju'zlik xojalıqqa birigiwi
3. Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlar ha'm onın' formaları

Bazar ekonomikasının` ko`p a`sirlik rawajlanıwının` na`tiyjesinde XIX-a`sirdin` aqırı ha`m XX-a`sirdin` baslarında kapitalistlik xojalıq ko`rinisinde jer ju`zlik xojalıq payda boldı.

Jer ju`zlik xojalıq xalıq aralıq qatnasıqlar sisteması ha`m olardın` a`melge asıp barıw qurallarının` bir pu`tinliginen ibarat bolıp, onın` tiykarın xalıq aralıq miynet bo`liniwshiligi quraydı. Xalıq aralıq miynet bo`liniwshiligi ha`r qıylı ma`mleketler xojalıq xızmetinin` qa`niygelesiwin, olardın` tovar ha`m xızmetler jetkerip beriw za`ru`rligin bildiredi.

Jer ju`zlik xojalıq o`ndiriwshi ku`shlerdin` a`sirler dawamında rawajlanıwının`, milliy, regional ha`m ulıwma ja`miyetlik ko`lemde miynet bo`liniwshiliginin` u`zliksiz teren`lesip barıwının`, tu`rli ma`mleketler milliy o`ndirisinin` jeke ta`rtipten shıg`arıwı ha`m olardın` a`ste-aqırın ma`mleketler aralıq xojalıq sistemasına kirip barıwının` na`tiyjesi esaplanadı.

Jer ju`zlik xojalıq og`ada quramalı ekonomikalıq baylanıslardı an`latadı. Bul baylanıslar xalıq aralıq ko`lemde aralas ekonomikag`a ta`n baylanıslar bolıp, olar mazmunı boyınsha ha`r qıylı. Olar to`mendegishe eki topardag`ı qatnasıqlardın` sintezinen ibarat.

Birinshisi, taza bazar qatnasıqları.

Bul bazarda qa`liplesken baha tiykarında ekvivalent almasıw, o`z-ara ba`seke, aqsha menen aylanıs jasaw, payda tabıwg`a umtılıw sıyaqlı xızmetler a`melge asırıldı. Bunday qatnasıqlar ma`mleketler aralıq baylanıslarg`a ha`m firmalardın` xalıq aralıq xızmetine de ta`n.

Ekinshisi, birge islesiw ha`m o`z-ara ja`rdem qatnasıqları. Bul qatnasıqlar ekvivalentlik yamasa payda tabıw printsipine tiykarlanbaydı. Bul jerde ba`seke ornına birge islesiw, sheriklik baylanısları hu`kimlik etedi ha`m olar ja`miyetlik yag`nıy bazarlıq emes baylanıslar esaplanadı. Xalıq aralıq qatnasıqlarda olar ekinshi da`rejeli bolıp, sheshiwshi a`hmiyetke iye bolmaydı.

Jer ju`zlik xojalıq qatnasıq sıpatında o`z ob`ekti ha`m sub`ektine iye. Onın` ob`ektlerine xalıq aralıq ko`lemde resurslardın` bo`listiriliwi ha`m na`tiyjeli jumsalıwı, o`ndiristin` qa`niygelesiwi, ekonomikalıq integratsiya, sawda-satıq, ilimiy-texnikalıq birge islesiw, ekologiyag`a zıyan keltirmeytug`ın ekonomikalıq xızmet ju`rgiziw sıyaqlı qatnasıqlar kiredi. Al sub`ektlerine tu`rli ma`mleketler, xalıq aralıq ha`m milliy firmalar (trans milliy korporatsiyalar), birlespeler kiredi.

Jer ju`zlik xojalıqta ayırım ma`mleketler ma`lim tu`rdegi tovarlardı islep shıg`arıwg`a qa`niygelesedi ha`m olardı basqalarg`a jetkerip berip, jer ju`zlik bazardan o`zine kerekli tovar ha`m shiyki zatlardı aladı. Bunday qa`niygelesiw ma`mleketlerdin` ta`biyiy sha`rayatı, o`ndiris ta`jriybesi ha`m rawajlanıw da`rejesi menen belgilendi. Qaysı ma`mlekette qanday tovarlardı sapalı ha`m az qa`rejet penen o`ndiriw ushın mu`mkinshilik bolsa, sol ma`mlekette sol taraw rawajlanadı. Bunday rawajlanıw ma`mleketlerdin` resurslarına da baylanıslı. Mısalı, neft yamasa ren`li metallarg`a iye bolmag`an ma`mleketlerde neft sanaatı yamasa metallurgiya sanaatı rawajlanbaydı.

Jer ju`zlik xojalıqta ekonomikalıq baylanıslardın` formaları o`zgerip, onın` ko`rinisleri ko`beyip baradı, qatnasıwshılar shen`beri jan`a ma`mleketler esaplanıp ken`eyip baradı. Mısalı, XX a`sirdin` aqırına kelip bul shen`berge Orta Aziyanın` jas ma`mleketleri, sonın` ishinde O`zbekstanda kirip keldi.

Jer ju`zlik xojalıqtın` sub`ekti bolg`an tu`rli ma`mleketlerdin` ekonomikalıq rawajlanıw da`rejesi boyınsha bir-birine jaqınlasıwı bul xojalıqqa ta`n a`hmiyetli nızam esaplanadı. Biraq bul du`n ya ju`zlik ko`lemde ma`mleketler aralıq ba`seke shen`berinde bolıp o`tedi, bunda to`men rawajlang`an ma`mleketler ekonomikası joqarı rawajlang`an ma`mleketler ekonomikasına aylanıwı ju`z berdi. Mısalı, XIX a`sirdin` aqırında Angliya sanaatı en` rawajlang`an ma`mleket bolsa, XX a`sirdin` 70-jıllarına kelip AQSh, Yaponiya, Frantsiya, Germaniya, Kanada ha`m Italiya da rawajlang`an ma`mleketlerdi payda etti. XX a`sirdin` 80-jıllarının` ortalarına kelip, olardın` qatarına Aziyadag`ı en` industrial ma`mleketler dep atalg`an tu`slik Koreya, Tayvan , Singapur, Gonkong, Tayland ha`m Malaziya kelip qosıldı.

Jer ju`zlik xojalıqtın` ja`ne de bir a`hmiyetli belgisi onın` milliy ekonomikag`a ta`sirinin` ku`sheyip barıwı esaplanadı. Milliy ekonomika du`n ya ekonomikasının` strukturalıq bo`limine aylanadı. Teren`lesip baratırg`an miynet bo`liniwshiligi o`ndiristi xalıq aralıq ko`lemde qa`niygelestiredi,

na`tiyjede ha`tte u`lken ha`m ekonomikası rawajlang`an ma`mleketler de basqalar menen baylanıs qılmay turıp, o`z mu`ta`jligin qanaatlandıra almaydı.

Jer ju`zlik xojalıqta baylanıslardın` teren`lestiriwi xalıq aralıq integratsiyanı keltirip shıg`aradı ha`m integratsiya olardın` en` joqarı formasına aylanadı.

Ekonomikalıq rawajlanıwg`a ta`n belgilerdin` biri da`slep differentsiatsiyanın` (g`a`rezsizleniw, ajıralıw), son`ınan integratsiyanın` ju`z beriwi esaplanadı.

Differentsiatsiya ekonomikalıq xızmettin` o`z aldına g`a`rezsiz xızmetke aylanıwı, basqa firmalardan ajıralıp, o`zine ta`n a`hmiyetke iye bolıwın an`latadı. Xalıq aralıq ko`lemde bul protsess tu`rli ma`mleketler milliy ekonomikasının` o`z maqsetleri jolında g`a`rezsiz rawajlanıp barıwın bildiredi. Jer ju`zinde jan`a g`a`rezsiz ma`mleketler payda bolıp, olardın` ekonomikası g`a`rezsiz rawajlanadı.

Differentsiatsiya joqarı da`rejege jetkennen son` integratsiya baslanadı. Mısalı, Evropa ma`mleketlerinin` ekonomikası a`sirler dawamında g`a`rezsiz rawajlanıp kelgen ha`m XX a`sirdin` ekinshi yarımınan baslap bul ma`mleketlerde integratsiya baslandı.

Xalıq aralıq ekonomikalıq integratsiya ha`r qıylı ma`mleketler milliy ekonomikasının` o`z-ara jaqınlasıp ha`m birlesip ketiwi na`tiyjesinde bir pu`tin ma`mleketler aralıq xojalıqtın` payda bolıwın an`latadı.

Xalıq aralıq integratsiya ushın u`sh sha`rt talap etiledi. Birinshiden, mashinalasqan o`ndiris teren` qa`niygelesedi ha`m ol sırtqı baylanıslarsız rawajlana almaydı. Ekinshiden, tu`rli ma`mleketlerdin` ekonomikalıq da`rejesinde u`lken ayırmashılıq bolmaydı, olardın` da`rejesi bir-birine jaqın boladı. :shinshiden, tu`rli ma`mleketler territoriyalıq ulıwmalıqqa iye bolıp, olardın` tariyxıy rawajlang`an baylanısları boladı. Mine usı sha`rtler barlıg`ınan Batıs Evropadag`ı ekonomikalıq integratsiya XX a`sirdin` 60-jıllarında baslanıp, ha`zirde dawam etip atır. Arqa Amerikada territoriyalıq ulıwmalıq bolg`an bir jag`dayda ma`mleketler ekonomikalıq da`rejesi keskin o`zgeshelengenlikten integratsiya keshigip baslang`an. AQSh, Kanada ha`m Mekika integratsiyası o`tken a`sirdin` (XX-a`sirdin`) 90-jıllarına tuwrı keledi. Ko`rsetilgen u`sh sha`rt bolmasa integratsiya rawajlanbaydı. Sol sebepli Yaponiya rawajlang`an bolsa da, Batıs Evropa ma`mleketleri ha`m AQSh penen integratsiyalanbag`an.

Integratsiyalıq baylanıslardın` teren`lesip ha`m ken`eyip barıwına qaray integratsiyanı to`rt toparg`a bo`liwge boladı.

1. Erkin sawda zonasındag`ı integratsiya. Bul zonag`a qatnasıwshı ma`mleketler ortasında sawda jumısları erkin bolıp, bajı to`lemleri biykar etiledi. Bul jerde eksport ushın kvota ornatılmaydı. Kvota - bul ma`mleket ha`m  xalıq aralıq sho`lkemler ta`repinen tovarlardı islep shıg`arıw, olardı ekspert ha`m import etiw boyınsha sheklewlerdin` engiziliwi.

2. Erkin ekonomikalıq zonalar shen`berindegi integratsiya. Bul zonalar kompleks xarakterde bolıp, tek g`ana sawda emes, al sanaat xızmeti, bank xızmetleri, qamsızlandırıw jumısları ha`m texnologiya tarawında da integratsion baylanıslar ornatıladı. Bul zonalar ashıq zonalar dep ju`rgizilip, bul jerde ekonomikalıq xızmet erkin boladı.

3. Ulıwmalıq bazar shen`berindegi integratsion baylanıslar. Bunda ulıwma bazarg`a birlesken ma`mleketlerdin` milliy bazarları bir-biri ushın ashıq boladı. Milliy bazarlar birlesip ha`mme ushın bir bolg`an ulıwmalıq bazar ju`zege keledi. Milliy ekonomikalıq zonalar biykar etiledi. Yag`nıy ondag`ı ekonomikalıq tosqınlıqlar (bajı to`lemleri, kvota, tovarg`a qoyılg`an talap) en` to`men da`rejege keltiriledi. Bul jerde qatnasıwshı ma`mleketler arasında ekonomikalıq awqam du`ziledi. Mısalı, Evropa awqamı og`an 1857-jılı altı ma`mleket (Frantsiya, Italiya, Germaniya, Bel giya, Gollandiya ha`m Lyuksemburg) qatnasıwında tiykar salıng`an. 1873-1886-jıllarda og`an ja`ne altı ma`mleket (Ullı Britaniya, Daniya, Irlandiya, Gretsiya, Portugaliya ha`m Ispaniya) qosıldı. 1886-jılı barlıg`ı bolıp on bes ma`mleket birlestirildi. (Avstriya, Shvetsiya, Niderlandiya).

4. {Ekonomikalıq ha`m valyuta awqamı} shen`berindegi integratsiya - bul integratsiyanın` joqarı forması. Bul awqamg`a kirgen ma`mleketler ekonomika, siyasat ha`m valyuta tarawında bir jol tutadı. Mısalı, {Evro} valyutasının` aylanısqa kirgiziliwi.

Integratsiya baylanısları du`n yanın` barlıq territoriyasında ha`r qıylı formalarda rawajlang`an. Ma`selen, shıg`ıs ma`mleketleri ortasındag`ı {Ekonomikalıq birge islesiw} sho`lkemi. Ol 1964-jılı Iran, Turkiya, Pakistan ma`mleketlerinin` qatnasıwında du`zilgen. Og`an 1992-

1993-jıllarda Orta Aziya ma`mleketleri ha`m Azerbayjan qosıldı.

Arqa Amerika birlespesi - AQSh, Kanada ha`m Meksika.

Oraylıq Amerika ulıwma bazarı (TsAOR) - Gvitemala, Gonduras, Kosta-Rika (1976j), Nikaragua ha`m Sal vador.

Latın Amerika integratsiya assotsiatsiyası (LAI) - Meksika, Braziliya, Argentina, Chili, Venesuela, Kolumbiya, Peru, Ekvador h.t.b.

Qubla - Shıg`ıs Aziya ma`mleketleri assotsiatsiyası (ASEAN) - Burney-Darussalam, Indonetsiya, Malayziya, Singaptsr, Tayland, Filippin.

Xalıq aralıq ekonomikalıq integratsiyanın` ha`r qıylı formalarda rawajlanıwı xalıq aralıq miynet bo`liniwshiliginin` teren`lesiwinin` na`tiyjesinde a`melge asırıladı.

Xalıq aralıq miynet bo`liniwshiligi miynet bo`liniwshiliginin` en` joqarg`ı da`rejesi bolıp, ol ja`miyetlik miynettin` ha`r qıylı ma`mleketler ortasında bo`listiriliwin an`latadı. Onın` teren`lesip barıwı ma`mleketler ortasındag`ı ilim-texnika, o`ndiris, sawda-ekonomikalıq baylanıslardın` ob`ektiv tiykarı esaplanadı.

Xalıq aralıq miynet bo`liniwshiligi belgili ekonomikalıq qag`ıyda tiykarında kelip shıg`adı. Usı qag`ıydag`a tiykarlanıp qanday o`nimdi islep shıg`arıw ha`m eksport etiw qolay bolsa, sol o`nim basqalarg`a jetkerilip beriledi. Al qanday tovarda ma`mleket ishinde islep shıg`arıwg`a qarag`anda onı sırttan alıp keliw arzan bolsa, sol tovar import etiledi. Mısalı: Yaponiya ushın mashinalardı, AQSh ushın samolyotlardı, Kuveyt ushın neft ti, O`zbekstan ushın paxtanı, Hindistan ushın chaydı eksport etiw qolaylı.

Xalıq aralıq miynet bo`liniwshiliginin` tiykarg`ı eki forması bar: o`ndiristin` xalıq aralıq qa`niygelesiwi ha`m xalıq aralıq o`ndiris kooperatsiyası.

O`ndiristin` xalıq aralıq qa`niygelesiwi xalıq aralıq ko`lemde o`ndiristin` belgili o`nim islep shıg`arıw yamasa xızmet ko`rsetiwge maslasıwın bildiredi. Ol eki bag`darda rawajlanadı: o`ndirislik ha`m territoriyalıq.

Territoriyalıq qa`niygelesiw - tarawlar ishindegi, tarawlar aralıq ha`m ayırım ka`rxanalardın` qa`niygelesiwi bolıp bo`linedi.

O`ndiristin` xalıq aralıq kooperatsiyası o`zinin` rawajlang`an formalarında birge islesiwdin` ha`r qıylı sferaların o`z ishine aladı:

1. O`ndirislik - texnikalıq birge islesiw.
2. Kooperatsiyalasqan o`nimlerdin` satılıwı menen baylanıslı sawda - ekonomikalıq protsessler.
3. Texnikag`a satılıwınan keyingi xızmetin ko`rsetiw.

Kooperatsiyalıq baylanıslardın` du`ziliwinde to`mendegi metodlar qollanıladı:

1. Bag`darlamalardı birgelikte a`melge asırıw.
2. Kelisim tu`rinde qa`niygelesiw.
3. Qospa ka`rxanalardı du`ziw.

Xalıq aralıq miynet bo`liniwshiliginin` teren`lesiwi jer ju`zlik xojalıq shen`berinin` ken`eyiwine alıp keledi.

O`zbekstan o`zinin` siyasiy g`a`rezsizligin qolg`a kirgennen son` ekonomikalıq g`a`rezsizlik jolında du`n yanın` rawajlang`an ma`mleketleri menen ha`r ta`repleme baylanıslar du`ziw maqsetinde 1992-jılı 2-martta BMShg`a ag`za bolıp qosıldı ha`m sol jıldan baslıp ekonomikalıq birge islesiw sho`lkeminin` ag`zası boldı.

Bu`gingi ku`ni O`zbekstan du`n yanın` ko`plegen ma`mleketleri menen ha`r ta`repleme baylanıslardı ornattı.

2005-jılı O`zbekstannın` sırtqı sawda aylanısı 8,9 mlrd dollardı payda etken. Onın` 31,2 O` inen ko`biregi “MDA ma`mleketleri, 68,8 % basqa sırt el ma`mleketleri menen alıp barılg`an sawdanın` u`lesine tuwrı keledi. Olardın` arasında AQSh, Yaponiya, Germaniya, Frantsiya, Italiya, Ullı Britaniya, rawajlanıp atırg`an ma`mleketlerden Turkiya, Pakistan, Hindistan, Awg`anstan, Indoneziya h.t.b. bar. Sonday-aq Qıtay, Bolgariya, Vengriya, Pol sha, Koreya, Singapur, Gollandiya, h. t.b. ma`mleketler menen de sawda baylanısları jolg`a qoyılg`an.

O`zbekstan Evropa awqamının` Orta Aziyadag`ı en` iri sawda-ekonomikalıq sherigi esaplanadı. 1994-jıl oktyabr de O`zbekstan menen Evropa awqamı ortasında qatnasıqlar ornatıldı ha`m Bryusselde, Evropa awqamının` orayında O`zbekstannın` diplomatiyalıq elshixanası isley basladı. 1995-jılı Evropa awqamı menen O`zbekstan ortasında sheriklik ha`m birge islesiw haqqında sha`rtnama du`ziliw boyınsha ushırasıwlar o`tkerildi.

O`zbekstan ha`m Evropa awqamı ortasında toqımashılıq o`nimleri sawdası boyınsha sha`rtnama du`zilgen. O`zbekstanda Evropa awqamının` {tasis} texnikalıq ko`meklesiw da`stu`rleri rawajlanıp atır.

O`zbekstanda alıp barılıp atırg`an ekonomikalıq reformalarda xalıq aralıq miynet bo`liniwshiliginin` abzallıqlarınan o`nimli paydalanbaqta. O`zbekstanda ekonomikadag`ı en` a`hmiyetli proektlerdi a`melge asırıw ushın alıp kelingen (tartılg`an) investitsiyalar ko`lemi 1 mlrd AQSh dolların quraydı. Shet el investitsiyaları birinshi gezekte agrosanaat kompleksin rawajlandırıwg`a, respublikanın` eksport imka`niyatların ku`sheytiwge, kishi ha`m orta biznesti rawajlandırıwg`a h.t.b. respublika ekonomikası ushın a`hmiyetli bolg`an tarawlarg`a jumsalmaqta.

Respublikada ko`plep qospa ka`rxanalar payda boldı. Bulardın` barlıg`ı O`zbekstandı keleshekte qu`diretli elge aylanatug`ınlıg`ınan derek beredi. Sebebi prezidentimiz atap ko`rsetkenindey - {O`zbekstan - keleshegi ullı ma`mleket}.

Ha`zirgi rawajlang`an ha`m quramalasıp baratırg`an jer ju`zlik xojalıq ushın ekonomikalıq qatnasıqlar za`ru`r.Sebebi bul qatnasıqlar arqalı du`n ya ma`mleketleri arasında da ha`r qıylı xojalıq baylanısları qa`liplesedi. Sonın` na`tiyjesinde ekonomikalıq qatnasıqlardın` ha`r qıylı formaları kelip shıg`adı.

Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlardın` tiykarg`ı formalarına to`mendegiler kiredi:

- tovar ha`m xızmetlerdin` xalıq aralıq sawdası;
- kapital ha`m shet el investitsiyalarının` xalıq aralıq ha`reketi;
- jumıs ku`shinin` xalıq aralıq migratsiyası;
- ma`mleketler aralıq o`ndiris kooperatsiyası;
- xalıq aralıq valyuta-kridit qatnasıqları.

Bulardın` ha`r biri o`zine ta`n belgilerine iye. Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlarda tovar ha`m xızmetlerdin` xalıq aralıq sawda jetekshi orın iyeleydi. Xalıq aralıq sawda jer ju`zlik xojalıqtın` rawajlanıwı ushın og`ada za`ru`r. Sebebi ko`plegen ma`mleketler resurslarının` sheklengenligin esapqa alıp o`z mu`ta`jlikleri ushın barlıq tu`rdegi tovarlardı na`tiyjeli islep shıg`arıw imkaniyatına iye emes.

<u>Kapitaldın` xalıq aralıq ha`reketi</u> - bul kapitaldın` shet elde jaylasıwı ha`m xızmet etiwin an`latadı. Ol shet elge to`mendegi formalarda shıg`arıladı:

1. Jeke yamasa ma`mleketlik kapital formasında.
2. Aqsha ha`m tovar formasında. Sonın` ishinde, kapital shıg`arıw mashina ha`m u`skeneler, patentler, nau-xau ha`m tovar kreditleri formasında bolıwı mu`mkin.
3. Qısqa ha`m uzaq mu`ddetli kriditler formasında.
4. Ssuda ha`m isbilermenlik kapitalı forması.

XX a`sirdin` aqırına kelip xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlarda jan`asha ko`rinisler payda boldı. Bul ko`rinislerdin` biri xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlardın` en` ken` tarqalg`an forması jumıs ku`shinin` migratsiyası (ko`shiwi) esaplanadı. jumıs ku`shinin` migratsiyası miynet resurslarının` qolaylı jag`dayda jumıs penen ta`miyinlew maqsetinde bir ma`mlekette basqasına ko`ship o`tiwin an`latadı. Ol eki bo`limnen turadı: Emigratsiya ha`m immigratsiya. Emigratsiya - ma`mleketten basqa jaqqa (ma`mleketke) barlıq waqıtta jasaw ushın shıg`ıp ketiw, immigratsiya - ma`mleketke barlıq waqtta jasaw ushın kirip keliwdi bildiredi.

Jumıs ku`shinin` migratsiyası du`n yanın` jetekshi ma`mleketlerinin` to`men rawajlang`an ma`mleketlerdin` jumıs ku`shin awır ha`m az qaqı to`leytug`ın tarawlarda islewine tiykarlang`an.

Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlardın` rawajlanıwında valyuta-kredit qatnasıqları da belgili orın iyeleydi

Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasqlardın` rawajlanıwı xalıq aralıq huqıq normaları ha`m olardın` a`melge asırılıw instrumentlerine (xalıq aralıq ekonomikalıq kelisimler, kodeksler t.b.) tiykarlanadı.

Jer ju`zlik xojalıqtın` rawajlanıwı menen xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqları globallıq xarakterge iye bolıp, o`z sferasın ha`m formaların ele de ken`eytip ha`reket etedi.

O`ndiris protsessinde kapital ha`rekettin` ku`sheyiwi trans milliy korporatsiyalardı (TMK) ju`zege keltiredi. Olar kapitaldın` jer ju`zlik ko`lemde o`z-ara bo`listiriliwin ta`miynleydi ha`m xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlardın` rawajlanıwında a`hmiyetli faktorg`a aylanadı.

TMK bir neshe ma`mleketler milliy kapitalının` birigiwinen payda boladı yamasa ol bir ma`mleket kapitalına su`yene otırıp xalıq aralıq ko`lemde jumıs alıp baradı. Olarda ko`p mug`darda kapital toplanadı. TMKlar du`n ya ju`zlik ko`lemde ekonomikanın` jeke sektorına qoyılg`an kapitaldın` 1/3

bo`legin qadag`alaydı ha`m 2 trillion dollarg`a ten` kapitaldı investitsiyag`a shıg`ara aladı. Olar ko`birek jas ma`mleketlerge ko`p mug`darda investitsiya jaylastıradı.

BMShtın` ma`limlemesine tiykarlanıp XX-a`sidin` 90-jıllarının` ortalarında jer ju`zinde 40 mın` TMK bolıp, olar ha`r qıylı ko`rinislerge iye bolg`an. Olardan jigirması en` irileri esaplanadı. Olarg`a {Royel datch - Shell}, {Djeneral Motors}, {Ekosson}, {IBM} t.b. kiredi.

Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlar sistemasında xalıq aralıq sawdanın` ornı ayrıqsha. Xalıq aralıq sawda ma`mleketti ha`r qıylı tovarlar menen ta`miyinlew mu`mkinshiligin beredi. Xalıq aralıq sawdanın` ulıwma ko`leminin` 80 % i sırtqı sawda u`lesine tuwra keledi.

Xalıq aralıq sawda jer ju`zlik bazarda o`z ko`rinisin tabadı. Jer ju`zlik bazar - bul xalıq aralıq miynet bo`liniwshiligi arqalı bir-birine baylanıslı bolg`an tu`rli ma`mleketler arasındag`ı sawda qatnasıqlarının` jıyındısı. Bul bazar tovar-aqsha qatnasıqlarının` xalıq aralıq ko`rinisi.

Jer ju`zlik bazar tovarlar, xızmetler, finans, ilimiy miynetler ha`m miynet bazarlarınan turadı. Miynet bo`liniwshiligi qansheli teren`lesse, tu`rli ma`mleketlerdegi o`ndiris ko`lemi qanshelli o`sse, jer ju`zlik bazar sonsheli ken`eyedi, ol jerde satılatug`ın tovarlar ha`m xızmetler ko`beyedi. Na`tiyjede bazar qatnasıwshılarının` sanı da artadı.

Jer ju`zlik bazar o`zine ta`n infrastruktura arqalı ha`reket etedi. Bul infrastruktura xalıq aralıq tovarlar birjaları, fond birjaları, bankler, auktsionlar, finans-qamsızlandırıw kompaniyaları, sawda-sanaat kompaniyaları, jumısqa jallawshı firmalar xızmetinde sa`wlelenedi.

Jer ju`zlik bazar milliy bazarlardan o`zgeshelengen halda o`ndiristin` ma`mleketler aralıq qa`niygelesiwine ha`m sog`an qarap olardın` bir-birine tovar jetkerip beriw za`ru`rligine tiykarlanadı. Bul bazarda tu`rli ma`mleketlerdin` islep shıg`aratug`ın tovarlardın` barlıg`ı emes, al tovarlardın` ma`mleketler aralıq almasıwı za`ru`r bolg`an tu`rleri g`ana satıladı. Jer ju`zlik bazarda tovarlar assortimenti sheklengen. Olarg`a tiykarınan a`sbap-u`skeneler, neft , gaz, ko`mir, metall, paxta, da`n, chay, kofe, ju`n, ag`ash sıyaqlı o`nimler kiredi. Milliy bazardag`ı ko`pshilik tovarlar jer ju`zlik bazarda bolmaydı. Jer ju`zlik bazarda sawda-satıq tu`rli ma`mleketlerge tovar islep shıg`arıw qa`rejetleri ortasındag`ı ayırmashılıqqa tiykarlanadı. Bul ayırmashılıq eksport yamasa importtın` qolaylılıg`ın ta`miyinleydi. Eksport - ma`mlekette islep shıg`arılg`an tovarlardı sırt elge shıg`arıw, al import - sırt el tovarlarının` ma`mleketke keliwin an`latadı.Egerde tovardı ma`mleket ishinde o`ndiriw qa`rejetleri, onın` jer ju`zlik bazardag`ı bahasınan to`men bolsa, eksport qolaylı boladı. Al bul qa`rejetler joqarı bolsa import ju`z beredi.

Jer ju`zlik bazarda arnawlı bahalar - kontrakt bahalar ha`reket etedi. Bul bahalar xalıq aralıq ko`lemdegi talap ha`m usınıs qatnasıqların, sonın` menen birge ba`seke sha`rtlerin sa`wlelendiredi.

Jer ju`zlik bazarda ba`seke gu`resi tu`rli ma`mleketler ortasında bolıp o`tedi. Mısalı: jer ju`zlik paxta bazarında ba`seke AQSh, Qıtay ha`m O`zbekstan ortasında boladı.

Jer ju`zlik bazar milliy ekonomikanın` rawajlanıwına ku`shli ta`sir etedi.

Ha`tteki en` rawajlang`an ma`mleketler ekonomikası da jer ju`zlik bazarg`a baylanıslı. Sebebi jer ju`zlik bazar arqalı aqsha kapitalı, jumıs ku`shi, texnologiya sıyaqlı a`hmiyetli faktorlar ma`mleketler ortasında bo`listiriledi.

XX a`sirdin` ekinshi yarımınan baslap xalıq aralıq sawda joqarı temp penen rawajlana basladı. Bunın` sebebi du`n ya ma`mleketleri arasındag`ı ekonomikalıq qatnasıqlardın` ku`sheyiwi esaplanadı.

XX a`sirdin` 80-jılları Yaponiya du`n ya sawdasında belgili jetiskenliklerge eristi. Ol jer ju`zinde avtomobil ha`m ha`r qıylı u`skeneler o`ndirisinde birinshi orıng`a shıqtı.

Ha`zirgi jer ju`zlik sırtqı tovar aylanısında sanaatı rawajlang`an ma`mleketlerdin` u`lesi joqarı ko`rsetkishlerge iye. Mısalı, AQSh, Ullı Britaniya, Frantsiya, Germaniya, Italiya, Yaponiya, Bel giya, Niderlandiya, Shvetsiya, Shveytsariya, Kanada ma`mleketlerinin` u`lesin sırtqı tovar aylanısının` 55% tuwra keledi. Bul ma`mleketlerdin` xalqı jer ju`zi xalqının` 20 % in quraydı. Al du`n ya xalqının` 40 O`in quraytug`ın Qıtay ha`m Hindistan u`lesine jer ju`zlik tovar aylanısının` 4 % ke shamalası tuwra keledi.

Xalıq aralıq sawda bir qatar o`zine ta`n belgilerge iye:

1. Ekonomikalıq resurslardın` ha`reketshen`ligi ma`mleketler ortasında, ma`mleket ishindegige qarag`anda to`men boladı.

2. Ha`r bir ma`mleket ha`r qıylı valyutadan paydalanadı. Bul ma`mleketler ortasında xalıq aralıq sawdanı a`melge asırıwda belgili qıyınshılıqlardı tuwg`ızadı h.t.b.

Ma`mleketler xalıq aralıq sawda arqalı o`zlerinin` rawajlanıw da`rejelerin, o`ndiristin` ulıwma ko`lemin ko`beytiwi mu`mkin. Mısalı, O`zbekstan keyingi jıllarda o`zinin` sırtqı tovar aylanısın ku`sheytiw arqalı du`n ya ekonomikasında o`zinin` rolin ku`sheytip atır.

O`zbekstanda sırtqı sawda aylanısı ha`m onın` du`zilisi
(% esabında, 2010)

| | |
|---|---|
| Sırtqı sawda aylanısı | 100,0 |
| Eksport | 51,8 |
| Import | 48,2 |
| Eksport - ja`mi | 100,0 |
| sonın` ishinde: | |
| Tovarlar | 91,2 |
| Xızmetler | 8,8 |
| Import ja`mi | 100,0 |
| sonın` ishinde: | |
| Tovarlar | 95,0 |
| Xızmetler | 5,0 |

Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlardın` rawajlanıwında valyuta - kredit qatnasıqları belgili orın iyeleydi.

Aqshanın` jer ju`zlik xojalıqta ha`reket etiwi ha`m ha`r qıylı xalıq aralıq ekonomikalıq baylanıslarg`a (sırtqı sawda, jumıs ku`shi ha`m kapitaldın` migratsiyası, da`ramatlar, qarızlar, ilimiy-texnikalıq almasıw, turizm t.b.) xızmet etiwi menen baylanıslı ekonomikalıq qatnasıqlar xalıq aralıq valyuta-kredit qatnasıqları dep ju`rgiziledi.

Du`n ya ju`zlik ko`lemde ekonomikalıq baylanıslar ushın ulıwmalıq to`lew quralı bolmasa, xojalıq baylanısları ju`zege kelmeydi. Bul wazıypanı jer ju`zlik aqsha orınlaydı ha`m valyuta qatnasıqları payda boladı. Valyuta qatnasıqları milliy ha`m xalıq aralıq da`rejede bolıp o`tedi.

Milliy valyuta sisteması - valyuta qatnasıqlarının` milliy nızamlar menen belgilenetug`ın, sol ma`mlekette sho`lkemlestirilgen formasın sa`wlelendiredi. Xalıq aralıq valyuta sisteması - xalıq aralıq valyuta qatnasıqlarının` ma`mleketler aralıq kelisimlerde huqıqıy jaqtan bekkemlengen forması. Ol jer ju`zlik xojalıqtın` evolyutsiyası na`tiyjesinde payda boldı.

Xalıq aralıq valyuta sistemasının` tiykarg`ı elementleri bolıp:

- tiykarg`ı xalıq aralıq to`lew quralları (milliy valyutalar, altın, xalıq aralıq valyuta birlikleri - SDR, Evro);
- valyuta kursların belgilew ha`m onı uslap turıw mexanizmi;
- xalıq aralıq valyuta ha`m altın bazarının` du`zilisi;
- valyutanın` qaytarıwshılıq (likvidligi) jag`dayı;
- xalıq aralıq to`lewlerdi balanslastırıw du`zilisi;
- valyuta qatnasıqların ta`rtipke salıwshı xalıq aralıq sho`lkemler sisteması ha`reket etedi.

Xalıq aralıq valyuta qatnasıqları o`zinin` rawajlanıwında u`sh basqıshtı basıp o`tti. Birinshi basqısh altın standartı dep atalıp, ol XIX a`sirdin` aqırında stixiyalı tu`rde payda bolıp, XX a`sirdin` baslarına shekem (1879-1934) dawam etti. Bul basqıshta bir qatar ma`mleketlerdin` valyutaları sol ma`mlekettin` ishki bazarında altıng`a erkin almastırıldı. Altın standartı sisteması to`mendegi ko`rsetkishler menen xarakterlenedi: valyuta birliginin` altıng`a ten`lesiwi, altın bo`lekleri moneta erkin almasıwı; altınnın` erkin tu`rde eksport ha`m import etiliwi.

Ekinshi basqısh - altın devizli sistema (Bretton-Vudsk sisteması dep ataladı). Ol 1944-jıldan 1971-jılg`a shekem dawam etti. Bul sistemanın` tiykarında altın valyuta standartı (AQSh dolları) jatadı ha`m bul rezervler sıpatında altın ha`m dollar shıg`arıladı.

Ha`zirgi ha`reket etiwshi valyuta sisteması (u`shinshi basqısh) xalıq aralıq valyuta sisteması 1971-jılı payda bolıp, bul sistema basqarılatug`ın su`zip ju`riwshi valyuta sisteması dep ataladı. Sebebi ma`mleket ko`pshilik jag`dayda o`z valyutalarının` xalıq aralıq qunın o`zgertiw ushın valyuta bazarının` xızmet etiwine aralasadı. Xalıq aralıq valyuta sistemasındag`ı bul o`zgerisler qouy-jılı Kingstan (Yamayka)dag`ı kelisimge tiykarlanıp huqıqıy jaqtan bekkemlendi.

Ha`r qanday valyuta sistemasının` en` a`hmiyetli bo`limlerinen biri valyuta kursı esaplanadı. Valyuta kurs bir ma`mleket valyutasının` basqa ma`mleket valyutasındag`ı sa`wleleniwin an`latadı.

Valyuta kurslarına tiykarg`ı ta`sir etiwshi faktorlarg`a: milliy da`ramat ha`m o`ndiris shıg`ınlarının` da`rejesi, milliy tutınıwshılardın` real satıp alıw mu`mkinshiligi ha`m ma`mlekettegi inflyatsiya da`rejesi; valyutalarg`a talap ha`m usınısqa ta`sir etiwshi to`lew balansının` jag`dayı; ma`mlekettegi protsent stavkasının` da`rejesi; valyutag`a jer ju`zlik bazarg`a isenim h.t.b. kiredi.

Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlardın` rawajlanıwında xalıq aralıq kredit jetekshi orınlardın` birin iyeleydi. Xalıq aralıq kredit jer ju`zlik ko`lemde qarız beriw ha`m onı alıw qatnasıqları bolıp, onda tu`rli ma`mleketler, TMK lar ha`m xalıq aralıq sho`lkemler qatnasadı. Xalıq aralıq ssuda fondı waqtınsha bos aqsha qarjıları sıpatında iri bankler ha`m TMK larda, finans kompaniyaları ıqtiyarında toplanadı.

Kredittin` bul tu`ri eki bag`darda a`melge asırıladı.

1. A`piwayı (a`dettegi) kredit bolıp, ol xalıq aralıq aqsha bazarındag`ı talap ha`m usınıstın` ta`sirinde boladı ha`m bazarda payda bolg`an protsent tiykarında beriledi. Bunday kreditti bankler, TMKler ha`m Finans korporatsiyaları beredi.

2. Jen`illikli ha`m esheyin kredit bolıp, og`an protsent to`lenbeydi yamasa ju`da` az (to`men) protsent beriledi. Bunday kreditti bay ma`mleketler, ju`da` iri kompaniyalar ha`m xalıq aralıq sho`lkemler xalıq aralıq da`stu`rlerdi a`melge asırıw ushın beredi. Mısalı, 1993-jılı Evropa rekonstruktsiya ha`m rawajlanıw banki O`zbekstanda kishi biznesti qollap turıw ushın 60 mln. dollar kredit ajırattı.

Rawajlang`an ma`mleketlerde ma`mleketlik byudjet ha`m iri kompaniyalardın` esabınan ha`r qıylı aqshalay fondlar du`zilip, olardan tu`rli ja`rdemler ko`rsetiledi. Mısalı, O`zbekstanda bazar ekonomikasına o`tiwde ja`rdemlesiw ushın Evropa rekonstruktsiya ha`m rawajlanıw banki, jer ju`zlik bank, Ekropa awqamı esabınan kadrlardı biypul oqıtıw, sırt ellerde olardın` qa`niygeligin joqarılatıw sho`lkemlestirildi, ma`mleketler aralıq kelisimlerge studentler ha`m aspirantlar pulsız oqıtıldı, Germaniyanın` K.Adenaer, A.Gumbol t, AQShtın` B.Franklin, G.Soros fondları esabınan stipendiyalar beriledi.

## Tiykarg`ı tayanısh so`zler

Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlar - du`n ya ma`mleketleri arasındag`ı ha`r qıylı xojalıq baylanısları.

Eksport - ma`mlekette islep shıg`arılg`an tovarlardın` sırt ma`mleketlerge satılıwı. (shıg`arılıwı).

Import - sırt ellerde ma`mleketke tovarlardın` satıp alınıwı (alıp keliniwi).

Jumıs ku`shinin` migratsiyası - jumıs ku`shinin` bir ma`mleketten basqasına ko`ship o`tiwi.

Jer ju`zlik bazar - xalıq aralıq miynet bo`liniwshiligi arqalı bir-birine baylanıslı bolg`an ma`mleketler arasındag`ı sawda qatnasıqlarının` jıyndısı.

Xalıq aralıq valyuta sisteması - xalıq aralıq qatnasıqlardın` ma`mleketler aralıq kelisimlerde huqıqıy jaqtan bekkemlengen forması.

Valyuta kursı - bir ma`mleket valyutasının` basqa ma`mleket valyutasındag`ı sa`wleleniwi.

Xalıq aralıq kredit - jer ju`zlik ko`lemde qarız beriw ha`m qarız alıw qatnasıqları.

Jer ju`zlik xojalıq - xalıq aralıq qatnasıqlar sisteması ha`m onın` a`melge asırıp barıw qurallaranın` bir pu`tinligi.

Xalıq aralıq miynet bo`liniwshiligi - tu`rli ma`mleketler xojalıq xızmetlerinin` qa`niygelesiwin ha`m olardın` tovar ha`m xızmetler jetkerip beriw za`ru`rligi.

Xalıq aralıq ekonomikalıq integratsiya - ha`r qıylı ma`mleketler milliy ekonomikasının` o`z-ara jaqınlasıp, birigip ketiwi na`tiyjesinde bir pu`tin ma`mleketler aralıq xojalıqtın` payda bolıwı.

Kvota - ma`mleket ha`m xalıq aralıq sho`lkemler ta`repinen tovarlardı islep shıg`arıw, olardı eksport ha`m import etiw boyınsha sheklewlerdin` engiziliwi.

### Ta`kirarlaw ushın sorawlar

1. Jer ju`zlik xojalıq degen ne ha`m onın` milliy ekonomikag`a qanday ta`sir etedi?
2. Jer ju`zlik xojalıqtın` rawajlanıwın mısallarda tu`sindirin`.
3. Xalıq aralıq integratsiyanın` za`ru`rligi nede? Onın` qanday formaları bar?
4. Xalıq aralıq miynet bo`liniwshiligi nege tiykarlanadı?
5. O`zbekstannın` jer ju`zlik ekonomikadag`ı ornın tu`sindirin`.
6. Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlar ne sebep ha`r qıylı formalarg`a iye boladı? Olardın` tiykarg`ı formaların aytıp berin`.
7. Xalıq aralıq sawda qanday ko`rsetkishler menen xarakterlenedi?
8. Jer ju`zlik bazardın` milliy bazarlardan o`zgesheligin tu`sindirin`.
9. Xalıq aralıq valyuta sistemasının` rawajlanıw basqıshların ta`riplen`.
10. Xalıq aralıq kredittin` a`hmiyetin mısallarda tu`sindirin`.
11. O`zbekstannın` sırtqı ekonomikalıq baylanıslarına xarakteristika berin`.
12. Ma`mleket valyuta kursların turaqlastırıw ushın qanday ilajlardı a`melge asıradı (O`zbekstan mısalında tu`sindirin`).

## Paydalanılg`an a`debiyatlardın` dizimi:


1. Karimov İ.A. Jahon moliyaviy-iqtisodiy, O'zbeкiston sharoitida uni bartaraf etishning ywllari va shoralari. T. O'zbeкiston, 2009
2. Prezident İ.Karimovtın' «Joqarı ma'nawiyat-jen'ilmes кu'sh» miynetin u'yreniw ushın oqıw qollanba. No'кis 2008
3. Karimov I.A. Wzbekston – bozor munosabatlariga wtishning wziga xos ywli.T,1995
4. Karimov I.A. Wzbekston buyuk kelajak sari.T. Wzbekiston, 1999
5. Karimov I.A. Wzbekston XXI asrga intilmoqda.T. Wzbekiston, 1999
6. Karimov I.A. Wzbekston XXI asr busag`asida: xavsizlikka tahdid barkarorlik shartlari va taraqqiyot kafolatlari.,T. Wzbekiston. 1997

İ.Karimovtın' «Joqarı ma'nawiyat-jen'ilmes кu'sh» miynetin u'yreniw ushın oqıw qollanba. No'кis 2008.

8. Karimov I.A. "Imperiya da`wirinde bizdi ekinshi da`rejeli adamlar, dep esaplay-tug`ın edi"., "Nezavisimaya gazeta" xabarshısının` sorawlarına bergen juwapları 2005- jıl 14-yanvar ., QMU,2005 j
9. Karimov I.A Bizin` bas maqsetimiz – ja`miyetti demokratiyalastırıw ha`m jan`alaw, ma`mleketti modernizatsiyalaw ha`m reformalaw.Oliy Ma`jilistin` Nızamshılık palatası ha`m Senatının` qospa ma`jilisindegi bayanatı, 28.01.2005j,QMU,2005j
10. Karimov I.A. Jan`a turmıstı eskishe ko`z-qaras ha`m qatnaslar menen qurıwg`a bolmaydı. 2005-jıl 7- fevral ku`ni Aqsaray rezidentsiyasında Ministrler Kabinetinin` jan`a quramı menen o`tkerilgen ma`jilisinde so`ylegen so`zi,QMU,2005
11. Milliy g`a`rezsizlik ideyası;tiykarg`ı tu`sinikler ha`m printsipler.N.Qaraqalpaqstan-2001.
12. Abdullaev E. Bozor iqtisodieti asoslari.T. Mehnat-1997.
13. Abdullaev E. va boshkalar.Kredit:100 soval va javob.T.Mexnat-1996.
14. Abdullaev E,Koraliev T.Pul:100 soval va javob.T.Mexnat.1996
15. Abdullaev E. Solik. T. Mexnat. 1996.
16. Abdullaev E,Muftaydinov Q. Kichik biznesni boshqarish.T.Moliya-2003
17. Abdullaev E,Karimov F. Kichik biznes va tadbirkorlik asoslari.T.Mehnat-2000
18. Borisov E.F. Ekonomicheskaya teoriya.Uchebnik. M. Yurist .2000
19. Vidyapin V,Juravleva G,Gulyamov S. i dr.Ekonomicheskaya teoriya.T. IPK.Shark.1999g

G`ulomov S.S. Tadbirkorlik va kichik biznes. T.Sharq-2002

20. Kurs ekonomicheskoy teorii.pod obsh. Red. Chepurina M.N,Kiselevoy E.A. Kirov.ASA.1998
21. Kadirov A.Iqtisodiet nazariyasi.Wquv qullanma.TDTU-2002
22. Nazarbaev O,Sitmuratov T,Erejepova B,Kudaybergenova R,Dawletmuratov A, Rametullaeva L,Pirniyazova G.Ekonomikalıq teoriya.(okıu kollanba)N.Bilim-2001
23. Nazarbaev O.,Erejepova B. Ekonomikalıq teoriya.Elekttron qollanba.N.2003j.
24. Nazarbaev O,Erejepova B. Makroekonomika.Elektron qollanba. N.2004j.

25. Isakov J,Nazarbaev O,Erejepova J,Dawletmuratov A. Kishi ha`m orta biznesti rawajlandırıwda kredittin` roli. N. 2003j.
26. Rasulov M.Bozor iqtisodieti asoslari. T. 1999y
27. O'lmasov A,Sharifxwjaev M. Iqtisodiet nazariyasi.Darslik.T.Mehnat-1995y.
28. O'llmasov A.Iqtisodiet asoslari.T.Mehnat-1997.
29. O'l masov A. Iqtisodiyot nazariyasi. Toshkent-2006
31. Umarov K.Yu. Iktisodiet nazariyasi.Wquv qullanma.T.Universitet-2002
32. Shishkin A.F. Ekonomicheskaya teoriya.(ucheb.posob.)T-1,2. M.1996g
33. Shodmonov Sh,Alimov R,Jwraev T.Iqtisodiet nazariyasi.Wquv qullanma. Toshkent.Moliya.2002y.
34. İqtisodiuot nazariyasi» Shodmonov Sh, Gafurov U . «Fan va texnologiya» , 2005
34. Chjen V.A.Xususiylashtirish asoslari.T.IPK.Shark-1996.
35. Wzbekiston va jahon hamjamiyati. Jwraev S.,G`ofurov S.,Alimboev R. T., 2005 y
36. Wzbekiston va xalkaro tashkilotlar. Jwraev S., Jwraev T va boshqalar., T., 2005 y
37. B.Erejepova, R.Kudaybergenova. Eкономiкalıq teoriya. No'кis. Bilim 2007
38. Nazarbaev O, Erejepova B. İsbilermenliкtin' eкономiкalıq tiyкarları. T. 2009